hanya hati-hatilah
senjata bukan untuk berlaga
kujang dipasang di dada

6. Sebelum mulai merintis lapangan
kehidupan
uji diri meraih tujuan
sekali lagi aku mmeohon
catatlah oleh kalian
siramilah Pasundan nan indah
tempat dikau berbetah
dengan air *Cikahuripan* agar,
keagungan Pajajaran, agar
mewangi Siliwangi
tetap mewangi di alam jagat raya

7. Titiplah: Cahaya Pajajaran kami
janganlah dicemari
semoga maju dalam ketetapan diri
mulailah berjuang
'tuk meraih kesempurnaan
sempurna di alam kita
'tuk mengejar rasa penasaran
bekal dikau hidup di dunia
kita tutup kisah kita yang lalu
sambil tak lupa memuji syukur
kepada Yang Agung yang telah
menyelamatkan.

8. Mun panonpoe geus lingsir
ninggalkeun tapak kaliwat
mulas katineung hate
engke mah mo datang tandang
da acara geus lekasan
nyukupan waktu saminggu
nyumponan papagon Unpad

Kidung

9. Pun sapun ka sang rumuhun
ka Nu Agung maha leuwih
amit sun seja tamada
bilih kirang tata titi
pangampura nu diteda
neda sihing pangaksami

Muja Lagu **LIWUNG JAYA**

10. Bulungbung jalan sorangeun
langitna geus teu haleungheum
ngembat jalan ka isukan
anginna halon ngusapan
hatur nuhun ka Nu Agung
ngaijabah nangtayungan
pameredih abdi abdi
mugi langgeng miasih

KARATAGAN PAJAJARAN

11. Pajajaran lambang kamajuan
Panaratus jalan narawangan
Pajajaran panhunsi pangerti
sajatining harti nu hakiki
Pajajaran tempat nyiar elmu
ngagayuh panemu nu saestu
Pajajaran mupuk kamekaran
budi jeung pikiran kaahlian
Pajajaran kagurnita
sekar arum kaagungan lemah cai
hibar sinar Nusantara
tuduh jalan para seuweu siwi nagri

8. Bila matahari terbenam
meninggalkan bekas yang silam
mewarnai kenangan hati
yang takkan kembali lagi
dengan tamatnya acara
memenuhi waktu seminggu
menepati kebiasaan UNPAD

Kidung

9. Mohon ampun pada Sang
Rumuhun, pada yang Maha
Agung yang Maha Unggul
mohon izin mohon maaf
andai kurang kesopanan, maaf-Mu
kami pohonkan, mohon
keridoan hati

10. Terbentang jalan 'tuk dirintis
langit sudah tak mendung
terbentang jalan hari esok
angin terhembus halus mengelus
terimakasih Yang Maha Agung
mengabulkan melindungi
permohonan hamba-hambamu
semoga selamanya menyayangi kami

11. Pajajaran lambang kemajuan
peneratas jalan terbentang
Pajajaran tempat mencari ilmu
ilmu sejati yang hakiki
Pajajaran tempat mencari ilmu
mencari ilmu yang sejati
Pajajaran memupuk kemekaran
budi dan pikiran keahlian
Pajajaran termashur
bunga wangi Tanah Air
bercahaya Nusantara
petunjuk jalan para anak cucu

12. Wilujeng sumping adi-adi kuring
bagea datang baraya nu baris
tandang, isukan bareng berjuang
nyukcruk panemu nungtik pangarti
pibekeleun urang hirup gumelar di
papantunan

12. Selamat datang adik-adiku
selamat datang sanak sekeluarga
esok kita sama-sama berjuang
menelusuri ilmu
'tuk bekal kita hidup di alam
jagat raya

Lagu **SEKARMANIS**

13. Haturan, haturan
ginuluran laksana paneja
haturan, haturan
urang bareng nungtik nyiar luang
gelar di Pajajaran
jadi jejer sajatining jejer
muga mulus rahayu
lulus banglus laksana paneja

13. Selamat, selamat
selamat, terlaksanalah kiranya
cita-cita, selamat-selamat
kita sama-sama mencari
pengalaman, hidup di Pajajaran
jadi pokok sejati
semoga mulus rahayu
mulus terlaksana yang diidamkan

14. Kalawan muji syukur ka
Allah Subhanahu wataala,
ku jalan ieu, Pekan Orientasi
Study Universitas Negeri
Pajajaran tahun 1975 *ditutup*

14. Dengan puji syukur ke
Hadirat Illahi Robi,
dengan jalan ini, Pekan Orientasi
Study Universitas Negeri
Pajajaran tahun 1975 *ditutup*

15. Bray siang kuniang hudang
balebat sinar harepan
udagan ngolebat kokolebatan
ngolebat nyaangan udagan urang.

15. Cahaya siang membangunkan
sinar fajar harapan
yang diidam-idamkan terbayang
yang berkelebat menyinari tujuan kita

16. Cag,
run turun jati rahayu
bray siang banjaran bagja

16. Turunlah keselamatan yang sejati,
terang benderanglah tempat yang
berbahagia.

B. Bentuk

Selain dari pupuh *Asmarandana* dan *Kinanti,* puisi *sawer* ini semuanya ditulis dalam bentuk sajak bebas. Bentuk sajak disesuaikan dengan patokan dengan patokan lagu yang akan dibawakan.

Bait pertama dibawakan dengan lagu *Toya Mijil,* banyaknya larik dan suku kata cukup memadai, dalam arti *guruwilangannya* sangat tepat. *Guru lagu* tidak mengikat seperti halnya dalam pupuh.

Selingan lagu dalam bentuk sajak yang dibacakan seperti membaca puisi. Lagu *Ayun Ambing,* bait pertama 4 larik, tiap larik terdiri atas 8 suku kata, sesuai dengan kebutuhan lagu. Bait kedua 4 larik, banyaknya suku kata pada larik keempat terasa lebih dilagukan. Seharusnya 8 suku kata, di sini ada 12 suku kata.

ngan pacuan duhung lain keur adigung

Untuk ini si penutur terpaksa harus merangkaikan kata dipadatkan ucapannya, *pedotannya* seperti ini :

ngan pacuan/duhung lain keur adigung

Pupuh *Asmarandana* dilagukan dalam lagu *Candrawulan.* Guru lagu sudah memenuhi i-a-e-a-a-u-a. Guru wilangan adalah 8 suku kata tiap larik, juga memadai. *Pedotan* ada kejanggalan, seperti pada baris pertama: Mun *po/e* geus lingsir

kedua : ninggalkeun *ta/pak* kaliwat

ketiga : mulas *kati/neungna* hate

Pada baris lainnya sudah memadai pedotannya.

Lagu *Kidung* dalam pupuh Kinanti. *Guru lagu* dan *Guruwilangan* memenuhi syarat. Begitu pula *pedotannya* sangat tepat sekali dituturkan dalam lagu *Kidung.*

Lagu *Liwung Jaya* dalam bentuk sajak ada kejanggalan pedotan :

baris 1 : Balungbung *ja/lan* sorangeun

baris 5 : hatur *nu/hun* ka nu agung

baris lainnya memenuhi *pedotan* yang baik.

Lagu *Karatagan Pajajaran* dalam bentuk syair terdiri dari 3 bait, tiap bait 4 larik, tiap larik 8 suku kata. Bentuk ini disesuaikan dengan kebutuhan lagu

Sajak yang dipakai : a - a - b - b
a - a - b - b
a - b - a - b

Lagu *Sekar Manis* : Dalam lagu ini bentuknya ada yang menyalahi *pedotan.* Baris 2: ginuluran *laksa/na* paneja yang lainnya cukup memadai. *Guru lagu* ada yang lebih baris 6 ada 10 suku kata, seharusnya 8 suku kata.

C. Isi

(1) Tema dan Amanat

Tema: Pajajaran lambang kemajuan, tempat mencari ilmu, harum namanya setanah air, menyinari Nusantara, petunjuk jalan anak cucu negeri.

Amanat yang terkandung :

a) Siliwangi yang harus mewangi jangan dinodai, tugas penerus mewangikan wanginya Siliwangi

b) Keagungan Pajajaran masa lalu, tetap harus dipertahankan.

(2) **Susunan**

Terdiri atas pembukaan, inti dan penutup.

Pembukaan, mengiringi "barisan kerajaan" yang memasuki ruangan upacara, isinya mendeskripsikan keagungan kerajaan Pajajaran di bawah naungan raja Siliwangi

Inti : Berisi petuah bagi penerus, bagi warga UNPAD yang mempunyai beban sebagai manusia-manusia yang mewangikan Pajajaran. Mempertahankan kemashuran Pajajaran dengan jalan memupuk kemajuan budi pikiran dan keahlian. Petuah ini disampaikan pada para wakil peserta POS, waktu dilantik, pelaksanaannya disertai barisan penari.

Penutup: Dengan penyerahan kujang dari anggota baru kepada ketua POS disertai doa penutup, yang berisi pernyataan syukur pada Allah Subhanahu wataala, dengan selesainya POS UNPAD.

D. **Bahasa**

Bahasa yang dipakai, bahasa sehari-hari, tapi cukup puitis, diekspresikan dalam bentuk sajak yang manis.

"ngembat jalan ka isukan bulungbung jalan sorangeun
mangsa balebat geus rayrayan ngat langitna ceudeum keneh".

Pada sajak di atas tersirat arti yang dalam, yang tak terbaca sekilas. Pada kata-kata tersebut kita bisa mengambil arti bahwa jalan hidup yang akan kita jalani terbentang, walau setitik cahaya harapan mewarnainya, namun yang kita hadapi masih gelap. Ini berarti kita harus sanggup menerangi kegelapan itu dengan modal setitik cahaya tadi.

Ada larik dengan sajak yang manis seperti :

– ngajari*ng* ngalangla*ng*
ngajuru*ng* ti kalangge*ng*an
– mangka nanju*ng* dina adeg-adeg tangtu*ng*

Bahasa yang ekspresif terdapat pada pupuh *Asmarandana:*

– ninggalkeun tapak kaliwat
mulas katineungna hate
engke mah mo datang tandang

dari kata-kata di atas, pendengar bisa ikut tergetar, turut merasakan indahnya

kenangan yang hampir terlewat dengan selesainya POS. Satu hal yang menggambarkan bahwa banyak kenangan manis yang patut dikenang oleh mereka yang mengalaminya.

E. **Penilaian/Kesan Umum**

Puisi *sawer* pelantikan ini cukup mengesankan baik dalam bentuk maupun isi. Dibawakan dalam bentuk upacara adat. Fariasi lagu yang diselingi sajak cukup mewarnai keindahan *sawer.*

Lagu-lagu syahdu diseling lagu-lagu gembira dan bersemangat. *Candrawulan* dan *Kidung* memberi kesan magis, *Karatagan Pajajaran* : memberi kesan riang, semangat. Setiap lagu dan isi menonjolkan karakter tertentu yang cukup komunikatif memberi pesona tersendiri.

Keindahan puisi sawer ini tambah terasa agung bila dilaksanakan dalam upacara khusus yang khidmat dan memikat.

Spl 3
Pupuh
Drs. Dudung/Dedi Dirjaman
40 tahun
Dosen STIA/IKIP
Bandung

Kuna Sari

1. Sampurasun ka nu rawuh
sumeja unjuk tingali
ka warga saparakanca
ka wargi nu sami linggih
rido galih dek nyakseni
Sawer: Lulus STIA

2. Sami kagunturan madu
kaurugan menyan putih
reh maksana dinekanan
diijabah ku Hyang Widi
beunang kuru kentel peujit
hasil usaha laksana

Asmarandana

3. Eling-eling mangka eling

Kuna Sari

1. Mohon izin pada yang hadir
ada niat mempertunjukkan
pada kawan sekalian
pada famili yang hadir
dengan rido menyaksikan
sawer "lulus STIA"

2. Kita sama-sama berbahagia
karena maksud terlaksana
dikabulkan Yang Widi
hasil jerih payah
hasil usaha terlaksana

3. Semoga kita sadar

rumingkang di bumi alam
darma wawayangan bae
raga taya pangawasa
mun kasasar lampah
napsu nu matak kaduhung
badan nu katempuhan

bahwa hidup di dunia
ibarat kisah wayang saja
badan taklah berkuasa
andai kesasar perilaku
nafsu mengakibatkan penyesalan
badan yang menanggung akibatnya

Gunung Sari/Sinom Buhun

4. Awitan wiwitan nu iklas
iklas ti ati nu wening
wening pikir, wening rasa
rasa suci, rasa bersih
jirim hariring pepeling
ka sugri nu sami rawuh
manawi bahan katampi
pibekeleun ngambah dunya anu nyata

5. Sabadana hatur salam
malih para utusannana
ku kersana Nu Kawasa
Gusti anu Maha Suci
Reh maksud anu pinuji
geus kagembol geus kakemu
geus laksana sapaneja
diparengkeun aya bagja
tinggal ngala mangpaat dunya akherat

Gunung Sari/Sinom

4. Diawali keikhlasan
ikhlas dengan hati tulus
bening pikir bening rasa
rasa suci, rasa bersih
inilah lagu peringatan
bagi semua yang hadir
semoga bisa diterima
'tuk bekal menelusuri dunia yang nyata

5. Setelah menghaturkan salam
Puji bagi Yang Widi
Pada para utusannya
kehendak Maha Kuasa
Tuhan Yang Maha Esa/Suci
bahwa niat yang terpilih
sudah terlaksana, telah terjangkau
terkabul sebagaimana yang diharapkan
ditakdirkan beroleh kebahagiaan
tinggal "memetik" manfaat dunia akhirat

Kinanti Buhun

6. Mumbul pangdu'a ka manggung
ka manggung neda pangjaring
ka Gusti nu murbeng alam
ka Bapak cukangna aya
ka Ambu tunggul rahayu
sembaheun urang sadaya

7. Geus hasil nu dipimaksad
nyiar luang nyungsi harti
hese taya tatandingna
lamun teu teguh jeung yakin

Kinanti Buhun

6. Terhembus doa pada Yang Agung
memohon bimbingan
pada Tuhan semesta alam
pada Bapak penyebab ada
pada Ibu tonggak keselamatan
sembahan kita semua

7. Telah hasil yang dimaksud
mencari pengalaman mencari ilmu
sukar tiada bandingan
andai tak teguh dan yakin

ditambah diri prihatin
mo kahontal mo laksana

Kidung

8. Nyangking harti manggul elmu
cangkingan pamor kiwari
ampuh teu aya bangsana
pikeun pangjaga ka diri
ngajungjung ka lemah cai
katut Nagara jeung bangsa

9. Tapi omat tong adigung
lali ka diri pribadi
kena-kena geus digjaya
hiri dengki tambah jadi
jail ka sasama diri
tumiba hina salira

10. Anggur amalkeun sing estu
ngarah mangpaat ka diri
elmu henteu jeung amalna
mubah teu kaarah pasti
lir ibarat tangkal kai
henteu kaala buahna

11. Kalih ti eta saestu
tong lali ka asal jadi
almamater STIA
tempat hirup nyungsi harti
dipiara dipiati
dibela ku sarerea

12. Pangdua jadi panutup
ka Gusti anu sa hiji
mugi-mugi sadayana
diparengkeun parek rijki
ditambah adoh balai
keur ngemban Nusa jeung Bangsa

Amin Ya Robbul Allamin.

ditambah diri prihatin
taklah kan terjangkau
taklah kan terkabul

Kidung

8. Meraih ilmu dan pengetahuan
yang kini menjadi *pamor*
ampuh tak ada bandingan
untuk penjaga diri
menjunjung tanah air
berikut negara dan bangsa

9. Namun jangan tinggi hati
jangan sampai lupa diri
mentang-mentang sudah kuat
dengki menjadi-jadi
jahil kepada sesama
akibatnya diri hina

10. Amalkanlah dengan benar
agar bermanfaat untuk diri
sebab ilmu tampa amal
mubazir tidak berharga
ibaratnya pohon kayu
mubah tak terpetik buahnya

11. Selain itu yang penting
janga lupa asal tadi
almamater STIA
tempatmu mencari ilmu
pelihara dan sayangi
dibela oleh semua

12. Doa sebagai penutup
pada Tuhan Maha Esa
moga-moga semuanya
ditakdirkan banyak rizki
dijauhkan dari mala
'tuk mengemban Nusa bangsa.

Amin Ya Robbul Allamin.

B. **Bentuk**

Puisi *sawer* ini semuanya tertulis dalam bentuk *pupuh*, yakni *Kinanti*, *Asmarandana* dan *Sinom*. Susunannya sebagai berikut:

- 2 pupuh *Kinanti* dalam lagu *Kuna Sari*
- 1 pupuh *Asmarandana* dalam lagu *Jemplang Karang*
- 2 pupuh *Sinom* dalam lagu *Gunung Sari*
- 2 pupuh *Kinanti* dalam lagu *Kinanti Buhun*
- 5 pupuh *Kinanti* dalam lagu *Kidung*

Kaidah Pupuh: – *Guru wilangan* dan *guru lagu* pada setiap *pupuh* terpenuhi dengan sempurna.

Ada kesalahan pengaturan *pedotan*, pada dua larik :

bait 1 : pupuh *Kinanti* lagu *Kuna Sari* baris kedua:

Sumeja unjuk *ti/ngali*

bait 5 : pupuh *Kinanti* lagu *Kidung*

dipa/rengkeun parek rijki

C. **Isi**

(1) **Tema dan Amanat**

Tema yang tersirat pada puisi *sawer* ini adalah "Ilmu harus dimanfaatkan, supaya bermanfaat bagi diri. Ilmu yang tidak diamalkan adalah mubazir".

Amanat pada puisi *sawer* Ini:

a) Kalau kita tidak teguh dan yakin sambil prihatin, tentu yang kita idam-idamkan tidak akan terjangkau.
b) Kita tak boleh sombong karena merasa sudah kuat dan pandai, iri dan dengki mengakibatkan diri hina.
c) Ilmu harus diamalkan, supaya bermanfaat.
d) Jangan lupa pada tempat asal; Almamater, STIA.
e) Kita harus menjunjung tinggi tanah air.

(2) **Susunan**

Terdiri atas 3 bagian yaitu: pembukaan, inti dan penutup. Pada pembukaan: meminta kerelaan para hadirin untuk menyaksikan *sawer* bagi yang lulus STIA.

Inti: mendeskripsikan kebahagiaan dan kegembiraan semua fihak dengan berhasilnya para lulusan atas hasil jerih payah mereka.

Petuah bagi seluruh hadirin tentang kehidjpan, bahwa kita manusia sama

sekali tak berdaya; ibarat wayang, bila salah langkah, badanlah yang menanggung akibatnya.

Penutup: berupa do'a bagi semua.

D. **Bahasa**

Bahasa yang dipakai adalah bahasa sehari-hari, ada beberapa kata yang sekarang sudah kurang produktif dalam pemakaian sehari-hari, yang mungkin akan terdengar asing bagi para remaja masa kini. Misalnya :

– Sampurasun	– ka sugri
– rawuh	– saestu
– sumeja	– adoh balai

Terselip pemanis bahasa di antaranya :

a) Bentuk : *paribasa*

sami kaguntur**an** madu
kaurugan menyan putih

arti dari kalimat itu: mendapat kebahagiaan yang tidak terhingga.

b) Bentuk *purwakanti*

– *wening* pikir *wening* rasa
rasa suci *rasa* bersih

Dalam bahasa Sunda bentuk semacam ini disebut *purwakanti laras purwa.*

– hir*i* dengk*i* tambah jad*i*
– jir*im* harir*ing* pepel*ing*
– ka Bap*a* cukangn*a* ay*a*
– ka Amb*u* tungg*u*l rahay*u*
– ken*a*-ken*a* geus digjay*a*

Bentuk ini disebut *purwakanti laras wekas.*

Pengaruh bahasa lain ada terselip, umpamanya: *kalih* dari bahasa Jawa artinya 'kdua', *wiwitan* dari bahasa Jawa artinya 'mulai', *adoh*dari bahasa Jawa artinya 'jauh'.

E. **Penilaian**

Bentuk *pupuh* yang umumnya sesuai dengan kaidah, pemilihan lagu yang cocok, serta penempatan persajakan yang tepat, menambah bobot puisi ini. Isinya cukup berharga untuk diresapkan dan merupakan dorongan bagi peningkatan taraf hidup kejiwaan.

Spl 4
Syair
Ibu Adih; P
70 tahun
Dukun Bayi
Subang

A. **Teks dan Terjemahannya**

Sawer Pancasila

1. Sihapunten kulawargi
mugi-mugi pasti harti
pilihan umum nu asli
sari tina demokrasi

2. Pancen rayat eusi nagri
pilihan anu mimiti
konci tuan teu ngajadi
tambah DPR ngahiji

3. Mun hasil enggeus ngabukti
enteng beurat rayat bakti
matak pancen dipisurti
milih wawakil nu sajati

4. Aliran ngarupi-rupi
bebas milih idiologi
turutkeun kereteg ati
jauh tina hiri dengki

5. Mungguh jalma nu mangarti
nu aya di ieu nagri
tangtu tumpak intisari
sarerea mangka surti

6. Mangka awas jeung waspada
urang milih teh tos 3 kali
poma keuna ku robeda
tebihkeun tina gogoda

7. Menegakkan dasar negara
kewajiban kita semua
janganlah berlainan tekad
yang demikian hukumlah

1. Mohon maaf pada keluarga
semoga tetap dalam arti
pilihan umum yang asli
inti dari demokrasi.

2. Tugas rakyat isi negri
pilihan yang pertama kali
kunci tuan tidak menjadi
DPR tambah bersatu.

3. Bila hasil telah terbukti
ringan berat rakyat berbakti
tugas itu diketahui
memilih wakil sejati.

4. Aliran berwarna-warni
bebas memilih idiologi
ikutilah kata hati
jauh dari iri dan dengki.

5. Adapun orang yang mengerti
yang ada di negri ini
pasti berpegang pada intisari
semua harap mengerti.

6. Harap awas dan waspada
kita memilih sudah 3 kali
janganlah kena gangguan
jauhkan dari godaan.

7. Nangtungkeun dasar nagara
wajib urang sarerea
poma tekad pasalia
hukuman anu mulasara

8. Ingkar tina paksa pirusa
pancen milih balarea
lalaki sareng wanita
henteu aya beda-beda

9. Dalapan welas taun umurna
atos kawin sajabana
kajaba leungit akalna
eta teu aya wajibna

10. Kawajiban nu ti heula
garapan warga nagara
ngaaptarkeun ngaran nyata
ka panitia di desa

11. Ku ayana panitia
pamarentah nu ngaturna
pusat ka daerahna
geus disusun ti ayeuna

12. Di antara pangdeukeutna
lurah nu boga wajibna
di masing-masing desana
urang ka dinya daptarna

13. Lamun enggeus didaftarkeun
sami-sami dipikirkeun
suara ka saha mikeun
kudu ngukur bahan pakeun
ka wawakil anu pakeun

14. Balarea sadayana
wajib mikir ti ayeuna
supaya jadi laksana
milih wakil utama

15. Indonesia merdeka
dasarna ku Pancasila
berdaulat rahayatna
titip ka para wakilna

8. Jauhkan dari paksaan
memilih tugas semua
laki-laki dan wanita
tidak ada yang berbeda.

9. Delapan belas tahun umurny.
dan yang sudah kawin
kecuali yang hilang akal
itu tidak diwajibkan.

10. Kewajiban yang pertama
tugas dari warga negara
mendaftarkan nama
pada panitia desa.

11. Dengan adanya panitia
pemerintah yang mengatur
dari pusat sampai ke daerah
sudah disusun sejak kini.

12. Di antara yang terdekat
lurah yang berkewajiban
di tiap-tiap desanya
ke sana kita mendaftarkan diri.

13. Bila sudah didaftarkan
bersama-sama difikirkan
kepada siapa suara kita berikan
harus dipertimbangkan dahulu
memilih wakil yang seharusnya

14. Orang banyak semuanya
wajib berfikir dari sekarang
agar dapat terlaksana
memilih wakil utama.

15. Indonesia merdeka
dasarnya Pancasila
berdaulat rahayatnya
titip pada para wakilnya

Spl 5
Syair
Maemunah; P
47 tahun
Guru SD
Cirebon

A. **Teks dan Terjemahan**

Kidung Panganten Tiwu (Dewi Sahara)

1. Kidung nu jadi kawitan
Minangka pamuka jalan
Parantos cunduk ka waktu
Ngistrenan panganten tiwu

2. Kasaksian ku sadaya
Pangurus sapabrik gula
Malah ku rayat jalata
Katingal bukti nu nyata

3. Nyanggakeun wilujeng sumping
Ka sadaya anu ngaping
Anu mapah boh nu ngibing
Panganten tiwu kairing

4. Ngiring sang Dewi Sahara
Nu diantos ku sadaya
Karyawan sapabrik gula
teu kantun kulawargana

5. Parantos jadi tradisi
Dina sataun sakali
Ngayakeun kagumbiraan
Istilahna babacakan

6. Maksadna pangeling-ngeling
Yen bade ngawitan giling
Nu kawajiban ngagiling
Ti ayeuna tos caringcing

1. Kidung sebagai pembuka
seakan pembuka jalan
telah sampailah pada waktu
menobatkan penganten tebu

2. Disaksikan oleh semua
pengurus sepabrik gula
malah rayat jelata
terlihat bukti yang nyata

3. Selamat datang
kepada semua pembimbing
yang berjalan dan menari
pengantin tebu teriring

4. Mengiringi Dewi Sahara
yang ditunggu kita semua
karyawan sepabrik gula
tak tertinggal keluarga

5. Sudah menjadi tradisi
dalam setaun sekali
mengadakan pesta kegembiraan
istilahnya *babacakan*

6. Maksudnya memperingati
bahwa akan mulai menggiling
yang berkwajiban menggiling
dari sekarang bersiap

7. Karyawan siap siaga
Siap cangcut taliwanda
Bade mayunan tugasna
Kantun ngantosan saatna

8. Anu jadi kulawargi
Sami tos nyiapkeun diri
Niat ngurus nu utami
Iklas rido manah suci

9. Babacakan nu ayeuna
Diatur ku nu wajibna
Dipul di Sindanglaut
Sing jadi pangemut-ngemut

10. Lima pabri dihijikeun
Pamingpinna dikempelkeun
Danget ieu dibuktikeun
Hempak sami nyaraksikeun

11. Tiwu rayat teu saeutik
Meh saban desa ngarulik
Miara kalawan telik
Malar hasil kapimilik

12. Nanging nu giling mah pabrik
Nyaeta nu gerak-gerik
Kumaha sangkan utama
Hasil produksi utama

13. Anu jadi pamingpinna
Masing-masing pabrik gula
Nyurahkeun nu moal heran
tanaga sareng pikiran

14. Sadaya sami tihothat
Kana pangaturan taat
Disarengan manah sehat
Supados jadi manpaat

7. Karyawan siap siaga
mengencangkan *taliwanda*
hendak menghadapi tugas
tinggal menunggu saatnya

8. Yang menjadi keluarga
sudah menyiapkan diri
niat mengurus sebaik-baiknya
iklas dengan hati bersih

9. *Babacakan* sekarang
diatur oleh yang berkewajiban
dipusatkan di Sindanglaut
semoga jadi peringatan

10. Lima pabrik disatukan
pemimpinnya dikumpulkan
saat ini dibuktikan
sama-sama menyaksikan

11. Tebu rakyat tidak sedikit
hapir semua desa memiliki
memelihara dengan seksama
agar hasilnya dimiliki

12. Tapi yang menggiling pabrik
yaitu yang melaksanakannya
berusaha sebaik-baiknya
agar hasinya utama

13. Yang menjadi pemimpinnya
masing-masing pabrik gula
tentu telah mencurahkan
tenaga dan pikiran

14. Semua sama giat berusaha
pada peraturan taat
disertai hati sehat
agar lebih bermanfaat

15. Di luar tebanganana
Sinareng tanemanana
Di lebet mesin-mesinna
Diulik sangkansampurna

15. Di luar tebangannya
bersama tanamannya
di dalam mesin-mesinnya
diteliti supaya sempurna

16. Estu dina musim giling
Sanaos katingal cicing
Tetep hate mah motekar
Salempang gilingna bangkar

16. Pada waktu musim giling
walau tampak diam
hati tetap berusaha
jangan sampai gilingan tak berhasil

17. Tambih mayunan PELITA
Anu katilu tos nyata
Ieu ge kedah dihanca
Ku masyarakat sarerea

17. Dalam menghadapi Pelita
yang ketiga sudah nyata
ini pun harus dihadapi
oleh masyarakat seluruhnya.

18. Pamingpin nu kedah ngeprik
Sareng kedah ditalungtik
Sajumlah karyawan Pabrik
Ulah aya nu ngalintrik

18. Pemimpin harus mendorong
dan harus meneliti
semua karyawan pabrik
jangan ada yang berleha-leha

19. Sasarengan ngajeujeuhkeun
Adat melencing tebihkeun
Ngiring bakti ka nagara
Ulah rek aral subaha

19. Bersama-sama memelihara
adat pemalas jauhkan
turut berbakti pada negara
jangan menggerutu.

20. Mun PELITA tos ngabukti
Sukses taya kacuali
Sarerea bingah ati
Da urang tos ngiring bakti

20. Kalau Pelita terbukti
sukses tak terkecuali
semua bersenang hati
karena telah turut berbakti.

21. Mugi Gusti nangtayungan
Siang wengi diapingan
Ngajalankeun perjuangan
Taya halangan harungan

21. Semoga Tuhan melindungi
siang malam membimbing
menjalankan perjuangan
tiada aral melintang.

22. Ti direktur utamana
Miwah pamingpinna pabrikna
Duri kabawahanana
Sehat jiwa jasmanina

22. Dari direktur utama
dengan pemimpin pabriknya
sampai ke bawahannya
sehat jiwa jasmaninya.

23. Gusti maparinan rohmat Taopek sareng hidayat Pangaweruh nu mangpaat Ti dunya dugi acherat	23. Tuhan memberikan rahmat taufik dan hidayahnya pengetahuan yang bermanfaat di dunia dan akhirat.
24. Sakitu nu disuhunkeun Ka Gusti nu ngayugakeun Nu kawasa mahikikeun Pamugi dilaksanakeun	24. Itulah yang dimohon pada Tuhan Yang Kuasa Tuhan pembimbing semoga dilaksanakan
Amien.	Amien.

B. Bentuk

Sawer terdiri atas 24 bait syair. Setiap bait terdiri atas 4 bait yang bersajak a - a - a - a atau a - a - b - b. Dibawakan dalam lagu *Kidung*.

Kaidah *Kidung* yang benar kurang terpenuhi karena tiap bait hanya terdiri atas 4 larik. Ada kemungkinan penutur menembangkannya dengan cara mengulang dua larik dari setiap bait, atau mengambil dua larik dari bait berikutnya sehingga tiga bait bisa ditembangkan jadi dua *Kidung*.

C. Isi

(1) Tema dan Amanat

Temanya ialah, bila karyawan giat dan jujur bekerja, disertai bimbingan dan pengelolaan yang baik dari pimpinan, maka produksi akan baik untuk menunjang PELITA.

Amanat yang terkandung di dalamnya :

a) karyawan harus siap menghadapi pelaksanaan tugasnya;
b) para pemimpin harus mencurahkan tenaga dan pikiran disertai hati yang sehat dalam mengelola segalanya;
c) tanaman dan mesin-mesin diteliti dengan sempurna disertai keprigelan semua orang agar hasil tidak mubazir;
d) semua harus berbakti kepada negara dengan hati ikhlas;
e) bila PELITA berhasil, semua akan menikmati hasilnya karena telah ikut berbakti.

(2) Susunan

Dijadikan oleh bagian pembukaan, inti, dan penutup. Pembukaan tertera pada bait 1 dan 2, yang menyatakan bahwa *Kidung* dimulai, disaksikan seluruh hadirin, karyawan dan rakyat. Pada bait 3 dan 4 berisi ucapan selamat

datang serta menyatakan bahwa pengantin tebu telah datang disertai barisan upacara. Bagian inti terdapat pada bait 9 s/d 16, berisi deskripsi kegiatan pabrik. Bait 17 s/d 20 berisi nasihat kepada karyawan dan pemimpinnya dalam mengelola pabrik dan mengurus tanaman. Tersirat anjuran untuk turut berbakti pada negara dalam rangka PELITA. Bagian penutup berupa doa bagi petugas pabrik, dari direktur sampai bawahan, dan pada bait terakhir doa untuk umum.

D. **Bahasa**

Puisi *sawer* banyak mempergunakan kata-kata bahasa Indonesia, di antaranya: rayat jelata, siap siaga, gerak-gerik, tebanganana, kecuali, pengaturan.

Ada kesan bahwa penulis memaksakan suku kata akhir yang sama untuk memenuhi kebutuhan persajakan syair. Akibatnya ada kata yang diulang-ulang, seperti:

yen bade ngawitan *giling*
nu kawajiban *ngagiling*

atau dipaksakan sehingga hubungan kalimat tidak jelas, seperti:

danget ieu *dibuktikeun*
hempak sami *nyaraksikeun*

E. **Penilaian**

Ditinjau dari segi bentuk kurang memenuhi syarat kaidah lagu *Kidung*. Isinya terlalu penuh dengan nasihat yang terlalu umum, kurang menarik bila diterapkan dalam puisi karena tidak ada kelonggaran untuk pernyataan yang ekspresif dan emosional.

Bahasanya terlalu lugas, menggunakan bahasa campuran Indonesia dan asing, serta susunan kalimatnya banyak yang dipaksakan, sehingga tidak ada kesan magis dalam *sawer*.

4.3.6 **Puisi Sawer Ganti Nama**

Sg 1
Pupuh
R. Satja di Brata
88 tahun
Parahiangan no 28/I
11 Juli 1929
Jakarta

A. **Teks dan Terjemahannya**

Dangdanggula

1. Asma Allah anu murah asih
ngagelarkeun rahmatna nu nyata
mipit menit moro sekon
leresan tabuh satu
dinten Kemis ping genep Juni
taun sewu salapan
ratus salapan likur
ngabuktikeun rahmat mulya
takdir Gusti titis tulis mahluk gaib
kabupaten Sumedang

1. Dengan nama Allah yang pemurah
dan pengasih, melahirkan
rahmatnya yang nyata
bertepatan dengan waktu
(yang baik), tepat pukul satu
hari Kamis tanggal enam Juni
tahun seribu sembilan ratus
dua puluh sembilan, membuktikan
rahmat mulia, takdir Tuhan takdir
mahluk gaib kabupaten Sumedang

2. Unjuk nuhun miwah suci wening
ka sadaya kadang kulawarga
ka nu sepuh ka nu anom
nu sami kersa rawuh
maksa sareng rido panggalih
nungkulan ieu hajat
tawis asih tuhu
rumaketna kawargian
mugi-mugi Gusti sipat rahmat
rahim, maleskeun kasaean.

2. Menyampaikan ucapan terima
kasih dengan hati ikhlas
kepada semua handai dan keluarga
kepada yang tua dan yang muda
yang sudi datang
memaksakan diri dengan hati yang
rela, menghadiri selamatan ini
tanda kasih dan setia, tanda
kekeluargaan yang erat, semoga
Tuhan yang bersifat rahman rahim
membalas dengan kebaikan

3. Sareng mugi ageng sihaksami
tina bade ngedalkeun kandungan
sumeja neda panaksen
sadaya nu karumpul
wargi-wargi pameget istri
diteda pangdungana
muga lulus mjlus
parek rizki jauh bahla
ginuluran rahmat nugraha Yang Widi
sugeng dunya aherat

3. Dan mohon sudi memaafkan
sebab akan mengeluarkan
kandungan hati, agar disaksikan
oleh semua yang hadir
keluarga laki-laki perempuan
mohon doa restunya
semoga mulus sempurna
dekat rizki jauh dari bahaya
mendapat rakhmat dan anugerah Tuhan
selamat dunia dan ahirat

4. Tansah manteng panyiptaning ati
bade nulad para sepah-sepah
alur mulur limbrah kabeh

4. Tidak putus cita hati
ingin mengambil teladan dari orang tua
semua selalu melaksanakan kebiasaan

lumintu ti karuhun
sadayana digentos nami
disebat biantara
namung gentos tembang
katebak ku pajamanan
digentosan ku dangding gending
hariring, ngiring ka kalimbrahan

adat kebiasaan dari leluhur
semuanya berganti nama
disebut *biantara*
tetapi diganti dengan tembang
karena pengaruh zaman
diganti dengan gending
senandung *danding*
menyesuaikan diri dengan
kebiasaan.

5. Aom Ujang Sumarga keur alit
ditambihan jenengan ramana
ngalap barkah ongkoh amprok
sareng maksud pangagung
rempag ragem sadaya wargi
surup kana wandana
satria linuhung
wiwitan Rahden Sumarga
ditambihan Kusuma Dilaga nami
muga sami nyaksian.

5. Waktu kecil bernama
Aom Ujang Sumarga, ditambah
dengan nama ayahnya
agar mendapat berkah
lain dari pada itu
sesuai dengan kehendak penguasa
semua keluarga seia sekata
sesuai dengan penampilannya
satria yang tinggi (ilmunya)
semula (bernama) Rahden
Sumarga, ditambah dengan
nama Kusuma Dilaga, agar
semua ikut menyaksikan.

B. Bentuk

Pengarang menyusun puisi *sawer* dalam bentuk *pupuh* sebanyak lima bait. Kaidah pupuh Dangdanggula terpenuhi dalam segi jumlah larik, *guru lagu*, *guru wilangan* larik dan *pedotannya*. Akan tetapi demi kepentingan *guru wilangan* dan *guru lagu* itu beberapa kalimat tidak utuh dan dipaksakan, yang sebenarnya tidak memenuhi kaidah penyusunan *pupuh*. Contohnya terdapat pada :

1 : 6.7 taun sewu salapan
ratus slapan likur

5 : 3.4 ngalap barkah ongkoh amprok
sareng maksud pangagung

C. I s i

(1) Tema dan Amanat

Dua hal yang menonjol dalam teks *sawer* ini, ialah 1) permohonan maaf, ucapan terimakasih, dan permohonan untuk mendoakan yang diselamatkan kepada hadirin, 2) perlunya anak berganti nama, sesuai dengan adat kebiasaan yang turun-temurun.

(2) **Susunan**

Berdasarkan pemenggalan isinya, *sawer* dapat dibagi menjadi tiga bagian, ialah pembukaan, inti, dan penutup. Bagian pembukaan terdapat dalam dua bait permulaan, yang berisikan: 1) pemerian bahwa dengan rahmatTuhan pada saat yang telah ditentukan seorang anak ditakdirkan untuk diselamatkan, 2) ucapan terimakasih kepada semua yang hadir untuk kedatangannya, 3) permohonan maaf sebab akan mengeluarkan isi hati, 4) permohonan doa restu agar selamat dan mendapat rahmat Tuhan. Bagian inti mengemukakan tentang: 1) keinginan melaksanakan kebiasaan yang sudah menjadi adat para orang tua, 2) isi hati yang biasanya disampaikan dengan cara biantara akan diganti dengan *pupuh* yang ditembangkan menurut kebiasaan baru, 3) Aom Ujang Sumarga namanya akan ditambah dengan nama ayahnya Kusuma Dilaga, untuk mendapat berkatnya, dan karena sesuai dengan kehendak semua keluarga dan penguasa. Sawer diakhiri hanya dengan sebuah kalimat yang singkat: *muga sami nyaksian,* yakni permohonan untuk menyaksikan (mengukuhkan) peristiwa itu.

D. **Bahasa**

Pada umumnya bahasa yang digunakan sangat mudah ditangkap karena mempergunakan bahasa keseharian yang lugas. Tidak tampak bahasa yang simbolis dan puitis. *Sawer* mempergunakan tingkat bahasa *lemes* 'halus'. Hal ini mungkin karena *sawer* lebih bersifat deskriptif, yang isinya ditujukan kepada hadirin, bukan langsung kepada anak yang diselamatkan.

E. **Penilaian**

Seperti telah disinggung dalam analisis bentuk, *sawer* mempunyai kelemahan dalam cara menysun kalimat. Kalimat ada yang tidak utuh karena dikorbankan pada kepentingan bunyi akhir dan *guru wilangan.* Kata *slapan* adalah penyingkatan paksaan dari kata slapan 'sembilan'. Ungkapan *parek rizki jauh balai* yang sudah baku, terpaksa dijadikan *jauh bahla* untuk kepentingan bunyi akhir *a.* Terdapat kalimat yang kurang jelas hubungan kalimatnya, seperti pada 1:9.10. Rupanya untuk kepentingan bunyi akhir pula maka terpaksa harus disusun kalimat inversi seperti ini: *Ditambihan Kusuma Dilaga nami*

Kelemahan lain tampak pada susunan isi teks. Bagian pembukaan yang terdiri atas dua bait lebih dari teks yang hanya terdiri atas lima bait, kiranya terlalu panjang. Sebaliknya bagian penutup terlalu sedikit, karena hanya dijadikan oleh satu kalimat singkat.

BAB V TEKS PUISI SAWER MENURUT JENIS

5.1 Puisi Sawer Khitan

No. : 1
Penutur : Ny. Wartika; P
Umur : 45 tahun
Pekerjaan : Juru sawer
Tempat : Tasikmalaya

1. Kalayan asma Pangeran
nu maha asih tur heman
ayeuna bade ngawitan
nyawer anu disepitan.

2. Sami-sami ngahadiran
muga-muga janten jalan
mukakeun jalan pikiran
hingga caang narawangan

3. Para saderek sadaya
istri pameget nu mulya
nyepitan jiga teu pira
seueur jalma nu mokaha

4. Padahal mun dilenyepan
ku pikiran anu tenang
ieu teh tos janten korban
kuat nahan ti Pangeran.

5. Ibuna sareng ramana
nyaahna kabina-bina
ka anu janten putrana
dijaga sapapanjangna.

6. Ti barang gubrag ka dunya
dipangga didama-dama
diperhatikeun biangna
dijaga sapapanjangna.

7. Mun reungit euntreup ka budak
enggal ibu gugah cengkat
reungit enggalna ditepak
bari diusap ku wedak

8. Sang ibu tibra kulemna
budak nangis ngagandengan
enggal dirampa putrana
da bisi baseuh imbitna

9. Mun baseuh enggal diganti
ku nu garing ati-ati
tos beres disimpen deui
kana tempat anu tadi

10. Ningal kanyaah ibuna
ka putra nu saestuna
nya kitu deui ramana
sami-sami teu aya bentenna

11. Barang nincak dua taun
malar ibu ramana bingung
hariwangna teu kalangkung
soalna parantos umum

12. Budak kedah disepitan
bari hajat sukan-sukan
sakapeung sok raramean
pesta bari pepeuncitan

13. Sanajan anu teu boga
tapi sok saaya-aya
dahar ngumpul jeung baraya
ngondangan para tatangga

14. Putra anu dipusti-pusti
anak lalaki ngan hiji
dipotong harita pasti
motongna manggil paraji

15. Budak ceurik jejeritan
nyerieun antep-antepan
getih banjir na lahunan
ngan saukur diupahan

16. Ibu rama ngawas-ngawas
ka putra anu dipiwelas
harita dugi ka iklas
henteu risi henteu reuwas

17. Nu puguh mah sabalikna
bungahna kabina-bina
lantaran atos laksana.
nyunat nu janten putrana

18. Cobi ayeuna lenyepan
ku kaom nu ngaku Islam
nu parantos disepitan
nganggo pesta sukan-sukan

19. Na ieu teh tos sampurna
ku pesta sareng sunatan
bari ku daek sunatna
sumawonna sareng jakatna

20. Rukun Islam dipilihan
asal ngeunah ceuk sorangan
cukup pedah tos disunatan
teu kudu loba pikiran

21. Make jeung ungked-ungkedan
samak hayoh diciuman
da ganjaran pamohalan
ngagubrag kana lahunan

22. Hirup mah cenah da gampang
entong make halal haram
nu datangna sambarangan
ngahalangan kamajuan

23. Agama dianggap satru
sabab ngahalangan napsu
nu jahat ngalajur napsu
taya bedana jeung asu

24. Asal dahar jeung pakean
nu jadi poko pikiran
hirup henteu jeung aturan
sungkan di hukum ugeran

25. Rarasaan teh rek lana
hirup bakal salawasna
hirup mo aya tungtungna
padahal aya anggeusna

26. Singhoreng teh geuning awak
lamun ningal eunteung nyeblak
reuwas hate geuning ruksak
padahal teu tinggal wedak

27. Dihantem diawas-awas
rambut hideung jadi bodas
waos anu bodas nyacas
sadayana oge laas

28. Kulit nu hejo carulang
naha ayeuna bet belang
kokoloteun narumpangan
dina raray ngagaralang

29. Pangambung kuwung-kuwungan
bet jiga nu ngarenyohan
panangan kaya gondewa
ayeuna teu walakaya

30. Soca nu cureuleuk mencrang
ayeuna cahyana kurang
ningal oge ramang-ramang
siga aya nu ngahalangan

31. Para saderek miarsa
mun enya urang kawasa
pasti moal peot bisa
nu datangna teu karasa

32. Najan dokter tur Eropa
teu sanggup nambahan nyawa
sangkan hirup urang lana
di dunya sakawasana

33. Najan tukang jamu wetan
bari nambah kakuatan
malihara kangoraan
ahirna mah kawalahan

34. Sabab umurna ngolotan
panyakit bet dararatang
boson beser batuk rejang
badan kurang kakuatan

35. Teu cara waktu keur ngora
tihothat neangan dunya
sieun hirup henteu lana
poho ka Anu Kawasa

36. Padahal wungkul tipuan
ka urang teu ngabelaan
najan urang jejeritan
dina waktu moal datang

37. Gedong sawah jeung tegalan
ngan ukur ngalelewean
urang balik ngan sorangan
teu aya nu ngabaturan

38. Caroge anu micinta
ngan ukur hujan cimata
indung bapa sareng putra
teu aya nu mirosea

39. Ngan amal anu nuturkeun
henteu daek ditinggalkeun
nu saena pibatureun
nu salahna nyilakakeun

40. Tah ieu sawer nyepitan
muga ngajantenkeun jalan
ka anu geus jaranggotan
pamugi ulah elodan

41. Jeung urang teh tos disunat
ibu rama atos hajat
kawin ge maca sahadat
ana kitu kade lepat

42. Eta teh papagon Islam
nyata hukum ti Pangeran
kari-kari dipilihan
neangan nu hampang gampang

43. Mun kitu taya gunana
sunatna jeung sahadatna
malahan tambah dosana
Islam sakadar ngaranna

44. Panutup urang ngado'a
ka Pangeran Anu Mulya
murangkalih sing waluya
dirahmat ku Nu Kawasa

45. Sing janten hiji pamuda
pamuda harepan bangsa
bela agama jeung nusa
keur ujang tong asa-asa

46. Beban anu dipayunan
ku ujang bakal kasorang
seueur cobaan rintangan
lamun kurang-kurang iman

47. Didu'akeun ku sadaya
ujang sing janten nu mulya
tukang nulung ka baraya
nyaahna ka balarea.

48. Sim kuring bade pamitan
ka sadaya nu mayunan
tamat sawer nu nyepitan
cacap dugi ka wekasan

49. Mugi ngahapunten wae
margina sim kuring cape
tebih tina basa sae
untung teu kasima oge

No. : 2
Penutur : Odang Ridwan; L
Umur : 40 tahun
Pekerjaan : Juru sawer
Tempat : Bandung

Jemplang Karang

1. Awit nyebat Asma Gusti
neda rahmat ti Nu Heman
rek medar kabungah hate
reueus pinuh kabagjaan
ayeuna geus mustarina
anaking manjing rahayu
salamet diberesihan

Nimang

2. Keur alit Addy ditimang
mun rungsing diayun ambing
sepuh teh teu weleh mejang
wiang wengi pada ngaping·

3. Ayeuna Addy tos jangkung
tos salamet disepitan
ku wargi diriung-riung·
Papah Mamah bungah pisan

4. Ka Gusti Mamah ngadu'a
Addy teh sing enggal damang
masing sehat salirana
pait daging pahang tulang

5. Sing getol netepan
ulah jongjon teuing ameng
sing pinter di sakolana
di bumi ge masing hideng

6. Sing tumut kana pepeling
ulah sok bedang wangkelang
tebihkeun berewit rungsing
janglarkeun manah gumawang

Kidung

7. Pamungkas pangjurung du'a
Papah jeung Mamah neneda
Hirup Addy sing jugala
Diraksa ku Nu Kawasa

8. Sing jadi jalma sawawa
guna keur nusa jeung bangsa
gerentesna sanubari
nyanggakeun ka kersa Gusti

No. : 3
Penggubah: Uhi (L)
Juru sawer: Mimin (P)
Umur : 25 tahun
Pekerjaan : juru kawih
Tempat : Subang

1. Bismillah damel wiwitan
mugi Gusti nangtayungan
ka Asep nu disepitan
mugia kasalametan

2. Salamet Asep ayeuna
ayeuna atos laksana
nyumponan kana jangjina
jangji ka-Islamanana

3. Islam ngabogaan ciri
cirina tara pahili
omat ulah bade lali
parentah anu ti Gusti

4. Gusti mere tuduh jalan
dina alam pawenangan
ulah osok kajongjonan
ku Asep gancang teangan

5. Teangan eusi dunyana
lamun Asep tos sawawa
ulah sok sakaba-kaba
kudu ngagugu ka bapa

6. Indung anu ngaping
dijaga beurang jeung peuting
pikir Asep kudu nyaring
bapa rek mere pepeling

7. Pepeling bapa regepkeun
poma ulah dibaekeun
diajar kudu sing leukeun
sangkan bisa ngahartikeun

8. Hartikeun Asep ayeuna
bapa mepelinganana
lebetkeun kana manahna
ditampi ku gumbirana

9. Gumbira ibu ramana
ningal nu janten putrana
damang dina salirana
teu kinten mani bingahna

10. Bingah taya keur ngabanding
ngaleut ti suklak ti lamping
ondangan atos sarumping
ngabrul mani gararinding

11. Ngabrul saparakancana
hoyong terang ka putrana
anu disepitanana
muji sukur sadayana

12. Muji sukur ka Yang Widi
putrana mugi abadi
sing tiasa mawa diri
sing jadi jalma nu ngarti

13. Ku Asep masing kaharti
catet dina jero ati
ditampi ku ati suci
pepeling ti para wargi

14. Para wargi sadayana
disuhunkeun pidu'ana
putrana hoyong sampurna
kana pakasabanana

15. Lamun kasab kana tani
mugi sing cucud sing uni
dikadarkeun sugih mukti
nyukup indung bapa nini

16. Lamun kasab kana dagang
dipaparin caang padang
rikrik gemi bati dagang
mere maweh ka nu anggang

17. Mun loyog kana ngawula
sarupi jadi kapala
jauhan nu matak bahla
ka wargi sing bisa bela

18. Lamun loyog nyantri
sing bisa mawa pangarti
supaya jadi pamatri
diiring ku suci ati

19. Suci ati diamalkeun
kalawan dilaksanakeun
supaya ulah carekeun
ambeh euweuh nu ngomongkeun

20. Lamun ngomong anu baleg
mun Asep diajar tableg
ulah jeung tebeberegeg
sumawonna jeung ngalegeg

21. Ngalegeg ka babaturan
moal aya nu maturan
pikiran jadi kapiran
bongan salah pangaturan

22. Pangaturan lamun jujur
sareng batur tangtu akur
akuran ka unggal lembur
sangkan Asep subur ma'mur

23. Subur ma'mur loh jinawi
pinterna mawa pangarti
komo lamun bisa ngaji
tah eta elmu sajati

24. Sajati elmu ti Gusti
ku Asep masing kaharti
mawana sing ati-ati
ucap lampah masing surti

25. Sing surti pikiran
percaya damel Pangeran
tuduhan hadits jeung qur'an
wahyu ka nabi panutan

26. Panutan urang sadaya
mani ear balarea
dibuka sagala aya
qur'an hadits anu mulya

27. Mulyana hadits jeung qur'an
nuduhkeun jalan Pangeran
keur mepes rasa sorangan
sangkan tiis pipikiran

28. Pikiran ku hate urang
da urang bakalna mulang
lamun hayang ulah ringrang
sing daek milari luang

29. Luangna geura dipilih
nu goreng ulah ditolih
nu hade masing kapanggih
sareng batur ambeh rapih

30. Sing rapih ka rerencangan
ulah sok aing-aingan
bok bilih silih benduan
ahirna papaseaan

31. Pasea jeung babaturan
eta teh napsuna setan
moal aya kauntungan
tetep dina karugian

32. Rugi mun ngumbar amarah
Asep teh ulah sarakah
ka batur tong nyieun salah
kudu silih kanyaah

33. Sing nyaah ka ibu rama
ulah sok sakama-kama
tumutkeun parentah agama
eta nu langkung utama

34. Utama nyaah ka indung
ku indung Asep dikandung
ku bapa diugung-ugung
bral Asep geura tutulung

35. Tutulung ulah gagabah
lamun mikeun ulah salah
mikeunna ka nu keur susah
nyumponan kana ibadah

36. Ibadah ku naon bae
ku beas atawa pare
ku harta banda ge hade
komo mun ucapan sae

37. Sae ucap tingkah laku
diajar Asep ngabaku
aya tamu ulah kaku
diburu geura diaku

38. Aku pek ku budi basa
lamun Asep tos dewasa
sing ageung rasa rumasa
ka Gusti anu Kawasa

39. Ngawasa nu Maha Agung
sing saha bae ditulung
ku bumi alam dijungjung
nyaahna kaliwat langkung

40. Langkung nyaah nu Kawasa
keur nyaah tambah keresa
sapangeusi dunya rosa
sayagi pikeun manusa

41. Manusa ngan tampa genah
tuncab-tanceb dina tanah
Gusti mah da moal ngarah
ngan keur mahluk unggal sirah

42. Mahluk nu aya di dunya
diparab dipikarunya
euweuh anu dimomonya
diasih dienya-enya

43. Miasih ka sadayana
tur gumati ka abdina
ngariksa tur ngaganjarna
kumaha bae amalna

44. Amalkeun kabeh elmuna
kanyahokeun ka dirina
masing emut ka gustina
supaya hirup lugina

45. Lugina ibu ramana
sinareng para putrana
rawuh saparakancana
nyicingan Islam sampurna

46. Sampurna dunya aherat
disarengan sareng solat
teguh iman Islam kuat
Gusti maparinan rahmat

Amin ya robal alamin
mugi Gusti nangtayungan

5.2 Puisi Sawer Pengantin

No. : 1
Penggubah: I. Abandi (L)
Umur : 65 tahun
Pekerjaan : Juru sawer
Tempat : Ciamis

Kidung Dangding Gentra Galuh

1. Ieu rumpaka ngarumpak rasa
anu timbul tina rasa
gumelar jadi carita
nyebar di masing-masing kanca
parakanca nu di desa
tempo-tempo jeung di kota

2. Sim kuring teh rada mikir
anu timbul tina biwir
nyanggem bari kirang tapsir
rarat-reret kana gigir
panangan anu diangkir
ceg keretasna sacewir

3. Curuk lima sareng cinggir
teras nyantel kana pikir
timbul rasa nu sinelir
dina keretas sacewir
jadi adegan ngajegir
nulisna bari buligir

4. Henteu sangka eta bacot
na hate mani baceo
tumbulna geugeulis panon
ti panangan anu buktos
ngawjud jadi carios
ku sadaya ge kahartos

Asmarandana Kawit

5. Hariring sanes sim kuring
haleung sanes nu urang
estu gerentesna hate
usik malik ku keresa
dipareng ku nu Kawasa
manusa teh geuning luhung
mun terang arti manusa

6. Manusa kagungan Gusti
nya jirim anu usikna
raga badag anu buktos
basa teh kalangkang rasa
rasa mah moal sulaya
matak awak kedah maphum
kedah terang kana asal

No. : 2
Penggubah : Kunkun K. (P)
Penutur : Tin Satiani : P
Umur : 35 tahun
Pekerjaan : Guru
tempat : Ciamis

Bayubud

1. Jisim kuring neda sihaksami
ka sadaya warga kanca mitra
bade nyelang nyawer heula
medar eusining kalbu
keur panganten pameget isti
nyumponan sarat-sarat
talari karuhun
keur ngaheuyeuk rumah tangga
disarengan Rahman Rahim
Maha Suci
ngudag kasampurnaan

Kidung

2. Bismillah mimiti muji
ka Gjsti nu Maha Suci
anu Rohman anu Rohim
Allah ya robul alamin
abdi neda jiad Gusti
bade ngawulang mepeling

3. Nitih wanci nu mustari
datang mangsa jatuk rami
kabingah mangketi-keti
teu aya watesna deui
mung Gusti anu ningali
ka nu ngancik dina ati

Jemplang Karang

4. Anaking duh bagja teuing
buah ati kembang sukma
anak ibu buah hate
sesemplekan raga nyawa
duh Eulis duh Asep bagja

duaan dungrum arum
kiwari hidep rarabi

5. Asep Eulis anak bapa
catet dina jero hate
pamenta ema jeung bapa
poma hidep ulah poho
rukun iman rukun Islam
solat anu lima waktu
peupeujeuh ulah rek mengpar

Jemplang Bangkong

6. Keur bekel hirup duaan
keur padoman cecekelan – padoman
cekel iman katut ihsan
iman teges patekadan – tangtungan
ihsan eta lalampahan
leumpangna umat Pangeran
pibekeleun lalampahan
bral Eulis Asep laleumpang
tuh sagara kahirupan
pek sorang tanpa karingrang – sing teunung
sing percaya kana diri
pantang gedag kaanginan – bral leumpang
leumpang dina bebeneran
bari neda ka Pangeran
ginuluran kabagjaan
petikeun hidep duaan

Kunasari

7. Kudu lawung pada lawung
sajajaran panca kaki
gumelar lebah alamna
maju teuing mundur teuing
matak sarosopan rasa
pinggan dientep jeung pisin

8. Ya Allah Gusti nu Agung
nu ngajaring beurang peuting
mugi ngaraksa ngayuga
ka Eulis reujeung ka Asep

laki rabi masing manjang
muga waluya walagri

Kidung

9. Sakitu nu kapihatur
moal seueur nu diwincik
saeutik tiba patrina
jadi tumbaling paripih
bisi kesel nu ngantosan
sumangga geura lalinggih

Amin ya robal alamin
mugi Gusti nangtayungan.

No.	:	3
Penggubah	:	Ny. Wartika (P)
Umur	:	45 tahun
Pekerjaan	:	Juru Sawer
Tempat	:	Tasikmalaya

1. Kalayan asma Pangeran
nu Maha Asih Tur Heman
mugi ieu janten jalan
kenging hidayah Pangeran

2. Abdi ayeuna nembean
nyawer anu pangantenan
pamugi abdi sadaya
dipasihan perlindungan

3. Para saderek sadaya
jaler istri anu mulya
darangukeun ka sadaya
amanat ti nu Kawasa

4. Ibu ayeuna nembean
nyawer anu pangantenan
ngawurkeun nasehat heman
jeung nasehat ti Jungjunan

5. Abdi sadayana sukur
ka Allah nu Robbul Gopur
oge ka nabi nu mashur
Muhammad sabage rosul

6. Agus Eulis putra ibu
regepkeun masing taliti
mun aranjeun teu ngagugu
pasti Pangeran teh bendu

7. Takdir ti nu Maha Suci
bet dongkap ka urang pasti
nyata urang laki rabi
patepang pameget istri

8. Sadayana jadi saksi
Ujang Eulis laki rabi
mugia Gusti Maha Suci
jodo aranjeun abadi

9. Oge urang sakedahna
uninga wiwitanana
kumaha urang kawitna
ti mana urang asalna

10. Geuning urang keur orokna
gubrag medal ka dunyana
soca lolong duanana
torek nya kitu cepilna

11. Allah ngaluarkeun urang
tina rahim ibu urang
lengkep jeung pancaindrana
taya kakuranganana

12. Kersa Allah geus teu hese
ahirna ceuli ngadenge
panon terus enggal jentre
sareng dipasihan hate

13. Urang teh dibere ati
pandanga jeung paningali
nyata urang ulah lali
ka anu ngadamel diri

14. Saparantosna sawawa
dugi ka rumaja putra
bet pareng aya jodona
teu terang ti mana jolna

Takdir ti nu Maha Suci
bet norojol bae pasti
najan dihalangan gunung
kadar dongkap ti Yang Agung

15. Urang wajib trimakasih
ka Allah nu Maha Asih
laku lampah kedah bersih
ku Allah sing isin ajrih

16. Ke Geulis panganten istri
regepkeun masing taliti
Eulis teh nepi ka pasti
kenging rahmat ti Yang Widi

17. Laku lampah sing saluyu
candak jalan nu rahayu
istri nu soleh pinasti
dipanga-pongo ku Gusti

18. Anaking Geulis sing eling
sing emut kana pepeling
istri ku nabi dieguing
pikeun hakna masing-masing

19. Istri sabage permata
disebatkeun na hadisna
manawi kedah iatna
sing terus mernahkeunana

20. Ngaran istri nu sajati
anu taat ka salaki
saban beurang saban peuting
sanajan nepi ka pasti

21. Dina jalan anu bener
sanes jalan kabalinger
istri diwajibkeun taat
ka caroge kedah hikmat

22. Mun caroge nuju angkat
urang masing sabar kiat
mempertahankeun amanat
kade urang ulah lepat

23. Sing tiasa ngajaga diri
kumaha istri sajati
wanita anu hakiki
nu sujud ka Maha Suci

24. Mun caroge ngawurukan
regepkeun ulah bengbatan
sumawonna mun nundutan
atanapi molototan

25. Sabab dawuhan Yang Manon
mun istri sok unclang-anclong
ka caroge sering bohong
pasti ku Allah dibendon

26. Najan geulis tur perceka
tapi lamun lalawora
ka caroge teu ngawula
pasti haram ka sawarga

27. Istri teh ulah pacuan
ngicip-ngicip jeung ngasaan
ngalampahkeun kalacuran
nu dilarang ku Pangeran

28. Mun caroge mukih nyaba
papagkeun ku budi basa
hingga caroge jeung basa
nyaahna kabina-bina

29. Agus kasep putra ibu
cobi ku Agus didangu
mun kasep ngagugu tangtu
bakal pinanggih rahayu

30. Kapungkur urang nyorangan
henteu aya nu nyarengan
ngan badan urang sorangan
nu jadi poko pikiran

31. Nanging ayeuna mah Ujang
dinten ieu kenging beban
beban Ujang ti Pangeran
urusan di ieu alam

32. Rasa salin ti sasari
jeung keur bubujangan tadi
lengkahna ge beda deui
kasusahna tambah deui

33. Agus sabage pamingpin
tanggung jawab lahir batin
bagjana jeung cilakana
urang pisan nu nyanggana

34. Garwa teh ulah diabur
ubrang-abring reujeung batur
lamun henteu bisa ngatur
ahirna timbul ngalantur

35. Istri lir manuk japati
diabur ka mana mendi
teu daek cicing di bumi
lami-lami palay ganti

36. Da bongan urang sorangan
sok kajeunan jeung antepan
osok asak maneh nyaah
diantep turun ti imah

37. Ujang teh imam kahiji
di rumah tangga pribadi
lamun teu bisa ngariksa
engke ku ujang karasa

38. Sakitu ibu pepeling
saeutik teu pati penting
candakeun Ujang jeung Nyai
mangkahade aranjeun lali

39. Mudah-mudahan Pangeran
ka aranjeun mikaheman
dina enggoning rarabi
diaping ku Maha Suci

No. : 4
Penggubah : Rd. H. Tingting; P
Pekerjaan : Karyawan BP-4
Tempat : Tasikmalaya

1. Pun sapun ka Sang Rumuhun
ka Batara ka Batari
ka Batara Maha Dewi
nu ngancik di bumi suci
nu nyaangan alam padang
jin kahiangandedemit

2. Neda agung nya paralun
neda danapangaksami
agung ka para juragan
jembar kadang kulawargi
anu sami ngaluuhan
mugi ulah kingkin galih

3. Jisim abdi bade kaul
atawa nekanan jangji
wirehing awaling alam
nu gumantung dina ati
manawi pareng laksana
pinanggih baring supagi

4. Dikadarkeun panjang umur
tur makbul maksuding ati
wirehing awaling azam
nu gumantung dina ati
manawi pareng laksana
pinanggih baring supagi

5. Hariring ngawih pangrungrum
ngarungrum nu nembe sumping
nu sumping ti pamidangan
panganggo siang karoneng
ting poncorong kawas bentang
lir emas sinangling

6. Baeu Enung jantung kalbu
dunungan lahir jeung batin
panutan ibu jeung rama
baeu Ai geura linggih
ieu Ama bade miwejang
ka Ujang reujeung ka Nyai

7. Rungukeun piwuruk sepuh
sepuh nu wajib mepeling
mepeling ka para putra
ka putra pameget istri
tampanan ieu piwulang
piwulang anu peryogi

8. Sangkana diri rahayu
rahayu tur manggih mukti
muktina dunya aherat
aheratna ulah manggih
bebendon ti Gusti Alloh
Alloh nu maparin hurip

9. Tah ieu Ujang piwuruk
piwuruk dijieun misil
misilkeun kana pancuran
pancuran teh jalan cai
caina kudu tandean
tandeanana ku kendi

10. Kendi saibarat Agus
cai upamana Nyai
sasaran masing waspada
ulah sulaya nya ati
tah ieu Ujang piwejang
nu anom pameget istri

No. : 5
Penggubah : Uhi
Tempat : Tasikmalaya

1. Bismillah damel wiwitan
mugi Gusti nangtayungan
Euis Asep nu rendengan
mugia kasalametan

2. Salamet nu pangantenan
ulah aya kakirangan
sing tiasa sasarengan
sangkan jadi kasenangan

3. Sing senang laki rabina
nu diwuruk pangpayunna
nya eta bade istrina
masing dugi kahartina

4. Hartikeun Eulis ayeuna
lebetkeun kana manahna
manawi aya gunana
nu dipambrih mangpaatna

5. Mangpaatna lahir batin
Eulis teh masing prihatin
ayeuna aya nu mingpin
ka caroge masing tigin

6. Tigin Eulis kumawula
ka raka ulah bahula
bisi raka meunang bahla
kudu bisa silih bela

7. Silih bela jeung caroge
ulah ngan pelesir bae
mending oge boga gawe
ngarah rapih unggal poe

8. Repeh-rapih nu saimah
rumah tangga tumaninah
tapi lamun loba salah
laki rabi moal genah

9. Bisi teu genah ku raka
prak wae wakca balaka
lamun raka goreng sangka
buru-buru bawa suka

10. Suka-suka ti ayeuna
da Eulis atos laksana
ngajodo anu sampurna
ngahiji salamina

11. Salamina sareng dulur
Eulis kudu bisa akur
akuran ka unggal lembur
sangkan jadi buah catur

12. Mun catur sing seueur bukur
ulah ngan kalahka saur
napsuna ulah takabur
hirup resep loba batur

13. Sareng batur kudu jujur
layeut reujeung nu sakasur
runtut raut salelembur
nagara ge subur ma'mur

14. Subur ma'mur sauyunan
mun aya tamu payunan
tapi ulah timburuan
bok bilih silih benduan

15. Ngabenduan ka caroge
ngan ulah pasea bae
enggal atuh geura hade
ambeh geugeut saban poe

16. Saban poe ulah lali
titik rintih suci ati
tembongkeun sing bear budi
ciri nyaah ka salaki

17. Lalaki mun sok nyandung
omat ulah waka pundung
komo lamun bari gingung
keun antep sina ngaberung

18. Ngaberung tong dihalangan
asal cukup sandang pangan
sina lilir ku sorangan
sangkan panggih kasenangan

19. Senangkeun Eulis pikiran
pikiran didadasaran
tukuh muntang ka Pangeran
supaya meunang ganjaran

20. Ganjaran ti Maha Suci
enggal atuh geura tampi
ayeuna Eulis ngahiji
sakapeurih sakanyeri

21. Sakenyeri jeung salaki
mun Eulis seueur rejeki
poma ulah sok kumaki
masing tumut ka salaki

22. Tumutkeun Eulis ayeuna
ayeuna tos laksana
laksana datang jodona
hate bangblas lalugina

23. Lugina dunya aherat
Gusti maparin rahmat
kana waktu ulah elat
disarengan silih hormat

24. Silih hormat ka sasama
sing nyaah ka ibu rama
lakonan parentah agama
tangtuna hirup sugema

25. Sugema hirup di dunya
nya eta kudu tatanya
rek nyanya pek ka nu enya
badanna buru ditanya

26. Tanya bae ku hatena
tah eta pikeun saksina
saksi diri pribadina
nu tara jalir jangjina

27. Mun jangji anu ngajadi
eta jangji anu pasti
pasti jodo ti ajali
pikiran cengeng ka Gusti

28. Gusti mah teu weleh nyaksi
nyaksi gerentesna ati
ucap lampahna kasaksi
satincak-tincakna pasti

29. Hartikeun masing karaos
ulah luas-luis-leos
sumawonna poporongos
pilari jalan nu raos

30. Raoskeun jaga ku Eulis
Eulis ulah sok gumeulis
najan geulis bari ledis
ninggang mangsa titis tulis

31. Titis tulis bagja diri
patokan nu ti ajali
kajeun siga widadari
da moal beunang dibeuli

32. Dibeuli ku harta banda
da moal bisa kajaga
nu tangtu bakal ngaduda
nyicingan di alam baqa

33. Alam baqa kalanggengan
langgeng rasa ka Pangeran
supaya ulah rayungan
ngabogaan papacangan

34. Boga rasa kudu ngarti
tata-titi surti arti
kudu silih beuli ati
pikiran dadamelan Gusti

35. Gusti Allah nu Kawasa
ngayakeun dunya tiasa
pepek eusi dunya rosa
sayagi pikeun manusa

36. Manusa mahluk punjulna
palinter pangabisana
ngakalan eusi dunyana
nu kantun tumarimana

37. Tumarima ka Pangeran
tumutkeun kana dawuhna
qur'an hadis tuduh jalan
ti para nabi panutan

38. Panutan urang saadaya
poma ulah rek cangcaya
sadaya kudu percaya
ka Gusti nu Maha Mulya

39. Mulyana nu Maha Agung
sing saha bae ditulung
ku bumi alam dijungjung
nyaahna kaliwat langkung

40. NYaah bae nu Kawasa
ka masing-masing manusa
ulah dir gagah perkosa
bisi urang loba dosa

41. Dosa mah ti pada jalma
welas asih ka sasama
micinta ka lemah cai
layeut jeung batur sabumi

42. Sing layeut laki rabina
ulah aya kuciwana
silih anteur kahayangna
akur reujeung barayana

43. Mun akur ka sadayana
tembongkeun budi basana
nu bener tingkah polahna
supaya hirup sampurna

44. Sampurna Euis ayeuna
yap kadieu pamegetna
bapa bade ngawurukan
diregepkeun ku Asepna

45. Regepkeun teh ku hatena
bapa mepelinganana
tadina Asep ngaduda
ayeuna mah gaduh garwa

46. Sareng garwa kedah layeut
sing rapet saperti leugeut
poma ulah pikir heureut
sangkan silih pikameumeut

47. Mikameumeut sareng bojo
laksana sareng ngajodo
tapi lamun ngabobodo
bojo moal mikasono

48. Mun sono Asep ka istri
sing pageuh saperti pati
campur gaul areng santri
kalayan ati nu suci

49. Nu suci pasti beresih
tara aya nu dipamrih
ka bojo teu weleh asih
sagala sareng pamilih

50. Pilih ku Asep ayeuna
nya pek tanya ku hatena
nu goreng jeung nu hadena
sing karasa ku dirina

51. Diri pangasih Gustina
Gusti mah moal nyiksana
moal bade ngaganjarna
kumaha bae amalna

52. Amal hade tangtu genah
laki rabi tumaninah
lamun amal anu salah
jaga baris nyorang susah

53. Susah lamun teu ngarobah
nu ngajak ngarah ngarinah
napsu nu mawa sarakah
pek atuh pake ibadah

54. Mun ibadah anu tangtu
bagikeun ka nu pahatu
mikeunna tong ragu-ragu
bilih istri janten bendu

55. Bendu istri Asep bingung
ulah waka sok ditundung
lamun istri terus pundung
pangmeserkeun geulang kalung

56. Geulang kalung serba sae
enggal atuh geura angge
dianggena saban poe
nu kantun pelesir bae

57. Pelesir Euis ka kota
tah bawa duit sajuta
mun aya kahayang menta
tatapi ulah lahuta

58. Lahuta aya kahayang
nyariosna ngagorolang
nu bakal moal kasorang
pikir anu mawa bimbang

59. Bingbang lamun sok sulaya
mikahayang nu teu aya
ahirna pakia-kia
ngajauhan ka baraya

60. Baraya lamun ngahiji
eta nu langkung utami
hubungan anu sajati
ngariung sapara wargi

61. Wargi Asep sadayana
sakitu mikadeudeuhna
barungah dina manahna
nu janten ibu ramana

62. Ibu rama ngiring du'a
Asep ngagaduhan garwa
istrina lamun satia
hiji bae entong dua

63. Ngadua gaduh istrina
moal beres salamina
pakucrut rumah tanggana
mun teu cocog jeung agama

64. Era atuh ku tatangga
sapopoe ngan pasea
ku istri dipikangewa
ku tatangga dilelewa

65. Lamun boga harta banda
sing kuat nahan gogoda
bisi kagoda ku randa
pikir heula jero dada

66. Pikir Asep sing waspada
supaya teu ngarasula
mun keukeuh pikir ngadua
akibat jadi pasea

67. Pasea jeung pamajikan
napsu setan barangasan
teu ngajadi kauntungan
tetep dina karugian

68. Rugi lamun ngumbar napsu
napsu pangajak nu palsu
ngaranjing ngajadi asu
nu tangtu badan kalangsu

69. Kalangsu bongan sorangan
osok daek ririungan
mimitina heuheureuyan
dina tempat pamaenan

70. Maen dadu maen kartu
eleh meunang tacan tangtu
mun meunang udud surutu
meun eleh ngobral sapatu

71. Ngobral barang kawalahan
harta banda dijualan
di imah awut-awutan
lebur ancur bebeakan

72. Beak duit dipikiran
eleh maen kawalahan
tapi keukeuh panasaran
napsu teu beunang ditahan

73. Ditahan henteu katahan
dipikir terus-terusan
datang napsu panasbaran
setan iblis ngadeukeutan

74. Setan nu ngajak jarambah
nu mawa kana sarakah
dipake kana awuntah
disorang napsu nu rucah

75. Rucahna antep-antepan
teu ngareret rerencangan
cicing dina palacuran
teu inget ka pamajikan

76. Pamajikan teu direret
duit metet dina dompet
tapi mere kekerehet
ku tarik-tarikna pelet

77. Kapelet ku pamakena
pabeulit pikirananana
teu karasa ku dirina
diumbar bae napsuna

78. Napsuna ngaberung
teu aya anu dirarung
miboga rasa adigung
tungtungna ripuh bingung

79. Bingung bongan osok salah
teu bisa nahan amarah
jangji ka batur sok gaplah
teu inget kana papatah

80. Papatah ti para sepuh
ulah boga rasa angkuh
mun jangji kudu sing tukuh
ucap lampah masing ampuh

81. Masing ampuh ti ayeun
sing bisa mawa hirupna
jauhkeun napsu gorengna
deukeutkeun napsu hadena

82. Nyaah deudeuh mikasono
ciri pola kanggo conto
mangkahade ulah poho
bojo teh bawa lalajo

83. Deudeuh teuing putra ibu
omat tong ngalajur napsu
ulah maen lacur ngadu
mun bener nyaah ka ibu

84. Lalajo bari pelesir
tingali sisi basisir
sugan awas tina pasir
alam dunya geura taksir

85. Geura taksir pangaturan
dadamelan Pangeran
aya gedong matak heran
luhur pageuh nanakeran

86. Teu ngaruag teu ngarieg
Sakitu eusina uyek
pirang-pirang nu ngaleyek
tapi henteu ngarempeyek

87. Ya Allah anu ngayuga
ieu alam ngan nyalira
bumi langit ge tohaga
eusina mani pohara

88. Eusi dunya warna-warna
cahaya panonpoena
sato tatangkalanana
cawisan keur manusana

89. Manusa maruji sukur
ka Gusti Allah nu ngatur
panganten sing subur ma'mur
kalayan hirupna jujur

90. Masing jujur sahaluan
ayeuna Asep duaan
ulah aya pacengkadan
sing bisa silih belaan

91. Bela pati jiwa raga
dunya katut aheratna
ku Asep kudu dijaga
sangkan Eulis gumbirana

92. Gumbira nu pangantenan
papatah tamba lumayan
ka Eulis Asep lenyepan
nyawerna tereh lekasan

93. Nyawer teh turun tumurun
tuturunan ti karuhun
pamugi ulah dikantun
sawer turun hatur nuhun

94. Sawer hartina panggeuing
papatah geura nyararing
dangding bari ngahariring
pepeling masing areling

95. Areling urang sadaya
ka Gusti Allah nu Mulya
ulah aya panca baya
sadaya mugi waluya

96. Waluya para wargina
weruh para pangantenna
gumuruh rasa batinna
caang hate ka Gustina

97. Gusti abdi nuju nuhun
ngumbara mangtaun-taun
ku bumi alam dilahun
ni'mat kateda kasuhun

98. Duh Gusti nu langkung heman
mugi sadaya sing iman
nya netepan kaislaman
mugi maot mawa iman

99. Bapa teh nyawer parantos
mung kantun bade wawartos
ka ondangan nu ngarantos
mugi sami pada ngartos

100. Pada ngartos sadayana
nu dicarioskeunana
lebetkeun kana manahna
naripong jalan sampurna

No.	:	6
Penggubah	:	Omo Kartamihardja
Umur	:	60 tahun
Pekerjaan	:	Pensiunan Pamongpraja
Tempat	:	Tasikmalaya

Dangdanggula

1. Eling-eling Nyai mangka eling
ka piwulang ulah kamapalang
sugan meunang pitulung
mangka eling beurang peuting
wulang pangundang mama
ulah rek dibandang
dedengkatan sasarengan
mun disidem sasatna henteu ditampi
wulang mama anu melang

2. Kitu deui Nyai mangka eling
dipiara ku ibu rama
sumawonna ku caroga
dipiara beurang peuting
diwarah jeung diurus
supaya rahayu
Nyai sing gede milikna
ka rama rek ka ibu pon pilalagi
ulah kurang narimakeunana

3. Nya eta ku peta anu lantip
hade budi sabar jeung tawekal
soca sing geten tulaten
ka panutan sing tuhu
poma Nyai ulah rek lali
sumawonna lamun bedang
napsu kudu dibendung
lampah pundungan pindingan
samawonna aya cela ti salaki
dek galak kudu ditulak

4. Kitu deui masing telik
pilih mangsa kapalayna raka
sarta sing sae pasemon

naon nu pakeus lulus
sampurnana pameuli ku ati
sing titi pranata
cutat ilmu ratu
hurmatanana ka raka
salawasna budi henteu leungit manis
rendah lir palamarta

5. Tuang raka kudu dipigusti
angken guru dunya jeung aherat
mama mah enggeus sumeleh
tuang ibu pon nya kitu
geus teu wajib sejen nu nyangking
ka salira mung darma
nu ngayuga Enung
anging pamungpung pangdu'a
mugi-mugi ka Gusti nu Maha Suci
masingna bisa rimbitan

6. Kitu deui mungguhing di istri
nu rimbitan sing gede wiwaha
ulah sok daek ngalancong
unjung-anjang henteu puguh
jaba mun parentah salaki
jeung pacuan pisan
daek ruang-riung
jeung istri tutur awuntah
luas-leos amengan ka mana mendi
eta teh kudu singkatan

7. Ngan sakitu mama nya mepeling
ka si Nyai reujeung ka si Ujang
sing leukeun ulah talangke
pasti jadi lulus mulus
enggoning nu laki rabi
jauh tina musibat
sapanjangna lulus
ginanjar karahayuan
mugi-mugi ka Gusti nu Maha Suci
masing arawet jadina

Kidung

8. Neda agung nya paralun
neda jembar pangaksami
agung ka para bapa
jembar kadang kulawargi
mugi ulah jadi manah
atanapi kingkin galih

9. Jisim abdi amit kaul
atawa nekanan jangji
wirehing anaking mama
gumantung di alam ieu
manawi pareng laksana
pinanggih bareng supagi

10. Dikadarkeun panjang umur
dikabul maksuding ati
nikahkeun ieu pun anak
anu pameget nu istri
disawer ku beas jenar
sarta bari ngahariring

11. Hariring kawih pangrumrum
ngarungruman anu sumping
anu sumping mulih nikah
panganggona siang kuning
ting poncorong siga bentang
hurung lir emas sinangling

12. Mendung-mendung payung agung
marakbak aleutan genjring
sunggingan er emas rojong
kadang wargi sami sumping
nawiskeun manahna terang
terangna ka anu sumping

13. Duh Ujang buahing kalbu
jungjunan lahir jeung batin
dunungan ibu jeung mama
hiap Eulis geura linggih
ieu ama tas mepeling
nu anom pameget istri

No. : 7
Penggubah : E. Rukmini (P)
umur : 45 tahun
Pekerjaan : Juru Sawer
Tempat : Tasikmalaya

Asmarandana

1. Neda agung pangaksami
ka sadaya para mitra
bade heula nyelang nyawer
etang-etang ngiring bingah
ka anu nembe nikah
mugi rarabina mulus
tebih tina pacengkadan

2. Lakuning jalma utami
nebihan sugri larangan
tur ngalampahkeun papagon
nu kaunggel dina qur'an
tara wantun nyulayaan
kana patokan nu tangtu
sarat rukunna agama

3. Unggelna anu diaji
dina enggoning gumelar
supados maksadna eces
puguh pulunganeunana
manawi jadi tuladan
salamina urang hirup
rumingkang di ieu alam

Kidung

4. Kalayan asma Pangeran
nu Maha Asih tur Heman
mugi ieu janten jalan
kenging hidayah Pangeran

5. Abdi ayeuna nembean
nyawer anu pangantenan
pamugi abdi sadaya
dipasihan perlindungan

6. para saderek sadaya
jaler istri anu mulya
darangukeun ku sadaya
amanat ti nu Kawasa

7. Abdi sadayana sukur
ka Allah nu Robun Gopur
oge ka nabi nu mashur
Muhammad sabage rosul

8. Ibu ayeuna ngawitan
nyawer anu pangantenan
ngawurukkeun nasehat qur'an
jeung nasehat ti Jungjunan

9. Agus Eulis putra ibu
regepkeun masing saestu
mun aranjeun teu ngagugu
pinasti Pangeran bendu

10. Takdir ti nu Maha Suci
bet dongkap ka urang pasti
nyata uang laki rabi
patepang pameget istri

11. Diriung ku sadayana
ondangan ti mana-mana
nu anomna nu sepuhna
pameget sareng istrina

12. Sadaya jadi saksi
Ujang Eulis laki rabi
mugi Gusti Maha Sugi
jodo aranjeun abadi

13. Oge urang sakedahna
uninga wiwitanana
kumaha urang kawitna
ti mana urang asalna

14. Geuning urang keur orokna
gubrag medalna ka dunya
soca lolong duanana
torek nya kitu cepilna

15. Allah ngaluarkeun urang
tina rahim ibu urang
lengkep jeung pancaindrana
taya kakuranganana

16. Kersa Allah geus teu hese
ahirna ceuli ngadenge
panon terus ningal jentre
sareng dipasihan hate

17. Urang teh dibere ati
pandanga jeung paningali
nyata urang ulah lali
ka anu ngadamel diri

18. Saparantosna sawawa
dugi ka rumaja putra
bet pareng aya jodona
teu terang ti mana jolna

19. Takdir ti nu Maha Suci
bet norojol bae] asto
najan dihalang ku gunung
kadar dongkap ti Yang Agung

20. Urang wajib trima kasih
ka Allah nu Welas Asih
laku lampah kedah bersih
ku Allah sing isin ajrih

21. He geulis panganten istri
regepkeun masing taliti
Eulis teh nepi ka pasti
kenging rahmat ti Yang Widi

22. Anaking geulis sing eling
sing emut kana pepeling
istri ku Nabi digeuing
pikeun hakna masing-masing

23. Laku lampah sing saluyu
candak jalan nu rahayu
istri nu soleh pinasti
dipangga-ponggo ku Gusti

24. Istri sabage permata
disebatkeun na hadisna
numawi kedah iatna
sing leres mernahkeunana

25. Ngaran istri nu sajati
anu taat ka salaki
saban beurang peuting bakti
sanajan nepi ka pati

26. Dina jalan anu bener
sanes jalan kabalinger
istri diwajibkeun taat
ka caroge kedah hidmat

27. Mun caroge nuju angkat
urang masing sabar kiat
mempertahankeun amanat
kade urang ulah lepat

28. Sing yasa ngajaga diri
kumaha istri sajati
wanita anu hakiki
nu sujud ka Maha Suci

29. Sabab dawuhan yang Manon
mun istri sok unclang-anclong
ka caroge sering bohong
pasti ku Allah dibendon

30. Mun caroge ngawurukan
regepkeun ulah bengbatan
sumawonna mun nundutan
atanapi molototan

31. Najan geulis tur perceka
tapi lamun lalawora
ka caroge teu ngawula
pasti haram ka sawarga

32. Istri teh ulah pacuan
ngicip-ngicip jeung ngasaan
ngalampahkeun kacurangan
nu dilarang ku Pangeran

33. Mun caroge mulih nyaba
papag ku budi jeung basa
hingga caroge ngarasa
nyaahna teu asa-asa

34. Agus kasep putra ibu
cobi ku Agus didangu
mun kasep ngagugu tangtu
bakal pinanggih rahayu

35. Kapungkur urang nyorangan
henteu aya nu nyarengan
ngan badan urang sorangan
nu jadi poko pikiran

36. Nanging ayeuna mah Ujang
dinten ieu kenging beban
beban Ujang ti Pangeran
uruseun di ieu alam

37. Rasa salin ti sasari
jeung keur bubujangan tadi
lengkahna ge beda deui
kasusahna tambah deui

38. Agus sabage pamingpin
tanggung jawab lahir batin
bagjana jeung cilakana
urang pisan nu nyanggana

39. Garwa teh ulah diabur
ubrang-abring reujeung batur
lamun henteu bisa ngatur
ahirna timbul ngalantur

40. Istri lir manuk japati
diabur ka mana-mendi
teu caek cicing di bumi
lami-lami palay ganti

41. Da bonga urang sorangan
sok kajeunan jeung antepan
osok rasa maneh nyaah
diantep turun ti imah

42. Ujang teh imam kahiji
di rumah tangga pribadi
lamun teu yasa ngariksa
engke ku Ujang karasa

43. Sakitu ibu pepeling
saeutik tatapi penting
candakeun Ujang jeung Nyai
mangkade aranjeun lali

44. Mudah-mudahan Pangeran
ka aranjeun mikaheman
dina enggoning rarabi
diaping ku Maha Suci.

No. : 8
Penggubah : Ibu Encep; (P)
Pekerjaan : Kepala SD
Tempat : Tasikmalaya

Kinanti

1. Paralun nyelang pihatur
ka sadayana nu caralik
ieu abdi nyawer heula
nguesian tali paranti
nyumponan kabiasaan
nurut galib nini aki

2. Diatur diwangun catur
dirakit dangding pepeling
direka babaran basa
ngedalkeun hariring ati
gelarna rasa kanyaah
ka nu anyar jatukrami

3. Malar tinemu rahayu
pinanggih repeh jeung rapih
enggoning rangkep rimbitan
layeut geugeut silih asih
sing tibra sugema rasa
ngeunah nyandang ngeunah
nyanding

4. Piwuruk barengdiragum
ka pameget ka nu istri
dirapidkeun duanana
moal rek diwiji-wiji
supaya singget waktuna
ulah matak kesel calik

5. Istri wajib sujud tuhu
tuhu satia babakti
nyumponan dikaistrian
rikrik gemi ati-ati
miara parejekian
teu nyesa ge asal mahi

6. Ulah salimur salingkuh
matak cambal ajen diri
serong mirong jeung karinah
nu kitu kudu dipahing
doraka dunya aherat
moal pinanggih walagri

7. Sarta kudu bisa ngasuh
ibarat jadi kamudi
sangkan mulus rumah tangga
caroge kudu diaping
mun nyorang kabalangahan
bere wawadi panggeuing

8. Pameget jarining pancum
pamatri nu tigin ati
nyumponan kapamegetan
ngupaya nyiar rejeki
keur napakah rumah tangga
teu jejerih ku kapeurih

9. Ulah marugul ngaberung
ngajujur sakarep ati
ka garwa kudu satia
ulah mangduakeun pikir
mun garwa aya luputna
wurukan sing rintih-rintih

10. Tah eta anu sakitu
galeuhna nu laki rabi
pameget pageuh pancuhna
nu istri tuhu babakti
tanwande layeut jadina
moal ririwit berewit

11. Moal katalikung bingung
moal kabeulit kasulit
lian ti nu geus biasa
kasusah nu teu mateni
anu geus jamak ilahar
bagian anu kumelip

12. Ulah nguyung ku nu umum
ulah sedih ku nu galib
sarerea ge biasa
nyorang bungah jeung kasedih
tara suka salawasna
tara sedih unggal dami

13. Asal ulah petot emut
bakti puji ka Yang Widi
ulah cul kana agama
nu jadi tatali asih
manusa tukang ibadah
ku Allah tangtu diasih

14. Teu aya gunung patilung
teu aya gudang rejeki
nitenan ari pelingna
ngan ti Gusti Yang Widi
mana ulah dijauhan
malah sing nepi ka dalit

15. Cekapkeun bae sakitu
mugia hidep anaking
panjang punjung panjang yuswa
jauh pahla parek rijki
ginanjar kawilujengan
amin ya robal alamin

No. : 9
Penggubah : Okib; (L)
Pekerjaan : Guru dan juru kawih
Tempat : Tasikmalaya

1. Kalayan asma Pangeran
anu Maha Asih tur Heman
mugi ieu janten jalan
kenging hidayah Pangeran

2. Abdi ayeuna nembean
nyawer anu pangantenan
pamugi abdi sadaya
dipasihan palindungan

3. Para saderek sadaya
jaler istri anu mulya
darangukeun ku sadaya
amanat ti nu Kawasa

4. Ibu ayeuna ngawitan
nyawer anu pangantenan
ngawurkeun nasehat qur'an
jeung nasehat ti Jungjunan

5. Abdi sadayana sukur
ka Alloh nu Robbun Gopur
oge ka Nabi nu mashur
Muhammad sabage rosul

6. Agus Eulis putra ibu
regepkeun masing saestu
mun aranjeun teu ngagugu
pinasti Pangeran bendu

7. Takdir ti nu Maha Suci
bet dongkap ka urang pasti
nyata urang laki rabi
patepang pameget istri

8. Diriung ku sadayana
ondangan ti mana-mana
nu anomna nu sepuhna
pameget sareng istrina

9. Sadayana jadi saksi
Ujang Eulis laki rabi
pamugi ka Maha Suci
jodo aranjeun abadi

10. Oge uramg sakedahna
uninga wiwitanana
kumaha urang kawitna
ti mana urang asalna

11. Geuning urang keur orokna
gubrag medalna ka dunya
soca lolong duanana
torek nya kitu cepilna

12. Alloh ngaluarkeun urang
tina rahim ibu urang
lengkep jeung pancaindrana
taya kakuranganana

13. Kersa Alloh geus teu hese
ahirna ceuli ngadenge
panon terus ningal jentre
sareng dipasihan hate

14. Urang teh dibere ati
pandangan jeung paningali
nyata urang ulah lali
ka anu ngadamel diri

15. Saparantosna sawawa
dugi ka rumaja putra
bet pareng aya jodona
teu terang ti mana jolna

16. Takdir ti nu Maha Suci
bet norojol bae pasti
najan dihalang ku gunung
kadar dongkap ti Yang Agung

17. Urang wajib trimakasih
ka Alloh nu Welas Asih
laku lampah kedah bersih
ku Alloh sing isin ajrih

18. He geulis panganten istri
regepkeun masing taliti
Eulis teh nepi ka pasti
kenging rahmat ti Yang Widi

19. Anaking geulis sing eling
sing emut kana pepeling
istri ku Nabi digeuing
pikeun hakna masing-masing

20. Laku lampah sing saluyu
candak jalan nu rahayu
istri nu soleh pinasti
dipangga-ponggo ku Gusti

21. Istri ibarat permata
disebatkeun na hadisna
numawi kedah iatna
sing leres mernahkeunana

22. Ngaran istri nu sajati
nu taat ka salaki
saban beurang peuting bakti
sanajan tepi ka pati

23. Dina jalan anu bener
sanes jalan kabalinger
istri diwajibkeun taat
ka caroge kedah hidmat

24. Mun caroge nuju angkat
urang sing sabar kiat
mempertahankeun amanat
kade urang ulah lepat

25. Sing yasa ngajaga diri
kumaha istri sajati
wanita anu hakiki
nu sumujud ka salaki

26. Sabab dawuhan Yang Manon
mun istri sok unclang-anclong
ka caroge sering bohong
pasti ku Alloh dibendon

27. Mun caroge ngawurukan
regepkeun ulah bengbatan
sumawonna mun nundutan
atanapi molototan

28. Najan geulis tur perceka
tapi lamun lalawora
ka caroge teu ngawula
pasti haram ka sawarga

29. Istri teh ulah pacuan
ngicip-ngicip jeung ngasaan
ngalampahkeun kacurangan
nu dilarang ku Pangeran

30. Mun caroge mulih nyaba
papag ku budi jeung basa
hingga caroge ngarasa
nyaahna teu asa-asa

31. Agus kasep putra ibu
cobi ku Agus didangu
mun Asep ngagugu tangtu
bakal pinanggih rahayu

32. Kapungkur urang nyorangan
henteu aya nu nyarengan
ngan badan urang sorangan
nu jadi poko pikiran

33. Nanging ayeuna mah Ujang
dinten ieu kenging beban
beban Ujang ti Pangeran
uruseun di ieu alam

34. Rasa salin ti sasari
jeung keur bubujangan tadi
lengkahna ge beda deui
kasusahna tambah deui

35. Agus sabage pamingpin
tanggung jawab lahir batin
bagjana jeung cilakana
urang pisan nu nyanggana

36. Garwa teh ulah diabur
ubrang abring reujeung batur
lamun henteu bisa ngatur
ahirna timbul ngalantur

37. Istri lir manuk japati
diabur ka mana-mendi
teu daek cicing di bumi
lami-lami palay ganti

38. Da bongan urang sorangan
sok kajeunan jeung antepan
osok rasa maneh nyaah
diantep turun ti imah

39. Ujang teh imam kahiji
di rumah tangga pribadi
lamun teu yasa ngariksa
engke ku Ujang karasa

40. Sakitu ibu pepeling
saeutik tapi penting
cindekkeun Ujang jeung Nyai
mangkade aranjeun lali

41. Mudah-mudahan Pangeran
ka aranjeun mikaheman
dina enggoning rarabi
diaping ku Maha Suci

No.	:	10
Penggubah	:	Muksinudin; (L)
Umur	:	47 tahun
Pekerjaan	:	Juru khitan
Tempat	:	Tasikmalaya

Dangdanggula

1. Jisim kuring nu jadi wawakil
ti sadaya para kanća mitra
panganten kedah disawer
mugi ka nu ngadangu

disuhunkeun pisan pangaksami
bilih aya kalepatan
sing agung nawakup
tangtos seueur kakirangan
margina mah estu sanes tukang dangding
dumehna kapaksa pisan

2. Nyai kedah tenang pikir
reh ayeuna tos kagungan raka
poma ulah rek toledor
sing emut kana hukum
taat siang sinareng wengi
tina sagala hal kedah kersa tumut
kajabi anu dilarang
nu henteu petuk sareng agami
eta mah taya pamengan

3. Tah nu bieu eta nomer hiji
kaduana nurut kana hakna
ti batan ka anu sejen
katilu ngahormat perlu
ka salaki ka wargi pamili
ari kaopatna karidoan kalbu
anu matak bingah raka
kana manah anu matak henteu pusing
ari nu kalimana

4. Dina sadaya urusan Nyai
kedah ngadamel nu saluyuan
poma masingna waspaos
sanaos aya perlu
kedah mundut heula widi
bilih aya matakna
ahirna matak kaduhung
ulah salah di urang
kedah bae urang nyuhunkeun permisi
eta taya salahna

5. Genep ngahargaan ka salaki
kana jasana jeung tanagana
supaya jadi beres
ulah rek salingkuh
mun aya pamere salaki
sanajan teu loba
sing bingah sumujud
katujuh siapsadia
ngalakon kapentinganana salaki
nu henteu mewah ti syara

6. Tah sakitu papatah teh Nyai
ulah dijieun rasa mokaha
bubuhan nu jadi kolot
henteu weleh ringrang bingung
sieun pisan jadi jalir
ulah ngawiwirang
ngawula sing junun
ibu raja sadayana
sinarengan sadayana kulawarga
ka Nyai pada ngadunga

7. Sanwangsulna pameget ka istri
kedah nganggo adab tatakrama
nyumponan kana papagon
budi basa sing alus
ulah aya anu matak nyeri
boh tina kasauran anu matak nyentug
sing ageung tinimbangan
bilih aya kalepatanana istri
poma ulah kasar

8. Kawajiban nu jadi salaki
nyandak kana jalan kasaean
estuning eta teh abot
dunya aherat ditanggung
da tos kitu eta pasti
kedah pisan wayahna
sing tiasa nungtun
eta teh nomer duana

nomer tilu pameget pasti ngadidik
ngajarkeun sagala hak

9. Nu patali jeung agama misti
dingurus kamasarakatan
prakna manah kedah rido
kaopatna eta kitu
salamina ihtiar
nu suci supaya saluyuan
nu mtakkayungyun
dina sagala urusan
eta matak repeh rapih sareng istri
kagenep ngahargaan

10. Tujuh lamun langkung ti kahiji
kedah adil sami nyaahna
margi eta sami bae
tina soal kabutuh
ulah pisan geureuh saeutik
sumawonna hak-hakna
eta oge kitu.
tangtu cilaka di ahir
mo mendak kasenangan

Sinom

11. Piwulang ka duanana
masing bisa silih asih
enggoning dina rimbitan
supaya ulah berewit
atawa loba kapusing
masing raut runtut jujur
ulah aya kueicawana
siang sinareng wengi
pada cinta pada silih pikanyaah

12. Silih hormat pikaheman
ka dua pihak pamili
supaya jadi sampurna
sajeroning laki rabi

tangtu nu jadi wargi
nyaahna jadi satuhu
eta kitu biasana
nu jadi sepuh mah galih
ulah pisan nembongkeun nu matak sungkan

13. Ari sajaba ti eta
teu kedah panjang wiwincik
naon nu matak sugema
ngabungahkeun para ahli
supaya senang ati
sing bisa tulung-tumulung
boh ku dunya boh ihtiar
supaya salamet diri
nu kasebut kana jalan kasaean

Kinanti

14. Ayeuna bade ditutup
ka sadaya anu nguping
ka nu pada ngaluuhan
pameget sinareng istri
sing tiasa tinekanan
nya ieu pun anak yakti

15. Pidu.ana nu sakitu
mugi diijabah Gusti
salamet dunya aherat
ti lahir dugi ka batin
ulah aya kakurangan
rumah tanggana sing mukti

16. Sumangga ayeuna atuh
sing pada sami-sami
ngadu'akeun sadayana
sim kuring bade meredih
mangga urang sasarengan
maos Fatihah sakali

No. : 11
Penggubah : Maemunah; (P)
Umur : 47 tahun
Pekerjaan : Guru SD dan juru sawer
Tempat : Cirebon

1. Kidung nu jadi kawitan
minangka pamuka jalan
jalan keur nganasehatan
ka nu mentas dirapalan

2. Dangukeun ku sadayana
ku panganten duanana
sugan jadi mangpaatna
aya pulunganeunana

3. Awit panganten istrina
Eulis cunduk ka waktuna
ninggang mangsa nu utama
teu aya wagelanana

4. Danget ieu didahupkeun
kulawargi dikempelkeun
anu tebih dicaketkeun
maksadna kangge nyaksikeun

5. Eulis tos gaduh panutan
masing layeut sabeungkeutan
lamun rek indit-inditan
ulah tinggal ti pamitan

6. Upama rek nyanyabaan
caroge teu ngawidian
ulah maksa miheulaan
sok matak papaseaan

7. Lamun istri luas-leos
indit henteu paramios
ngaranna teu sapagodos
caroge meureun teu raos

8. Mun keur mendak kakirangan
omat ulah ngaderingan
ka caroge sok mundungan
eta teh lampah larangan

9. Najan dahar karo seupan
ka caroge tetep sopan
da eta nu ngempan-ngempan
.nu mangmikirkeun tilepan

10. Mun pareng ageung rijkina
sing bisa ngeureut miceunna
istri anu ngabagina
kedah emut ka ahirna

11. Mun istri teu ngajeujeuhkeun
pangala sok diseepkeun
teu aya nu disesakeun
ngaranna tamplok batokeun

12. Pan istri teh padaringan
tong mawa karep sorangan
kedahna sabilulungan
ambeh dipakaya dangan

13. Kudu ngaku ka baraya
ti ibu sareng ti rama
kitu deui ti mertua
ulah rek dibeda-beda

14. Ka batur kudu someah
tata basa anu ngeunah
mbeh loba nu mikayaah
hirup kumbuh tumaninah

15. Ngurus caroge sing suhud
ka sepuh kudu sumujud
tebihkeun roman jamedud
eta teh bibitna gujrud

16. Komo mun geus rumah tangga
masing-masing pangaboga
kudu leuwih nya ngajaga
silih geuing jeung tatangga

17. Adat ulah timburuan
ka caroge maseaan
puguh mah entos kumpulan
disangka tos teu kantenan

18. Pameget mah enggon leumpang
jeung rencang milari luang
istri ulah sok kumapang
malah tara muka lawang

19. Lamun istri adat kitu
awet rajet anu tangtu
caroge teh ngagurutu
pikir ka ieu ka itu

20. Sipat istri ka caroge
poma ulah ngamomore
atawa ngajore-jore
pan lumayan rencang sare

21. Mun caroge ngabenduan
poma ulah ngawanian
sok bilih kapapanjangan
da ke ge liren sorangan

22. Pan caroge teh panutan
istri wajib ngahormatan
mun sumping angkat-angkatan
karingetna disusutan

23. Tos salse teras sadia
tuangeun saaya-aya
nandakeun istri satia
pikir henteu pasalia

24. Brak tuang balakecrakan
duaan teh sukan-sukan
istri nyodorkeun masakan
jeung heureuy silih delekan

25. Lamun istri manah rupek
sanajan sayagi mekprek
tuangna teh tereh sesek
padahal hanjakal nyedek

26. Ningal peta nu nyuguhan
bet geuning henteu uyahan
teu surup jeung mamanahan
sok hayang indit nyingkahan

27. Mun rumah tangga tos mampuh
niat deuk gegel ka sepuh
pacuan ulah salingkuh
jadi istri kedah ampuh

28. Tong sepi babadantenan
jeung caroge sauyunan
sangkan gegel teh mangpaat
dituangna ge masalahat

29. Ka istri sakitu heula
moal bade lila-lila
bilih matak ngarasula
henteu loba nu kaala

30. Ayeuna ka carogena
moal rek dibina-gina
bade sami ngawelingna
sangkan saluyu jalanna

31. Anjeun tos kagungan istri
titis tulis Maha Suci
putra ngadahup ka putri
sing pageuh kawas dipatri

32. Ka istri kudu ngaheman
mangkade aya jeruman
eta teh goda siluman
anjeun kedah tetep iman

33. Ulah bosen mapatahan
tapi basana milihan
ulah mere kasedihan
ka istri bilih nyalahan

34. Sing landung aisanana
sarta lega sagarana
kudu gede hampurana
supaya awet jodona

35. Upama rek nganasehat
carita anu pasehat
pilih ulah kecap jahat
matak teu jadi masalahat

36. Jeung istri silih hormatan
silih ma'lum kalepatan
sangkan tebih pipirakan
malah raket kawas ketan

37.. Adat ulah rek kumaki
tong kena jadi lalaki
rasa anjeun jadi joki
emut bakal aki-aki

38. Mun umur tepi ka sepuh
anjeun pasti panggih ripuh
lumaku jadi teu mampuh
cing saha nu baris nempuh

39. Mun ku urang ditelekan
nu nempuh teh pamajikan
sanajan sok ngadelekan
tapi tetep ngabelaan

40. Da meureun dina pikirna
ngemutkeun purwadaksina
emut keur pada anomna
tangtos sami ngaraosna

41. Mangkade ulah ngalantur
ekol jeung bohong diatur
ka bojo mah tutur-tutur
tas rapat jeung pada batur

42. Adat kitu mo jamuga
pakaya teu kaur boga
matak isin ku tatangga
kaduhung mah pasti jaga

43. Lamun istri kalepatan
ulah gugup ngabenduan
anggur geura dideukeutan
barabat dinasehatan

44. Istri teh didama-dama
diwuruk anu utama
ulah ingkar ti agama
Islam nu langkung utama

45. Dina waktos bade sare
maos bismillah salawe
mbeh kenging turunan sae
kenging putra hade hate

46. Lamun tos gaduh turunan
anjeun jadi pupuhunan
putra putu ngarajenan
perjodoan tambah aman

47. Putra cekap tilu bae
seueur teuing mah barabe
kanggo nolak nu teu sae
mangga geura lebet kabe

48. Margi eta parantos sah
pangaturan pamarentah
urang henteu kedah sesah
tos aya jalan nu genah

49. Hirup teh kedah iatna
laku lampah nu sampurna
sangkan sugema hirupna
sareng tebih balaina

50. Jeung batur silih geuingkeun
ulah sok silih gorengkeun
atawa sok ngistorikeun
sumawonna nyilakakeun

51. Jeung bangsa kudu ngahiji
pikiran kudu diaji
ulah lirca kana jangji
lempeng siga angka hiji

52. Sanajan misah golongan
uang hirup sasarengan
ulah nyongcolang sorangan
siga nu aing-aingan

53. Lamun urang kumawula
pacuan ulah bahula
bosenan jeung ngarasula
matak teu kapake lila

54. Saniskanten perjalanan
laku lampah jeung omongan
osok aya nu nitenan
masarakat ngabandungan

55. Lamun hirup lampah serong
pasti diri teh dirongrong
masarakat pada merong
geus badan teh jadi perong

56. Anu awon kalakuan
najan rasa bubunian
laun-laun kanyahoan
da Allah teu ngawidian

57. Manawi sing ati-ati
sing luhur budi pekerti
tindak-tanduk tata-titi
jalankeun anu tarapti

58. Komo ayeuna merdeka
ulah rek angkara murka
sirik musrik jeung deleka
ahirna matak cilaka

59. Namung sakitu piwulang
mangga ku aranjeun selang
mun kenging mah ulah hilang
lumayan baris pangilang

60. Nunuhun ka nu Kawasa
maparinan rahmat rasa
diri urang teh diraksa
tebihkeun nu baris nyiksa

Amin ya robal alamin
mugi Gusti nangtayungan

No. : 12
Penggubah : Abah Sarkam ; (L)
Umur : 60 tahun
Pekerjaan : Juru sawer
Tempat : Cirebon

Auzdubillah himinasy syaitonnir rojim
Bismillahir rohmanir rohim
pun sapun ka luhur ka sang rumuhun
ka handap ka sang betara.
sang betara sang betari, betari nagara haji
batara nagareja
maap agung ka sadaya
abdi nyuhun pangapunten
abdi bade nyawer heula
nu ngadangu tah kieu pokpokanana

1. Rarepeh pameget istri
kaula rek ngawurukan istri
ngawuruk terus jeung santri
supaya jadi nyi mantri

2. Kuring isin mah kantenan
ku sadaya nu mayunan
disebatkeun nanaonan
malikkeun ambatanan

3. Tapi neda suka lila
da ieu rek nyawer heula
sukakeun pada kaula
sakieu da moal lila

4. Kaluar nu sakieu mah
padamelan nu di imah
makaya da lain cumah
ngalap ganjaran walimah

5. Ulah kapalang nya sae
kuring tara unggal poe
ti dieu kieu sagawe-gawe
ngan saayeunaeun bae

6. Jeung ieu ucap-ucapan
lain heureuy karesepan
mun leukeun ngalalantipan
hasilna antep-antepan

7. Pulunganeun kolot ngora
beunang ngabanding jeung sara
keur mereskeun ka salira
peupeurih ngahaja tara

8. Santen burek ngadangukeun
bawaning ku tara leukeun
curuk bae didumpelkeun
kana kuping teh cocokkeun

9. Ya Alloh anu Kawasa
nu maparin ni'mat rasa
muga-muga ka ati manusa

10. Aung-agung pangapunten
ka panganten nu saranten
arimankeun nu maranten
pitutur sae teu kinten

11. Bisi tacan pada harti
anu kurenan sok pasti
nimuna lulus tarapti
kudu siking bela ati

12. Nineung ulah pasalia
sing kahade awas waluya
lamun pakia-kia
temen pasalia tea

13. Najan aya kurenaneun pacang-
kadan
jadi urang senang-senang badan
kagok siling baeudan

14. Taya bedana narungtut
senang-senang samiuk patut
rejeki mah nuturkeun nungtut
moal datang ngaburusut

15. Mun istri aya luputna
mun pameget sing hade darna
mun pameget urang hina
nu istri kudu wayahna

16. Hiap-hiap ka dieu istrina
kuring ngawuruk pangheulana
nyai sing hadë namapana
wuruk ibu mari sirna

17. Rekak polah ka salaki
nyai poma ge renced ge
disundakeun digawe oge
kana parentah salaki

18. Naon bae nu dipardihkeun
sing tumut bisa lampahkeun
ku pangersa lampahkeun
ulah mungpang ngaborongkeun

19. Mun kasimpingan tatamu
sing lingger ulah kamumu

20. Sing elingkeun sing ngalemah
yen salaki keur patimah
ulah roh sabab percumah
hawatir tinggal di imah

21. Geura sok ngagaraleuh bako
bari lenggah nyieun roko
pihapekeun ajangkeun ka jongko
keur nambah-nambah jeung
meuli boboko

22. Tatana sumping salaki
balang wah batan loba rejeki
geuwat buru taki-taki
sing tarima jadi koki

23. Usum ngaladenan neda
sing lingger ulah leleda
boga pagawean tunda
nyambel kade bisina lada

24. Sumawonna usum makaya
ngahadepkeun ka sadaya
caringcing saaya-aya
kumaha bisana tea

25. Samangsana nu dahar ponyo
tara beunang dibebenjo
ulah jauh keur sibanyo
matak nampeu nu rek ponyo

26. Jeung lamun angkat-angkatan
masing bareng sani'matan
kade ulah sasabutan
jeung istri layar babatan

27. Tapi jol ti panyabaan
ulah lila kalilaan
liwat ti pasejaan
bisi manggih pacelaan

28. Ka salaki masing kukuh
tekad ati masing pengkuh
ka baraya ulah angkuh
tatapi ulah salingkuh

29. Lamun nyai barangbikeun
anu patut dirangkepkeun
poma ulah disidemkeun
memeh pok ku dibejakeun

30. Ambeh ka nu diberena
dialuskeun duanana
malikkeun nyai asihna
nu diarah ti bawahna

31. Salaki moal ngeunaheun
pantes bae rek gareuleuheun
ngadekul sok mamanahan

32. Maneh lamun barangbere
hayang mikeun samping pare
salaki tara dipalire
lain salah jore-jore

33. Sanajan mere ka indung
yen melid sumput salindung
tangtu salaki teh pundung
sok loba nu silih tundung

34. Lain owel ku pamere
ngan ku ngabahananana
ngan hayang alus manahna
salaki tetep gorengna

35. Ku eta mah geus kamanah
di mana salaki ngeunah
kagungan garwa karinah
melid teh salat pitenah

36. Sakitu eta ingetan
eta ge gaduh pungutan
teu ngarasa diseungitan
tara sieun kapelitan

37. Geus tamat wuruk istrina
hiap-hiap kari pamegetna
euleuh-euleuh sateuacanna
ieu keur kasep tetep salatna

38. Sok bapa mere luang
tapi ge ngan omong doang
da bapa teu boga uang
nyaah mah saawang-awang

39. Eneng sing harti kacida
boga kabeubeurat banda
eneng bareto ngaduda
taya nu nyimpenan banda

40. Sing tangginas nyaring manah
ulah kajongjonan ngeunah
kudu leukeun ngolah tanah
tuncab-tanceb anu ngeunah

41. Sanajan suka nya matuh
sing nyaho dipangabutuh
eneng garwa teh sing lintuh
genteng-genteng ulah runtuh

42. Ilang bara nyukup sepuh
maneh bae masing lintuh
sepuh mah da tacan ripuh
masih keneh jagjag timpuh

43. Naon bae babalantik
ngarah sautak-saeutik
ngukut hayam ngukut itik
eukeur meuli samping batik

44. Ari lampah jeung mertua
samemeh tacan sawawa
kudu saregep sanyawa
ulah rek asa jeung boa

45. Papageran pakarangan
kurad-kored ngalenangan
montong ngantep pawirangan

46. Masing bere ulah umpet
kolot boga lalahan nampeu
ulah magah kupa-keupeu
habek pelakan ku sampeu

47. Saenyana lain heureuy
lain heureuy melak roay
melak hui meureun ngareuy
marek katuang kateureuy

48. Nu .umrah di pipir imah
pigeusaneun pager imah
sing bisa nyuguhan ka semah

49. Ka bojo sing aya harga
mun lulus siar oncogan
ulah kapira jeung raga
aya-aya moal ngaduga

50. Ulah barangasan teda
saeutik-eutik sok kagok
sok loba nu ting garewok
sok loba nu siling dabok

51. Saniskara pacabakan
da kudu jeung pamajikan
nu nguruskeun parab hakan
nu matak ngejo ngasakan

52. Bangsa urang leuleutikan
terangkeun ka pamajikan
ulah salingkuh tiktikan

53. Ka bojo yen memelid
tangtuna sekelit manah
nurut anggur sulit
anjogna papelit-pelit

54. Jadi masing-masing ajang
lumpat ka lalaki sejen
da urang teu ngajen-ngajen

55. Da asup kana pitnah
bojo teh papatih goah
nu nguruskeun eusi goah
lalaki nu purah ka sawah

56. Mun maneh dipangrucahkeun
ati maneh ditangtukeun
nyerina kabina-bina
moal aya papadana
kudu resik sakituna

57. Mun hayang dipipisahkeun
ulah geuwat diturutkeun
kudu tahan direureuhkeun
sing beak beuweung utahkeun

58. Unggal pos ngalenggerek
samar gawe geus tamat
muruk digirat

59. Ngan kari ngadua arab
tapi entong bangsa arab
da Gusti nu matak serab

60. Da Gusti nu sipat geten
abdi nyanggakeun panganten

61. Eukeurna di alam dunya
mugi Gusti nu Maha Mulya
sing katurut ku pakaya
sing jauh balai beya

62. Mugi-mugi dipaparin tenggang
sugan nyandang bati dagang
kuat nulung anu anggang

63. Lah ieu salaki jeung bojo
masing bur beureum bur hejo
loba ketan loba kejo
kolotna sing ngeunah nenjo

64. Sugih mukti loba milik
kuat ngahormat nu calik
bisa mekelan nu balik
nu miskin henteu kacalik

55. Hade budi jeung pangapih
jeung tatangga runtut rapih
mugi-mugi sing bisa ngiriman ka
sepuh

66. Ka nu deukeut oge heman
mugi-mugi tetep kaislaman
maot muga mawa iman

67. Kuring nyawer teh geus cape
ngan sakitu bae jempe
sugan sakitu ge sampe
lumayan keur baris kope

68. Sabab lamun papanjangan
geus nguruwuk patuangan
ngarep-ngarep pamasangan
kuring isin ku ondangan

69. Mangga atuh pribumi
ieu panganten geus lami
geura calikkeun di bumi
dina amparan nu resmi

70. Ti dieu kakara tamat
wallohu alam
manawi cekap mung sakitu
kidung sawer panganten ti abah
Sarkam

No.	:	13
Penggubah	:	Ibu Acih; (P)
Umur	:	70 tahun
Pekerjaan	:	Juru sawer
Tempat	:	Subang

Astagfirullohaladim, astagfirullohaladim
Asyhadu anla ilaha illalloh, waasyhadu anna muhammadarrosululloh
Audzubillahi minsyaiton nirrojim, bismillahir rohmanir rohim
sahadu sahadat Patimah
binti Rosululloh juhro yakarim
tahruju mun kudrotullohi
kang minang kalintang
agama kang den ratu wadon dunya aherat
Patimah mulih ti mana
ti kudrotulloh
naon nya bawa, sahadat jeung iman
naon tandana, sabar jeung darana
satetes saking rohani
saking madep ingkang jati
si nyai ratuning istri
Patimah weruh timpuh
erbulloh laksanira
panutup pangancing
dikancing ku Rosululloh
Lailaha illalloh, muhammadarrosululloh

Alhamdulillah Nyai Ujang
ayeuna ku Ema bade disawer
mudah-mudahan sing janten jalmi anu mangpaat
sing alus cinta ka ibu rama, taat kana agama
sakumaha parentah nagara
sing tiasa ngalaksanakeunana
sumawonna mun tiasa takwa ka Alloh SWT.

Pun sapun amit ampun
ka nu kagunga lembur
amit ka nu kagungan bumi
tabe ka nu kagungan bale

maap ka juranganana
nu calik jadi canoli
nu aya di papajangan
neda ampun nya paralun
neda panjang nya hampura
rek mapatkeun jampe nyawer
rarepeh istri pameget

1. Ieu rek ngawuruk putri
piwuruk terus jeung santri
kana manahna nyi putri
supaya jadi pamatri

2. Kuring isinna kantenan
ku sadaya nu mayunan
disebatkeun nanaonan
ngalilakeun amatanan

3. Tapi neda suka lila
kapan kudu nyawer heula
nyukakeun pada kaula
sakieu mah moal lila

4. Ngaluangkeun sakieu mah
padamelan nu di imah
mokaha da lain cumah
ngalap ganjaran walimah

5. Ulah kapalang nya sae
urang tara unggal poe
di dieu kieu nya gawe
ngan saayeunaeun bae

6. Ieung ieuh ucap-ucapan
sanes heureuy karesepan
masing leukeun ngalantipan
hasilna antep-antepan

7. Pulunganeun kolot ngora
meunang ngabanding jeung sara
peupeuriheun ngahaja tara

8. Hanas gure ngadangukeun
bawaning ku tara leukeun
eta curuk didumpelkeun
kana cepil dicocokkeun

9. Ya Alloh anu Kawasa
nu maparin ni'mat rosa
mugi ieu paribasa
nyangsangkeun ati manusa

10. Baeu bangkeut nu saranten
nu mahal ti batan inten
darangukeun ku maranten
aya pitutur sakinten

11. Bisi tacan pada ngarti
anu kurenan teh pasti
nimbulkeun lulus tarapti
ku silih beuli ati

12. Tina ulah pasalia
sing sapagodos waluya
lamun pakia-kia
sok remen pasea tea

13. Najan aya kajegudan
purunan jeung pacengkadan
tangtu urang emut badan
sundel ku silih baeudan

14. Taya bayana narungtut
dina samiuk sapztut
rijki mah nuturkeun nungtut
moal datang ka barutut

15. Mun bojo kalulupatan
nu pameget kudu wayahna
mun pemeget bareng sirna
nu istri kudu wayahna

16. Hiap ka dieu istrina
urang wuruk pangheulana
nyai sing hade nampana
wuruk ibu rama sirna

17. Tingkah polah ka caroge
poma nyai sing rancage
dipiwarang age-age
tunda keur digawe oge

18. Masing bisa titip diri
ambeh sepuh suka seuri
lampah ulah nganyenyeri
sepuh sok milu teu ari

19. Sumawonna aya tamu
sing hade pasesemu
nulak lingsem sakatimu
ambeh pameget teu nyemu

20. Sumawonna rek lumaku
naon candakeun nu baku
sodorkeun ka gigir pangku
ulah uyup-ayap kaku

21. Tatana sumping salaki
sumawonna nyandak rijki
geuwat buru taki-taki
sing narima jadi koki

22. Sing alus ngaladenanana
sing singer ulah leleda
boga pagawean tunda
nyambel kade bisi lada

23. Kumadepan ulah leya
caringcing saaya-aya
kumaha biasa tea

24. Jeung elingkeun ngalemah
mun caroge keur sepi mah
ulah rek nyaba percumah
pelesir tinggal ti imah

25. Jeung lamun angkat-angkatan
kudu beres jeung pamitan
istri mah leler bebetan
tatana di panyabaan
bisi manggih panyandaan
liwat tina pasejaan

26. Eujeung lamun barangbikeun
anu patut diregepkeun
mangga sok kudu bejakeun
ulah tuluy disidepkeun
jadi Nyai teh ninggalkeun
ngan nyai nu diomongkeun
caroge nu diawonkeun
eujeung lamun barangbikeun

27. Samping duit pare
caroge teu dipalire
lain salah jore-jore

28. Sanajan mere ka indung
yen meulit sumput salindung
tangtu caroge teh pundung
sok loba nu silih tundung

29. Lain owel ku merena
ngan ku ngabongohanana
sok hayang hade manehna
caroge tetep gorengna

30. Ku eta mah geus kamanah
di mana pameget ngeunah
kagungan garwa ngareunah

31. Eta mah nhya sakitu kaingetar
eta mah gaduh panutan
teu ngarasa diseungitan
tara nyieun kapelitan

32. Geus tamat wuruk istrina
yap ka dieu pamegetna
euleuh-euleuh bet ngadeukeutar
keur kasep tetep saratna

33. Seug Ibu merean luang
tapi ngan omongan doang
nyaahna saawang-awang

34. Agus sing ngarti kacida
kapengker Agus ngaduda
ayeuna mah enggeus beda
boga kabeubeurat dada

35. Sing tangginas nyaring manah
ulah kajongjonan ngeunah
kudu leukeun ngolah tanah
tuncab-tanceb anu ngeunah

36. Sapancong suk nya matuh
sing nyaho ka pangabutuh
Agus jeung garwa sing lintuh
genteng-genteng ulah runtuh

37. Kilang bara ngipuk sepuh
maneh-maneh sing mampuh
da Ibu mah tacan ripuh
masih keneh jagjag timpuh

38. Hanteu ngaborong-borongkeun
Pangeran mah naon bae panga-
turan
da aya opat lantaran
nu matak wareg dadaharan

39. Boh tani boh jual meuli
boh mangkat milampah kuli
boh nyantri ngawuruk ahli
ngestokeun piwuruk wali

40. Lamun loyog kana tani
mugi sing wekel barani
sing mukti datang ka uni
nyukup indung bapa nini

41. Sing jadian pepelakan
nyukup pake nyukup hakan
masing aya kaundakan
boga kuda.tutumpakan

42. Loba duit loba pare
seueur ketan seueur cere
ka baraya kuat mere
di dunya tiis nya sare

43. Lamun lohog kana dagang
mugi dipaparin senang

kuat mais kuat manggang
bisa neundeun bari dagang

44. Masing bisa bibilintik
dina jalanan balantik
mangpaat modal saeutik

45. Modalnamugi diriksa
ku Pangeran nu Kawasa
bibit hayam bibit itik
keur ngurus poleng jeung batik

46. Ari lampah jeung mertua
samemeh tacan sawawa
kudu saraga sanyawa
ulah dek asa jeung boga

47. Papager ngan pakarangan
kurad-kored ngalenangan
sing boga pikir sorangan
montong ngantos piwarangan

48. Masing beger ulah kumpeu
kolot boga lahan nampeu
ulah ugag-eugeug eupeu
habek pelakan ku sampeu

49. Saenyana lain heureuy
melak jaat meureun ngareuy
melak roay meureun raweuy
meureun katuang kateureuy

50. Da lumrahna di sisi mah
kudu leukeun ngolah lemah
pigeusaneun boga imah

51. Ka boojo kudu nyukakeun
ulah kumaki mebeskeun
ngahayu jeung nhapirakeun
sok ngawewenang malikeun

52. Tina kudu matak aneh
barangpenta kudu rineh
mawa ngomong kudu rineh
amih lulus diri maneh

53. Ulah barangasan nyogok
sautak-saeutik haok
jadi matak ngagok-ngagok
ana kapongpongan mogok

54. Samangsa bojo ngabugeug
urang ge tangtu sinigeug
hayang sampeu geus ngabigeug
kop sowet kosong euleugeug

55. Da kudu jeung pamajikan
metakeun baranghakan
nu purah ngejo jeung ngisikan
bangsa urang leuleutikan
bere beja pamajikan
ulah sok malik tiktikan

56. Ka garwa papelit-pelit
tangtu sundel nyungkelit
manah tungtungna ngurihit

57. Jadi masing ijen-ijen
ngupat jeung lalaki sejen
tuluy menta dipahijen
ka urang jadi teu ngajen

58. Tah kitu bisi teu nyaho
mangkahade ulah poho
kudu bawa sakanyaho
anjogna silih dodoho

59. Jeung ulah sok mangduakeun
ka diri maneh eunteupkeun

mun maneh dipangduakeun
ati maneh ditangtukeun

60. Nyerina kabina-bina
peurih taya papadana
awewe ge moal bina
kudu rajin sakituna

61. Jeung ulah sok nganyenyeri
saleuheung ku rijki kari
ngan sok miduakeun janari

62. Kuring nyawer teh geus sampe
lumayan keur baris kope

63. Eujeung lamun papanjangan
kuring isin ku ondangan
geus nguruwuk patuangan

64. Mangga tuh pribumi
ieu panganten geus lami
geura calikkeun ka bumi
geura amparan nu resmi
Asup bayu ku kurungan

65. Alus teuing layung bumi
hatur kembang galing muntang
ieu samping giringsing wali
karembong modang caracas
raksukan tambur katuncar mawur

66. Wur siang kalayungan
tutut gunung keong reuma
sumangga mah-sumangga mah
deuh Nyai geura caralik

67. Sok hayang mah nya Encep
peuyeum Pagaden
dikatukan dikacangan
sok hayang peureum panganten
dikasuran dikasangan

68. Ulah sok ngabotol limun
engke ge bulan puasa
ulah sok getol ngalamun
engke ge moal ku saha

No.	:	14
Penutur	:	1. Memed Hambali (L)
		2. M. Nasrudin (L)
Pekerjaan	:	Tani; guru agama
Tempat	:	Bogor

1. Bismillah damel wiwitan
mugi Gusti nangtayungan
Eulis Encep nu rendengan
mugia ksalametan

2. Salamet nu pangantenan
ulah aya kakirangan
sing tiasa sasarengan
sangakan jadi kasenangan

3. Sing senang laki rabina
nu diwuruk pangpayunna
nya eta bade istrina
masing dugi ka hartina

4. Hartikeun Eulis ayeuna
lebetkeun kana manahna
manawi aya gunana
nu dipamrih mangpaatna

5. Mangpaatna lahir batin
Eulis teh masing prihatin
ayeuna aya nu mingpin
ka caroge masing tigin

6. Tigin Eulis kumawula
ka raka ulah bahula
bisi raka meunang bahla
kudu bisa silih bela

7. Silih bela jeung caroge
ulah ngan pelesir bae
mending oge boga gawe
ngarah rapih unggal poe

8. Repeh rapih nu saimah
rumah tangga tumaninah
tapi lamun loba salah
laki rabi moal genah

9. Bisi teu genah ku raka
prak wae wakca balaka
lamun raka goreng sangka
buru bawa suka-suka

10. Suka-suka ti ayeuna
da Eulis atos laksana
ngajodo anu sampurna
ngahiji salalamina

11. Salamina sareng dulur
Eulis kudu bisa akur
akuran ka unggal lembur
sangkan jadi buah catur

12. Mun catur sing seueur bukur
ulah ngan kalah ka saur
napsuna ulah takabur
hirup resep loba batur

13. Sareng batur kudu jujur
layeut reujeung nu sakasur
runtut raut salelembur
nagara ge subur mamur

14. Subur mamur sauyunan
mun aya tamu payunan
tapi ulah timburuan
bok bilih silih benduan

15. Ngabenduan ka caroge
ngan ulah pasea bae
enggal atuh geura hade
ambeh geugeut unggal poe

16. Saban poe ulah lali
titih rintih suci ati
tembongkeun sing bear budi
ciri nyaah ka salaki

17. Lalaki mun sok nyandung
omat ulah waka pundung
komo lamun bari bingung
keun antep sina ngaberung

18. Ngaberung tong dihalangan
asal cukup sandang pangan
sina lilir ku sorangan
sangkan panggih kasenangan

19. Senangkeun Eulis pikiran
pikiran didadasaran
tukuh muntang ka Pangeran
supaya meunang ganjaran

20. Ganjaran ti Maha Suci
enggal atuh geura tampi
ayeuna Eulis ngahiji
sakapeurih sakanyeri

21. Sakanyeri jeung salaki
mun Eulis seueur rejeki
poma ulah sok kumaki
masing tumut ka salaki

22. Tumutkeun Eulis ayeuna
ayeuna tos laksana
laksana datang jodona
hate bangblas lalugina

23. Lugina dunya aherat
Gusti maparin rahmat
kana waktu ulah elat
disarengan silih hormat

24. Silih hormat ka sasama
sing nyaah ka ibu rama
lakonan parentah agama
tangtuna hirup sugema

25. Sugema hirup di dunya
nya eta kudu tatanya
rek nanya pek ka nu enya
badanna buru ditanya

26. Tanya bae ka hatena
tah eta pikeun hatena
saksi diri pribadina
nu tara jalir jangjina

27. Mun jangji anu ngajadi
eta jangji anu pasti
pasti jodo ti ajali
pikiran cengeng ka Gusti

28. Gusti mah teu weleh nyaksi
nyaksi gerentesna ati
ucap lampahna kasaksi
satincak-tincakna ngarti

29. Hartikeun masing karaos
ulah luas-luis-leos
sumawonna poporongos
pilari jalan nu raos

30. Raoskeun jaga ku Elis
Eulis ulah sok gumeulis
najan geulis baris ledis
ninggang kana titis tulis

31. Titis tulis bagja diri
patokan nu ti ajali
kajeun siga widadari
da moal beunang dibeuli

32. Dibeuli ku harta banda
da moal bisa kajaga
nu tangtu bakal ngaduda
nyicingan di alam baka

33. Alam baka kalanggengan
langgeng rasa ka Pangeran
supaya ulah rayungan
ngabogaan papalangan

34. Boga rasa kudu ngarti
tata-titi surti ati
kudu siloh beuli ati
pikiran dadamelan Gusti

35. Gusti Allah nu Kawasa
ngayakeun dunya tiasa
pepek eusi dunya rosa
sayagi pikeun manusa

36. Manusa mahluk pnjulna
palinter pangabisana
ngakalan eusi dunyana
nu kantun tumarimana

37. Tumarina ka Pangeran
tumutkeun kana dawuhan
Qur'an hadis tuduh jalan
ti para nabi panutan

38. Panutan urang sadaya
poma ulah rek cangcaya
sadaya kudu percaya
ka Gusti Allah nu Mulya

39. Mulyana nu Maha Agung
sing saha bae ditulung
ku bumi alam dijungjung
nyaahna kaliwat langkung

40. Nyaah bae nu Kawasa
ka masing-masing manusa
ulah dir gagah perkosa
bisi urang loba dosa

41. Dosa mah ti pada jalmi
welas asih ka sasami
micinta ka lemah cai
layeut jeung batur sabumi

42. Sing layeut laki rabina
ulah aya kuciwana
silih antuer kahayangna
akur reujeung barayana

43. Mun akur ka sadayana
tembongkeun budi basana
nu bener tingkah polahna
supaya hirup sempurna

44. Sampurna Euis ayeuna
yap ka dieu pamegetna
bapa bade ngawurukan
diregepkeun ku asepna

45. Regepkeun teh ku hatena
bapa mepelinganana
tadina Asep ngaduda
ayeuna mah gaduh garwa

46. Sareng garwa kedah layeut
sing geugeut sacara leugeut
poma ulah pikir heureut
sangkan silih pikameumeut

47. Mikameumeut sareng bojo
laksana Asep ngajodo
tapi lamun ngabobodo
bojo moal mikasono

48. Mun sono Asep ka istri
sing pageuh saperti patri
campur gaul sareng santri
kalayan ati nu suci

49. Nu suci pasti beresih
tara aya nu dipamrih
ka bojo teu weleh asih
sagala sareng pamilih

50. Pilih ku Asep ayeuna
nya pek tanya ku hatena
nu goreng jeung nu hadena
sing karasa ku dirina

51. Diri pangasih Gustina
Gusti mah moal nyiksana
moal bae ngaganjarna
kumaha bae amalna

52. Amal hade tangtu genah
laki rabi tumaninah
lamun amal anu salah
jaga baris nyorang susah

53. Susah lamun teu ngarobah
nu ngajak ngarah ngarinah
napsu nu mawa sarakah
pek atuh pake ibadah

54. Mun ibadah anu tangtu
bagikeun ka nu pihatu
mikeunna tong ragu-ragu
bilih istri janten bendu

55. Bendu istri Asep bingung
ulah waka sok ditundung
lamun istri terus pundung
pangmeserkeun geulang kalung

56. Geulang kalung serba sae
enggal atuh geura pake
dianggena unggal poe
nu kantun pelesir bae

57. Pelesir Eulis ka Kota
tah bawa duit sajuta
mun aya kahayang menta
tapi ulah lahuta

58. Lahuta aya kahayang
nyariosna ngagorolang
nu bakal moal kasorang
pikir nu mawa bingbang

59. Bingbang bongan sok sulaya
mikahayang nu teu aya
ahirna pakia-kia
ngajauhan ka baraya

60. Baraya lamun ngahiji
eta nu langkung utami
hubungan anu sajati
ngariung sapara wargi

61: Wargi Asep sadayana
sakitu mikadeudeuhna
barungah dina manahna
nu janten ibu ramana

62. Ibu rama ngiring doa
Asep ngagaduhan garwa
istrina lamun satia
hiji bae tong ngadua

63. Ngadua gaduh istrina
moal beres salamina
pakucrut rumah tanggana
mun teu cocog jeung agama

64. Era atuh ku tatangga
sapopoe ngan pasea
ku istri dipingewa
ku tatangga dilelewa

65. Lamun boga harta banda
sing kuat nahan gogoda
bisi kagoda ku randa
pikir heula jero dada

66. Pikir Asep sing waspada
supaya teu ngarasula
mun keukeuh pikir midua
akibat jadi pasea

67. Pasea jeung pamajikan
napsu setan barangasan
teu ngajadi kauntungan
tetep dina krugian

68. Rugi lamun ngumbar napsu
napsu pangajak nu palsu
ngarajing ngajadi asu
nu tangtu badan kalangsu

69. Kalangsu bongan sorangan
osok daek ririungan
mimitina heuheureuyan
dina tempat pamaenan

70. Maen/dadu maen kartu
eleh meunang tacan tangtu
mun meunang udud surutu
mun eleh ngobral sapatu

71. Ngobral baran gkamewahan
harta banda dijualan
di imah awut-awutan
lebur ancur bebeakan

72. Beak duit dipikiran
eleh maen kalawahan
tapi keukeuh panasaran
napsu teu beunang ditahan

73. Ditaha henteu katahan
dipikir terus-terusan
datang napsu panasbaran
setan iblis ngadeukeutan

74. Setan nu ngajak jarambah
nu mawa kana sarakah
dipake kana awuntah
disorang napsu nu rucah

75. Rucahna antep-antepan
teu ngareret rerencangan
cicing dina palacuran
teu inget ka pamajikan

76. Pamajikan teu direret
duit metet dina dompet
tapi mere kekerehet
ku tarik-tarikna pelet

77. Kapelet ku pamakena
pabeulit pikiranana
teu karasa ku dirina
diumbar bae napsuna

78. Napsuna mangprung ngaberung
teu aya anu dirarung
miboga rasa adigung
tungtungna ripuh jeung bingung

79. Bingung bongan osok salah
teu bisa nahan amarah
jangji ka batur sok gaplah
teu inget kana papatah

80. Papatah ti para sepuh
ulah boga rasa angkuh
mun jangji kudu sing tukuh
ucap lampah masing ampuh

81. Masing a...puh ti ayeuna
sing bisa mawa hirupna
jauhkeun napsu gorengna
deukeutkeun napsu hadena

82. Deudeuh teuing putra ibu
omat tong ngalajur napsu
ulah maen lacur ngadu
mun bener nyaah ka ibu

83. Nyaah deudeuh mikasono
diri pola kangge conto
mangka kade ulah poho
bojo teh bawa lalajo

84. Lalajobari pelesir.
tingali sisi basisir
sugan awas tina pasir
alam dunya geura taksir

85. Geura taksir pangaturan
dadamelanana Pangeran
aya gedong matak heran
luhur pageuh nanakeran

86. Teu ngaruag teu ngarieg
sakitu eusina uyek
pirang-pirang nu ngalenyek
tapi henteu ngarempeyek

87. Ya Allah anu ngayuga
ieu alam ngan nyalira
bumi langit ge tohaga
éusina mani tohaga

88. Eusi dunya warna-warni
cahaya panonpoena
sato tatangkalanana
cawisan keur manusana

89. Manusana maruji sukur
ka Gusti Allah nu ngatur
panganten sing subur mamur
kalayan hirupna jujur

90. Masing jujur sahaluan
ayeuna Asep duaan
ulah aya pacengkadan
sing bisa silih belaan

91. Bela pati jiwa raga
dunya katut aheratna
ku Asep kudu dijaga
sangkan Eulis gumbirana

92. Gumbira nu pangantenan
papatah tamba lumayan
ku Eulis Asep lenyepan
nyawerna tereh wekasan

93. Nyawer teh turun tumurun
tuturunan ti karuhun
pamugi ulah dikantun
sawer turun hatur nuhun

94. Sawer hartina panggeuing
papatah geura nyararing
dangding bari ngahariring
pepéling masing areling

95. Areling urang sadaya
ka Gusti Allah nu mulya
ulah aya panca baya
sadaya mugi waluya

96. Waluya para wargina
rawuh para pangantenna
gumuruh rasa batinna
sareng hate ka Gustina

97. Gusti abdi muji nuhun
ngumbara mangtaun-taun
ku bumi alam dilahun
nimat kateda kasuhun

98. Duh Gusti langkung heman
mugi sadaya sing iman
nya netepan kaislaman
mugi maot mawa iman

99. Bapa nyawer teh parantos
mung kantun bade wawartos
ka ondangan nu ngarantos
mugi sami pada ngartos

100. Pada ngartos sadayana
nu dicarioskeunana
lebetkeun kana manahna
noropong jalan sampurna

No. : 15
Penggubah Ustad H. Dimyati; (L)
Tempat : Bogor

1. Hamdan lillah 'ala dawam
suma solatu wasalam
'ala nabiyyi hoiril anam
wal ali wasohbihil kirom

2. Salam takdim ka sadaya
para wargi jeung baraya
para kanca nu marulya
nu sami di dieu aya

3. Sim kuring neda paralun
reh ayeuna kumawantun
ngadeg ka sadaya mayun
bari ngadangdingkeun pantun

4. Pantun nu mangrupi sawer
minangka diajar wanter
ulah ngapyak teuing jawer
mung pamugi ulah gehger

5. Nyawer ka nu nembe nikah
eusina wungkul papatah
pibekeleun imah-imah
sangkan runtut tumaninah

6. Lulus banglus laki rabi
cara rumah tangga nabi
jauh ti bahla cocobi
deukeut kana rahmat Robbi

7. Ayeuna urang ngawitan
mangga geura saraksian
bilih aya kalepatan
lereskeun ku para ihwan

8. Panganten lalaki heula
heg regepkeun masing rela
ulah bari ngarasula
wayahna da moal lila

9. Ujang ulah gegelendeng
da nyawer teh tara mindeng
bet moal sapeuting campleng
moal datang ka lalendeng

10. Anaking cikeneh pisan
ku Pa Naib dirapalan
ijab kobul pertikahan
jeung ngedalkeun patalekan

11. Ku ayana ijab kobul
Ujang halal campur gaul
jeung istri anu ngejentul
di gigireun Ujang tungkul

12. Tah istri teh bojo Ujang
pibatureun dina ranjang
jeung batur hirup sakandang
sakawirang sakasenang

13. Ti waktu ayeuna pisan
hidep boga pamajikan
sarta boga kawajiban
anu kudu ditohonan

14. Ujang kudu iklas niat
pang kawin teh seja toat
reujeung seja nyiar rahmat
lain rek ngalajur sahwat

15. Lamun Ujang lepat angkeuh
sok gampang laas kadeudeuh
batan senang kalah riweuh
akibatna tijalikeuh

16. Ka bojo hidep sing asih
rengkak paripolah kudu rintih
ulah sok resep carigih
sumawonna mun bibintih

17. Anaking hidep sing ngarti
bojo teh amanat Gusti
heg ku hidep pusti-pusti
anggap jimat anu sakti

18. Lamun seug eta amanat
ku Ujang henteu dirawat
pinasti hidep kaliwat
cilaka dunya aherat

19. Ari peta ngarawatna
lain ngan ngurus pakera
teu cukup gede imahna
nu penting mah agamana

20. Bojo teh ku Ujang tungtun
papatahan sarat rukun
ibadahna sina tekun
ulah jadi istri buhun

21. Ka bojo ulah sok ngantep
disina sakarep-karep
sapedah bogoh jeung resep
bisi nyilakakeun hidep

22. Sabab dawuhan Allah ge
bojo teh musuh caroge
mun gnrusna kurang hade
najan loba mere pake

23. Inna min ajwajikum
waabla bikum
adu walukum
al ayah

24. Lamun bojo sok nyerenteng
sok nyarekan ngagantawang
eta teh tamaha urang
lantaran asuhan kurang

25. Bongan urang sok toledor
atawa sok nyolowedor
salingkuh jeung toloheor
pantes ku bojo ditegor

26. Coba lamun urang bener
nyekel papagon nu pangger
tinangtu bojo ge bageur
nurut kalawan jalinger

27. Nu matak mun bojo wera
Ujang ulah rek nyoara
mun nembal sok urru-ara
antukna Ujang nu era

28. Lamun rumah tangga Ujang
beres roes herang mencrang
tangtu Ujang anu senang
mun kusut Ujang nu wirang

29. Hirup jeung bojo sing layeut
kudu silih pikageugeut
ibarat gula jeung peueut
amisna mani kareueut

30. Imah-imah sing merenah
supaya karasa genah
dina sakur laku lampah
ulah tinggal musawarah

31. Bojo ajakan badami
peta kitu teh utami
teu cara lampah samuni
peta kitu teh teu uni

32. Lamun Ujang meunang milik
poma Ujang arek licik
angguran ka imah balik
ambeh duaan mutrikrik

33. Reujeung kade pisan Ujang
rek boga mata karanjang
teu kaop nempo nu lenjang
sok poho di larang wirang

34. Ujang ulah hayang nyandung
sabab moal matak untung
malihan sok matak bingung
ahirna matak kaduhung

35. Sanajan nyandung teh wenang
tapi saratna teu hampang
teu cukup ku pedah hayang
ulah pedah loba uang

36. Saratna nyandung teh adil
mun teu adil tangtu jail
nu jail sok tigurawil
jadi baturna idajil

37. Sing bisa ngukur ka kujur
sing ngaragap hate batur
napsu ulah sok diabur
kaduhung mah sok ti pungkur

38. Ujang sing bisa ngalesu
ngenyed pangajakna napsu
bisi cara sato asu
gorengna turun ka incu

39. Nu kudu dipahing pisan
ngadeukeutan palacuran
lacur hiji kalakuan
panggedena kajahatan

40. Lacur panggedena dosa
sabab nandasa manusa
kahormatan diperkosa
matak ngaruksak ka bangsa

41. Satuluyna ka anaking
salawasna kudu eling
ulah gampang langlang-lingling
teu kaop manggih kapusing

42. Teu kaop manggih teu ngeunah
gancang nibankeun pamasah
ragrag talak terus pisah
peta kitu laku salah

43. Ulah sok kejot borosot
ulah sok babari sewot
engke nu susah mah kolot
mertua ge milu repot

44. Rampaan heula sing pangger
kalawan hate nu teger
sarta pikiran nu seger
ulah gampang kabalinger

45. Iwal mun geus beak dengkak
jalan dami geus ditincak
awet ge kalah ka ruksak
nya kapaksa ragrag talak

46. Talak teh sanajan halal
tapi mun teu aya pasal
anu kaharti ku akal
akibatna henteu halal

47. Nganyenyeri popotongan
ku mertua diherengan
ku Pa Naib diseukseukan
ku Allah ge dibenduan

48. Ujang ulah cruk-crek kawin
sabab kawin lain ulin
cruk-crek teh ngaruksak batin
iman matak beuki rudin

49. Sakitu cukup piwulang
ditujukeun ka si Ujang
tinggal si Nyai nu lenjang
urang sodoran piwejang

50. Ti mimiti ieu waktu
Nyai teh jadi minantu
gaduh panutan nu estu
putra mertua nu tangtu

51. Caroge Nyai teh santri
bageur pinter suci ati
keur kasep teh jeung raspati
ka Nyai tangtu mupusti

52. Nyai kudu age-age
ngaladenan ka caroge
budi pangrangi sing hade
sing tiasa ngalap hate

53. Si Nyai teh ku umum mah
disebut papatih goah
tukang ngatur tukang ngolah
ngolahkeun di jero imah

54. Ari ceuk jaman kiwari
caroge perdana mentri
Nyai mantri dalam negri
nu ngaheuyeuk jero puri

55. Rumah tangga bakal subur
mun papatih bisa ngatur
laki rabi matak guyur
upama Nyai teu jujur

56. Nyai sing boga duduga
jeung budi anu peryoga
pikeun ngatur rumah tangga
teu cukup ukur ku laga

57. Mun caroge nyaba jauh
Nyai poma rek salingkuh
karunya caroge ripuh
ngahasilkeun pangabutuh

58. Upama si Akang sumping
angkaribung jangjang-jingjing
geuwat papagkeun sing ginding
sing seungit minyak meleding

59. Mun ningal si Nyai endah
caroge tangtuna bungah
poho kacape kasusah
da imah ge beuki betah

60. Coba mun tas dagdag-digdig
nenjo bojo ruwag-rewig
susu rayud bari rawig
moal teu ngabirigidig

61. Nyai ngaluis jeung dangdan
ulah keur midang ka jalan
tapi keur caroge pisan
ngarah hatena katawan

62. Mun si Akang nuju pusing
anaking wayahna jempling
lamun si Nyai nu rungsing
jejebris mudu dipahing

63. Najan sakumaha ambek
wayahna ku Nyai pengkek
poma Nyai jajak-jejek
atawana hubak-habek

64. Dosa lain enteng-enteng
mun Nyai wani ngareheng
ka salaki sasanggereng
ka tatangga jadi gandeng

65. Dosa lain enteng-enteng
mun Nyai wani ngareheng
ka salaki sasanggereng
ka tatangga jadi gandeng

66. Dina nalika tiiseun
Nyai ulah sok cicingeun
angguran sing daek leukeun
kupat-kaput juan-jieun

67. Nyieun baju ngaput erok
motongan keur baju orok
ulah sok resep ngahekok
da moal nambahan montok

68. Ngajaga bilih jeung bisi
Nyai ngabogaan bayi
mun geus sadia mah Nyai
tangtu moal hese deui

69. Jeung heg sadia bebengkung
bisi kaparengan untung
dipercanten ku Nu Agung
Nyai teh ngajadi indung

70. Si Nyai kudu iatna
mun kapareng jadi ema
najan kacida bungahna
tepi gede resikona

71. Anak teh hiji titipan
ti Allah nu Maha Heman
bisa jadi kabungahan
bisa jadi kasusahan

72. Mun bener ngasuh jeung ngurus
tangtu matak jadi mulus
mun asuhan henteu urus
anak sok mawa tigebrus

73. Ka anak teh kudu nyaah
ngan kade nyaahna salah
kade anak atah warah
Nyai nu nandangan susah

74. Bageurna anak gumantung
kana atikan ti indung
lamun anak burung palung
indung nu bakal kaduhung

75. Geuning aya hadis resmi
kasauran kangjeng Nabi
yen surga anu utami
handapeun dampalna umi

76. Sarengna loba kenah
nu perlu diwulangkeun teh
papatah anu araneh
ngan bisi sawan kolseh

77. Nyawer urang tutup bae
muga akibatna sae
panganten laki awewe
muga rarapuh harade

78. Runtut raut salamina
henteu aya kuciwana
tebih bahla cilakana
dunya rawuh aheratna

No.	:	16
Penggubah	:	H.Encep Ahmad Fudoli
umur	:	45 tahun
Pekerjaan	:	Juru sawer dan tani
Tempat	:	Bogor

1. Kalawan maca bismillah
nyebatkeun jenengan Allah
teras maca alhamdulillah
ari puji gaduh Allah

2. Oge salawat sareng salam
mugi ka jungjunan alam
Muhammad haerul anam
wa alihi wa ashabil karam

3. wa bada wa syaean
rek ngahibur panganten
nu wali jeung pernikahan
sugan aya kamangpaatna

4. Dina soal pernikahan
eta teh ngandung urusan
pada gaduh kawajiban
Nyai sareng Ujang pisan

5. Laku lampah nu kacatur
anjeun kedah muji sukur
ibadah ka Robbul Gopur
jeung elmuna anu akur

6. Apalagi urang ayeuna
tos ka kurung ku nikahna
wiat ulah gagabah
perhatikeun saleresna

7. Istri sinareng pameget
kawitna pada geget
silih asih pikameumeut
tebihkeun nu matak raheut

8. Pami urang nuju subur
urang kedah miasukur
urang sing gaduh kapaur
sing sering nguping pitutur

9. Mun dongkap nu matak hambar
karaosna matak keutar
eta urang kedah sabar
ngeker napsu ulah diumbar

10. Sing laer tali aisan
pami aya kalepatan
si Ujang ka pamajikan
lamun ngangeun kapangsitan

11. Oge nyambel kaladaan
sareng masak kasiangan
acuk tacan diseuseuhan
tanapi can kaelusan

12. Si engkan gsing ageung hapunten
mun lambe tacan dilipen
lancingan can dibukakeun
sinjang teu dilelekekeun

13. Ny akitu Nyai ka engkang
upami seueur kakirang
masihan berupa uang
sing sabar ulah kapalang

14. Kedah urang silih maap
mun lepat pada kagarap
ngahampura masing siap
tingkah laku jeung pangucap

15. Sakitu nu kapihatur
sakedik rupi pitutur
Ujang Nyai geura mungkur
geura bobo dina kasur

No. : 17
Penggubah : Suherman (L)
Pekerjaan : Guru kesenian SD
Tempat : Purwakarta

Kunasari

1. Bismillah kecap mimiti
mimiti muka carita
ngedalkeun kabungah hate
mangka caang narawangan
nyebat asmana nu Agung
rek nyawer kabiasaan

Jemplang Karang

2. Pasini hidep ngajadi
subaya apan laksana
kahayang sami kalakon
cita-cita ti baheula
niat ngolah rumah tangga
ngojayan lalakon hirup
nu pinuh ku kabagjaan

3. Cep Dodi geus kudu perih
da geus boga kabeubeurat
Neng Wiwin gaduh caroge
ti danget ayeuna pisan
payunan mangka utama
sangkan hirup runtut raut
silih simbeuh pikanyaah

Jemplang Bangkong

4. Sabab ari rumah tangga
rupa enteng tapi bangga, kacida
rupa bangga tapi gampang
lamun bisa na ngolahna, ngaturna
estu pinuh madu wungkul
pinuh ku nimat rasana
kabungah jeung kabagjaan
pikeun nu wijaksana mah

Ayang-Ayang Gung

5. Bagea teuing
bagea nu anyar sum?ing
nu rek mipit kembang
sekar ditetelar

6. Ayang-ayang gung
ngajugjug ka bale nyungcung
namplokkeun kaasih
pasini ngajadi

7. Andeng-andengan
runtut raut sauyunan

tah kitu harepan
rukun babarengan

Goyong

8. Bage datang hiap anaking
di karang agreng keur rendengan
hiap duh ka dieu hidep

9. memeh ka bale nyuncung
ngaitkeun pasini ati
silih tamplokkeun kanyaah

10. reujeung anak ibu
tandaning rasa kabungah
ciri asih ti sepuh nu rido galih
ku kembang mangle siloka

Pangapungan

11. Neda Agung Sang Rumuhun
neda rido niku Kawasa
neda pangjaring Gusti
Bismillah seja ngawitan

Pangneda

12. Nun Gusti nu Maha Agung
anu murbeng bumi alam
abdi nyanggakeun pangneda
mugi pun anak sadaya
ginuluran panjang punjung
hirup bagja lahir batin

13. Kacang kolear miang
lain lantung tambuh laku
(ngajungjung)
lain lentang tanpa beja
teu wasa kaleuleuwihi
ukur miharep pangrido
(Gusti)
bismillah seja ngawitan
ngalubarkeun pangbagea
(anggeus)

14. Muji sukur dumeh bungah
dumeh pun anak rimbitan
ngalakonan sunah nabi
neda pangdu'a sadaya
muga pinarengan bagja
tansah ti pangjaring Gusti
(Agung)
Wa Lengser geura bral miang
(cag bral)

Jemplang Bangkong

15. Tapi pikeun jalma sulit
laki rabi teh rarujit, berewit
taya pisan kamulyaan
teu manggih kasugemaan,
kabagjan
wungkul ditapuk ku rucuk
pinuh diriung kabingung
diiring-iring kapusing
diudag-udag kasusah

16. Mangka ari kabagjaan
di mana atuh nyampakna, ayana
naha dinu luhur kuta
loba dunya luhur tahta, pangkatna
naha mun nyanding nu geulis
tawa ngagendeng nu kasep
bagja teh atuh di mana
na naon ukuranana

17. Mungguh ari kabagjaan
nyampak di jero jiwana, tekadna
pikeun jalma anu takwa
nu kandel iman islamna, ihsanna
nampi kani'matan Gusti
boh nu hade boh nu goreng

sagala anu tumiba
kersa Allah Taala

Amin ya Robbal alamin
mugi Gusti nangtayungan

No.	:	18
Penggubah	:	K.S. Kostaman (L)
Umur	:	51 tahun
Pekerjaan	:	Redaktur RRI Bandung
Tempat	:	Bandung

1. Paralun nyelan gpihatur
ka sadaya nu caralik
amit bade nyawer heula
ngeusian tali paranti
nyumponan kabiasaan
nurut galur nini aki

2. Diatur diwangun catur
dirakit dangding pepeling
direka babaran basa
ngedalkeun haríring ati
gelaran rasa kanyaah
ka nu anyar jatukrami

3. Malar tinemu rahayu
pinanggih repeh jeung rapih
enggoning rangkep rimbitan
layeut geugeut silih asih
sing trika sugema ati
ngeunah nyandang
ngeunah nyanding

4. Piwuruk bareng diragum
ka pameget ka nu istri
dirampidkeun duanana
moal rek diwiji-wiji
supaya singget waktuna
ulah matak kesel calik

5. Istri wajib sujud tuhu
tuhu satia babakti
nyumponan dikaistrian
rikrik gemi ati-ati
miara parejekian
teu nyesa ge asal mahi

6. Pameget jatining pageuh
pamatri nu tigin ati
ka garwa kudu satia
ulah mangduakeun pikir
mun garwa aya luputna
wurukan sing rintih rapih

7. Ulah murugul ngaberung
ngajujur sakarep ati
nyumponan kapamegetan
supaya nyiar rejeki
keur napakah rumah tangga
teu jejerih ku kapeurih

8. Ulah nguyung ku nu umum
tong sok nyeri ku nu galib
sarerea ge biasa
nyorang bungah jeung kasedih
tara suka salawasna
tara sedih unggal dami

Sakitu piwuruk sepuh /amanat bawaning melang / tungkus na embun-embun / catet na jero ati / pioboreun lumampah di pawenangan.
Dirgahayu anaking / muga tinemu rahayu / ngancik di jati walagri.
Amien . . . . .

No.	:	33
Penggubah	:	K.H. Subrata (L)
Umur	:	72 tahun.
Pekerjaan	:	Guru STN
Tempat	:	Purwakarta

1. Bismilah sawer ngaruat
dirakit bari digurit
awit seja amit-amit
ka kolot nu jadi kawit
ka dulur anu mulukut
ka baraya nu tibelat
ka para mitra nu dalit
jembarna mah ka sadaya masa-
rakat

2. Katampi hatur uninga
manawi idin ti Gusti
kersa nu Maha Kawasa
enjing dina hiji Mei
dinten Senen manis legi
maksad bade buka pintu
toko Optika Jasepa
ngawitan aktip sayogi
tos sadia sugri sadaya sarana . . .

3. Kahiji marios soca
bok bisi kirang tingali
poma ulah asa-asa
terbuka sagala wanci
waktosna diperinci
moal kaku, moal runcit
biaya mo sabaraha
ulah rek didamel rugi
banda tetela tatalang raga

4. Dupi anu kaduana
di toko atos sayogi
sajumlah kaca soca
kacana ge rupi-rupi
samalah warna-warni
nu kulawu anu biru
bodas herang mah biasa
biasa kaca sasari
aya deui potograf luar biasa

5. Ka sadaya kadang warga
tatangga kulawargi
para kanca para mitra
neda rido widi
rehing ieu pa mantri
pa Mantri Sahob sakupu
jalaran muka usaha
bok bilih hariring bayi
aya basa bet ngaganggu ka
tatangga.

6. Neda rido ti anjeunna
neda widi ti kiwari
ulah naha-naha jaga
ti kiwari tos taliti
ka sadaya pra wargi
nyanggakeun sewu bebendu
laksa-laksaning duduka

Ari mungguh jalma tea
ulah rea pisan rek kumaki
harak kapada kaula
reueus menak reueus sugih
mungguhing ka Yang Widi
menak atawana ratu
nu beunghar anu gagah
taya nu dianggap leuwih
nu punjul mah jalma suci atina.

Anaking !

Lakuning jalma utama / ucap lampah teu tingal tina wiwaha. Rek ngomong pikiran heula / bisi nyugak matak raheut hate deungeun / rek leumpang ngalengkah heula / bisi ngarempak larangan / rek dahar bismilah heula / anu halal dihuapkeun / anu haram disieuhkeun / bisi matak kabeureuyan.

Anaking !

Lamun pareng hidep mujur / luhur kuta sugih mukti / sing iatna / mangka kaduga mawana / ngasuh dunya leuwih beurat / leuwih loba bahayana / batan ngasuh maung galak.

Sing emut / dunya lain agulkeuneun / lain bawaeun takabur / geuning saur sepuh oge / umur ukur gagaduhan / bada ukur sasampiran / kitu deui / pangkat ukur pupulasan.

Nu miskin can puguh hina / nu kaya can puguh mulya / mun hirup keukeuh sarakah / hartina masakat keneh.

Ulah ngeunteung kana miskin jeung beungharna / lamun hidep hayang bagja / teangan di jero hate.

Najan sugih / najan mukti / pacuan hidep kaleuleuwihi / mangka wajar sahinasna / tong ngaronjat roronjatan / sing waspada nepak nepus nguji diri.

Geuning bujangga kahot ngagelarkeun papatah kieu :

bangkong dikongkorong kujang
ka cai kundang cameti
kole di buah banggasa
ulah ngomong memeh leumpang
hirup katungkul ku pati
paeh teu nyaho di mangsa
sing iatna anaking !

Hirup katungkul ku pati / paeh teu nyaho di mangsa / duka isuk / duka sore / dipundut ku Nu Kawasa.

Sing eling ka geusan mulang / sing rebo bawaeun miang / mulih ka jati mulang ka asal / kebo mulih pakandangan / tong mawa pikaduhungeun.

Assalamualaikum wr. wb.

Para sepuh miwah mitra sadayana, jisimkuring ngawakilan ibu rama panganten, neda widi turun kaul / nohonan tali paranti / nyawer panganten sakalih / kilang kitu sanes agul ku panemu / palias jembar panalar / nurut talari sepuh / miwuruk miwejang doang / tutus langkung kepang halang / bobo sapanon carang sapakan, mugia ageung sih haksami.
Anaking !
Asep, Eulis.
Poe ieu hidep direndengkeun / poe ieu hidep jatukrami / poe ieu hidep pileuleuyan /nilar mangsa pancaroba / mangsa hirup sambewara/ mangsa hirup sangeunahna / saresepna.
Sepuh-sepuh kadang wargi /ayeuna riung mungpulung / jajap hidep duaan. Pindah ka alam sawawa / meuntas laut kahirupan / nu pinuh ku tanggung jawab.
Bral . . . . . !
Anaking / geura miang / beber layar tarik jangkar / sing gumati nya ngamudi / toweksa kana padoman / masing tapis nguntit angin / mangka tabah mapag lambak / muga-muga hidep rahayu wibawa mukti / balabuh di peuntas ditu / hanjat di nusa kabagjaan.
Tapi poma sing iatna / mungguhing di laut tea / bahaya sakuliahna, diintip ku hujan angin / didodoho hiu galak / mangsana sagara wera / lambak teu aya hampura.
Kitu pisan perlambang hirup di dunya / ngumbara di alam rame pirang-pirang gogodana / sing dalu diburu-buru ku napsu / lamun urang leumpeuh yuni / henteu pangger dina bener / moal boa / parahu geusan balayar nu diwangun poe ieu / kandas di tengah sagara / karem kateureuy ku lambak.
Tapi / ulah seber ti memehna / ulah reuwas ku wangwangan / mun tapis ngawiwik diri / awas ngariksa salira / insya Allah hidep salamet nepi kapeuntas ditu.
Pibekeleun hirup kumbuh / keur di dapur / tegesna di rumah tangga / teu anggeus ku paribasa, dahar seubeuh pake pageuh / nu penting mah runtut raut / geureuhna sareng caroge.
Dina geusan campur jeung batur / pon nya kitu / henteu anggeus dapon wawuh / kudu bisa ngarangangan hate deungeun . . . . .
Jimat hirup nu utama / taya lian / HADE TEKAD / HADE UCAP / HADE LAMPAH / jauhan pikiran hasud harak kariniah singkahkeun / mangka leah / mangka lillah / usuk malik teu jauh ti rido Alloh.
Dangukeun piwuruk sepuh, piwejang bujangga luhung :

dijayak ku nu laksana
pujina dikir pangrawit
lemah putih pakarangan
nyungkat langit tujun lapis
nincak rancang tujuh tumpang
nitihna ka bumi salaka
unggah maring sawarega
pada nu mawakeun sembah
dipapag ku widadari
datangna ka sawarega
disampakkeun kabeungharan
hiyur maring bulu manik
siyang-siyang bulu mirah
mun kudu bulu kancana
lamun munding bulu hiris
mapana sekar mancirang
ayung-ayung batu sari
sasaka suriyakanta
bilik gedah rumangsiang
papayon sutra winadi
palupuh tunjung rajasa
lamun kasang tampa hyang
lamun kasur tembang tepus
guguling sekar pangrawit
susun cahaya emas nagara
direregan sarangenge
kembang talaga bancana
lamun talaga kalkaosar
tampian sawarega
dumarikdik kumarincing
keusik manik batu mirah
keusik manik tunjung sari
puser kurung pangambungna
tapak jalak dina ilat
terus ka dampal sampean
kincir kuring kincir jati
kincir jati banas pati
anu ngayugakeun awak
nu matak aya kuntul putih
sing barang nu ngalayang
eunteup dina rangrang lima
pur ka luhur per ka handap
ka pohaci lenyap manik
beunang sahuhudung dua mulud
beunang sasalindung dua rewah
susumpay dua saepi
elingkeun dua sagala
mangkana jadian kuras
mangkana jadian tahun
buncir leuit rea duit
rea ketan rea keton
mangkana ngarunggunuk batan cikur
miaseuk siki sasawi
mangka sing rea putrana
hejo batan siring bungur
ngareudekeh batan sereh
ngarandakah batan manjah
sollallohu alaihi wassalam.

No.	:	32
Penggubah	:	Atjeng Soebana (L)
Umur	:	48 tahun
Pekerjaan	:	Kepala Kandep P & K Kec. Pager ageung Kab. Tasikmalaya
Tempat	:	Manonjaya

nu aya dipapajangan
sarawuh di pakalangan
neda agung nya paralun
neda panjang nya hampura
ka luhur ka Sang Rumuhun
ka handap ka Sang Batara
ka Batara ka Batari
ka Batara Nagaraja
ka Guruputra Hiyangbayu
Seuweu ratu nu diumut
seuweu menak nu disembah
diumut ka para ratu
disembah ka pada menak
apsari eukeurna leutik
apsari eukeurna budak
tibang jaya karantenan
nangtung dina kuwung-kuwung
mapay dina teja mentrang
mipir kana katumbiri
nyukang kana kilat panjang
nyeleket ka panonpoe
muntang ka jukut palias
mangkana hejo wilulang
bade kaimpungan bujang
tanggal bulan panyiraman
badan panyiraman badan
turun ti marga rahayu
nya datang ti marga padang
alam padang poe panjang
tunjung nagara sampurna
nagaraning sesembahan
aci-acining sawarga
mangkana nagara cahya
kang baka maring nabina
yakti bakti maring pangeran
ulah rek mujuk nu jauh
ulah rek neang nu anggang
sasaran pangeusi raga
mangka patitis jisimna
mangka waluya jasadna
banyoan ku panenda
mandian reujeung susuci
ngabakti reujeungna muji
mangka eling ulah lali
mangka padang ulah poho
mangka awas ulah pegat
kirim kuring buah manggis
hiji dua tilu-tilu
kaopat gula gumantel
payung tilu nungku-nungku
payung opat ngedap-ngedap
payung genep dahren-nguren
payung dalapan ngajajar
payung sariga daunna
lamun ti cai sekar keusik
lamun ti darat sekar manjah
lamun ti leuweung sekar dangdeur
lamun ti lembur sekar randu
sekar bingbin salumpirna
sekar ngenge majarane
sekar kalapa sintungan
sekar pinang kamayangan
beas beureum beas hideung
beas bodas jadi bengras
baeu bangkeut meujeuh dijungjung
ku ibu
meujeuh disangga ku rama
titihan emok ibuna
emok sila ti ramana
mangkana hejo lalakon
mangkana rambay carita
paralente bisa nyaur
capetang ngaji aksara
hade goreng dipisaur
belot bener diandelkeun
nitihna di poe kemis
medal di poe jumaah
disuhun ku nu rahayu

Candana

5. Mun kongang mah tadi peuting
hayang metik dua bentang
bakating nyaah ka hidep
lambang asih Ema Bapa
langgeng tur tanpa wangenan
hamo rek luntur ku usum
moal rek laas ku jaman

Budak Ceurik

6. Duh anaking
eling-eling mangka eling
rarabi teh gawe luhung
lain gawe dianggap gampang
pancen suci ti Yang Agung
teu bisa dipake ulin

7. Karinding kumaha suling
suling welang calung wulung
saung angklung ti Galunggung
beurang peuting mangka eling
napsu nu mangprung ngaberung
temahna matak kaduhung

8. Bagja pisan mulya pisan
nu mulus laki rabina
rumah tangga nu lugina
jadi dasar nu utama

Jemplang Titi

9. Mataholang hirup kumbuh
eunteungna teh laki rabi
anu nyangking kaadilan
taya rasa untung rugi
taya basa eleh meunang
sapapait samamanis

Kinanti Ligar

10. Runtut raut rempug-jukung
silih asuh silih asih
sukuran dina keur bagja
soleh mun pinanggih sisip
tumarima kana kadar
takwa imam ka Ilahi
Gusti nu Maha Asih

Papatet

11. Pamungkas panutup catur
ka Allah nyembahkeun sukur
ngadepkeun raga jeung ukma
neda rahmat hidayah-Na

No. : 31
Penggubah : ON
Sumber : Pusaka Sunda
no. 8/IV Agustus
1926 : 123 – 124
Bentuk : Papantunan

Pun ampun amit ampun
ka nu kagungan lembur
amit ka nu kagungan bumi
tabe ka nu kagungan bale
maap ka juraganana
nu calik jadi candoli

41. Teu kaop manggih teu ngeunah
gancang nibankeun pamasah
ragrag talak terus pisah
peta kitu laku salah

42. Ulah sok kejot borosot
ulah sok babari sewot
ngke nu susah mah kolot
mertua ge milu repot

43. Rampaan heula sing pangger
kalawan hate nu teger
sarta pikiran nu seger
ulah gampang kabalinger

44. Iwal mun geus beak dengkak
jalan dami geus ditincak
awet ge kalah ka ruksak
nya kapaksa ragrag talak

45. Talak teh sanajan halal
tapi mun teu aya asal
anu kaharti ku akal
akibatna henteu halal

No. : 30
Nama : Etty Agus (P)
tempat : Cianjur

Papatet

1. Bismillah purwaning catur
ka Yang Agung sujud sukur
neda rahmat ti Yang widi
neda rahayuning Gusti

2. Roh kudus mumbul ka luhur
ka Allah neda papayung
ka Pangeran neda suka
ka Gusti nya neda widi
rek nutur galur kapungkur
mapay laratan baheula
nukil warti nu bihari
mepeling nu jatukrami

Rajamantri

3. Ka sadaya jaler istri
muga jembar pangampura
sih haksama
seja miwulang panganten
malah mandar mawa bagja
Pinanggih rido Pangeran
Maha Suci
Rarabina panjang-punjung
sarimbagan sauyunan
silih asih pikaheman

Candrawulan

4. Ujang Nyai he anaking
Ema Apa rek balaka
jentreng kacapina hate
sereset keset pangrasa
kemprang gambang kasukaan
gung goong pangrungrum kalbu
bungah teh tanpa wangenan

25. Coba lamun urang bener
nyekel papagon nu pangger
tinangtu bojo ge bageur
nurut kalawan jalingeur

26. Nu matak mun bojo wera
Ujang ulah rek nyoara
mun nembal sok uru-ara
antukna Ujang nu era

27. Lamun rumah tangga Ujang
beres repeh herang mencrang
tangtu Ujang anu senang
mun kusut Ujang nu wirang

28. Ujang jeung bojo sing layeut
layeut silih pikageugeut
dalit lir gula jeung peueut
rasana mani kareueut

29. Imah-imah sing merenah
supaya karasa genah
dina sakur laku lampah
ulah tinggal musawarah

30. Bojo ajakan badami
peta kitu teh utami
teu cara lampah samuni
peta kitu mah teu uni

31. Lamun Ujang meunang milik
poma Ujang ulah licik
angguran ka imah balik
ambeh duaan mutrikrik

32. Reujeung kade pisan Ujang
rek boga mata karanjang
teu kaop nenjo nu lenjang
sok poho dilara wirang

33. Ujang ulah hayang nyandung
sabab moal matak untung
malahan sok matak bingung
ahirna matak kaduhung

34. Sanajan nyandung teh wenang
tapi saratna teu hampang
teu cukup ku pedah hayang
ulah pedah loba uang

35. Saratna nyandung teh adil
mun teu adil tangtu jail
nu jail sok tigurawil
jadi baturna idajil

36. Sing bisa ngukur ka kujur
sing ngaragap hate batur
napsu ulah sok diabur
kaduhung mah sok ti pungkur

37. Ujang sing bisa ngalesu
ngenyed pangajakna napsu
bisi cara sato asu
gorengna turun ka incu

38. Nu kudu dipahing pisan
ngadeukeutan palacuran
lacur hiji kalakuan
panggedena kajahatan

39. Lacur panggedena dosa
sabab nandasa manusa
kahormatan diperkosa
matak ngaruksak ka bangsa

40. Satuluyna ku anaking
salawasna kudu eling
ulah gampang langlang-lingling
teu kaop manggih kapusing

9. Ujang ulah gegelendeng
bet moal sapeuting campleng
moal datang ka lalendeng
da nyawer teh tara mindeng

10. Anaking cikeneh pisan
ku pa Naib dirapalan
ijab kabul pertikahan
jeung ngedalkeun patelekan

11. Ku ayana ijab kabul
Ujang halal campur gaul
jeung istri anu ngajentul
di gigireun Ujang tungkul

12. Tah istri teh bojo Ujang
pibatureun dina ranjang
jeung batur hirup sakandang
sakawirang sakasenang

13. Ti waktu ayeuna pisan
hidep boga pamajikan
sarta boga kawajiban
anu kudu ditohonan

14. Ujang kudu ihlas niat
pang kawin teh seja toat
reujeung seja nyiar tohmat
lain rek ngalajur sahwat

15. Lamun Ujang lepar angkeuh
sok gampang laas kadeudeuh
batan senang kalah riweuh
akibatna ti jalikeuh

16. Ka bojo hidep sing asih
rengkak polah kudu rintih
ulah sok resep cirigih
sumawonna mun babantah

17. Anaking hidep sing ngarti
bojo teh amanat Gusti
heg ku hidep pusti-pusti
anggap jimat anu sakti

18. Lamun seug eta amanat
ku Ujang henteu dirawat
pinasti hidep kawalat
cilaka dunya aherat

19. Ari peta ngarawatna
lain ngan ngurus pakena
teu cukup ku gede imahna
nu penting mah agamana

20. Bojo teh ku Ujang tungtun
papatahan sarat rukun
ibadahna sina tekun
ulah jadi istri buhun

21. Ka bojo ulah sok ngantep
disina sakarep-karep
sapedah bogoh jeung resep
bisi nyilakakeun hidep

22. Sabab dawuhan Alloh ge
bojo teh musuh teh caroge
mun ngurusna kurang hade
najan loba mere pake

23. Lamun bojo sok nyarantang
sok nyarekan ngagantawang
eta teh tamaha urang
lantaran asuhan kurang

24. Bongan urang sok taledor
atawa sok nyolowedor
salingkuh jeung toloheor
pantes ku bojo ditegor

8. Agus putra Ama Ibu
mangga nyanggakeun si geulis
budak can loba kabisa
ulah bosen nya ngageuing
ka jalan kautamaan
anu dipirido Gusti

9. Kawajiban Raden luhur
ayeuna jadi pamingpin
tanggung jawab ka Pangeran
na lahirna rawuh batin
bagjana jeung cilakana
eta pasrah ka anaking

10. Istri pandang batur hirup
hate urang sing ngahiji
ka darat jadi salebak
ka cai jadi saleuwi
sagala babadamian
entong salingkuh ka istri

11. Sakitu Bapa miwuruk
entong panjang nya digurit
pondok ge aya gunana
sok mun bener dipiati
mugi-mugi ka Pangeran
kersa ngaping siang wengi

No. : 29
Penggubah : Jasria (L)
Umur : 50 tahun
Pekerjaan : tani
Tempat : Serang

1. Hamdan lillah aladdawam
suma solatu wassalam
alannabi hoeril anam
wa uli wasohbil kirom

2. Salam tadim ka sadaya
para wargi jeung sadaya
para kanca nu marulya
nu sami di dieu aya

3. Sim kuring neda paralun
reh ayeuna kumawantun
ngadeg ka sadaya mayun
bari ngadangdingkeun pantun

4. Pantun nu mangrupi sawer
minangka diajar wanter
ulah ngeplek teuing jawer
mung pamugi ulah gehger

5. Nyawer ka nu nembe nikah
eusina wungkul papatah
pibekeleun imah-imah
sangkan runtut tumaninah

6. Lulus banglus laki rabi
cara rumah tangga Nabi
jauh ti bahla cocobi
deukeut kana rohmat Robbi

7. Ayeuna urang ngawitan
mangga geura saraksian
bilih aya kalepatan
lereskeun ku para ihwan

8. Panganten lalaki heula
heg regepkeun masing rela
ulah bari ngarasula
wayahna da moal lila

No.	:	28
Penutur	:	Komalasari (P)
Umur	:	21 tahun
Pekerjaan	:	Juru sawer
Tempat	:	Bandung

Dandanggula

1. Pangapunten neda pangaksami
neda jembar kalanggengan manah
ngababar bobot pangayon
nyuwun lunturing kalbu
mugi kersa masihan widi
seja nyelang nyawer heula
nutur galur buhun
cacandran ti para moyang
susuganan jadi bibit hirup hurip
ngalap karahayuan

2. Enden Eulis jeung raka sarimbit
ieu Bapa nampi kahormatan
estu matak bungah hate
ngawakilan tuang Ibu
rawuh rama sakulawargi
miwuruk sakadarna
kagegelan sepuh
mugia keresa nampi
tungkus tingkes simpen dina jero
ati
sangsangkeun na pangrasa

3. Geura tungtik marganing raspati
geura teang na alam sareat
ulah kajajaten ku lemek
ulah ukur catur bukur
geura ulik masin gkaharti
kudu pedar ku lampah
wujudkeun ku kalbu
nyebat maripat ku tata
tetes tandes netepan beuki sajati
malar kawilujengan

Kidung

4. Nu geulis panganten istri
regepkeun masing taliti
Eulis teh nepi ka pasti
kenging rahmat ti Jeng Gusti
pek rawat sing ati-ati
sing jadi istri sajati

5. Panyurup lakuning hirup
ngaran istri nu sajati
ka caroge masing hikmat
nya ngabakti beurang peuting
istri diwajibkeun taat
ti lahir dumugi batin

6. Laku lampah sing saluyu
sing tapis ngurus salaki
ieu teh bibitna cinta
aya salah silih geuing
ku jalan babadamian
make basa anu surti

7. Kudu kukuh rawuh timpuh
masing hade nya pamilih
laku lampah paripolah
hate soleh sing katolih
sing pageuh kana panyegah
bisi kasasar nya lampah

4. Sarat utami nu perlu
perlu dicatet na ati
ati tenang nyanghareupan
nyanghareupan rupi-rupi
rupi-rupi ombak jaman
jaman nu pinuh cocobi

5. Sopan santun kedah jungjung
upamina Enung nguping
nguping wartos teu merenah
yen caroge jalir jangji
ulah sok enggal guguan
bilih pitnah ti nu sirik

6. Ramah tamah anu payus
disarengan ati suci
resep di bumi bebetah
matak resep nu ningali
caroge teu weleh nyaah
tekad nyeleweng teh tebih

7. Istri anu tukang ngatur
ngatur dina rejeki
ngeureut neundeun sing tiasa
mun saeutik kedah mahi
seueur komo kedah
seueur komo kedah nyesa
kitu teh istri binangkit

8. Ka Asep anu miwuruk
kumaha ngabingbing istri
istri teh sipatna lemah
babarian turun tangis
komo mun caroge bedang
salira sok kuru kering

9. Asep kedah budi luhur
bijaksana ngaping istri
ramah tamah sasauran
pami kalepatan istri
wurukan sing bijaksana
sareng ageung pangaksami

10. Rijki nu jadi lulugu
Asep kedah suci murni
salingkuh kedah tebihan
kedah bruk-brak sareng istri
pasti luyu rumah tangga
salamina repeh-rapih

11. Kalihna deui miwuruk
ka sepuh ulah sok lali
kedah tetep ngahormatna
supados rido ti Gusti
dina lebet rumah tangga
gampil milari rejeki

12. Pibekeleun hidep hirup
hirup-hurip laki rabi
laki rabi sabeungkeutan
henteu rek pahiri-hiri
hiji tawis kabagjaan
sugih mukti lahir batin

13. Miweling pamungkas catur
catur paneda nu ahir
muga aya kabagjaan
kabagjaan lahir batin
muga Gusti nangtayungan
amin ya Robbal alamin

2. Bur ginulur tawur rebu
tawur kencringna ti Nabi
mawat Nabi Sulaeman
sugihna dina walagri
beungharna dina waluya
enggoning nataran diri

3. Bur ginulur koneng hurung
lir balebat Dayang Sumbi
Lambang temen tinemenan
geus bisa nyingraykeun peuting
geus bisa mukakeun beurang
sangkan salamet nya diri

4. Da hirup mamawa tangtung
da lahir mamawa diri
sing belejag sing jugala
hirup dibarung ku hurip
sing bisa nyangkal buana
sora handaru ka langit

5. Saur Rasulullah estu
rejeki mah terus puhit
kawas arek hirup lana
tapina kudu sabanding
jeung ibadah nu tong pegat
sing kawas ajal rek tepi

6. Tah kitu lamun dicrukcruk
eusi sawer teh anaking
lain ngan saukur beas
jeung koneng anu disiksik
ditambah ku rupa uang
tapi silib ngajak surti

7. Tegesna hirup sing cukup
ngakal ngakeul eta misti
ngakal sing bisa usaha
ngakeul hartina teh milik
keur hirup hidep duaan
dina jero laki rabi

No.	:	27
Penutur	:	Nenden Asyani
Umur	:	29 tahun
Pekerjaan	:	Karyawati RRI
Tempat	:	Bandung

1. Bismillah maksad mihatur
ka sadaya nu lalinggih
ieu abdi kawakilan
ku sepuh nu jatukrami
nyawer anu jadi adat
nyawer mangrupi weweling

2. Panganten istri ti payun
anu bade diweweling
kabungahan ibu rama
ngurus Enung ti aalit
dugikeun ka dewasana
aya takdir ti ilahi

3. Kiwari cunduk ka waktu
waktuna anu mustari
mustari geusan rendengan
jodo kadar ti ilahi
nu teu kenging dihalangan
jodo sami sareng pati

sungkan tebih saeutik
kahayang terus ngariung
alim tebih papisah
sono bogoh hamo laas salilana

13. Lamun istri humandeuar
renghak-renghik rada rungsing
enggal ku Asep caketan
renghikna teh ngandung harti
pameget kedah surti
da istri mah lamun gandrung
teu wani terus terang
batan wakca kajeun ceurik
ambek nyedek murang-maring
teu kantenan

14. Ayeuna dongkap waktosna
mepelingan anu geulis
ka caroge kedah ramah
sing jadi istri sajati
satia suci ati
ulah rek sumput salindung
salingkuh jeung minteran
sanaos dibuni-buni
awal ahir rusiah tangtos kabuka

15. Kedah sabar tur tawekal
kana rijki kedah apik
omat ulah roroyalan
gumeulis hayang kapuji
naha--nahapkeun diri
ulah rek gede timburu
mitenah goreng sangka
tadah-tuduh tanpa bukti
balukarna rumah tangga barun-
takan

16. Kedah rintih asak sasar
sangkan hirup repeh-rapih
mun caroge datang nyaba
papagkeun ku budi manis
kitu laku pinuji
tawisna istri satuhu
lamun raka tos palay
ulah jongjon nongton tivi
enggal bujeng bilih hoyong di-
peuseulan

Dangdanggula

17. Mugi paramitra luntur galih
kersa ngiring ngarojong ku do'a
sipados ieu panganten
salamet panjang-punjung
panjang yuswa parek rejeki
bagja dunya aherat
rahayu marulus
pinareng rahmat kurnia
amin, amin, amin ya Robbul
alamin
dikabul sapaneda

No.	:	26
Nama	:	Nunung Sobariah (P)
umur	:	28 tahun
Pekerjaan	:	Juru sawer/Angg. DPU
Tempat	:	Bandung

1. Bur ginulur pulung deru
pulung deru ti Dewi Sri
beas beureum beas bodas
beureum ngabeubeureuman getih
bodas ngabodasan tulang
geusan ngaringkangkeun diri

2. Sawer mangrupi piwuruk
ka ieu dua sajoli
anu nembe diakadan
ngikrarkeun jangji pasini
numutkeun hukum agama
nu ngeunaan laki rabi

3. Hidep parantos ngadahup
ngadahup ngajadi hiji
babarengan rumah tangga
paturay ti kadang wargi
sapu nyere pegat simpay
macakal hirup mandiri

4. Omat kudu runtut rukun
ka cai jadi saleuwi
ka darat jadi salebak
sakanyeri sakapeurih
sabagja sacilaka
sapapait samamanis

5. Ulah rek ngalajur napsu
pipisahan napsi-napsi
pagirang-girang tampian
rijki saeutik sing mahi
loba kudu bisa nyesa
sangkan tengtrem repeh-rapih

6. Kudu suhud nungtut elmu
kudu rajin nyungsi harti
kudu rosa nyiar harta
tapi omat kudu eling
ulah hirup kajongjonan
lali kana purwa daksi

7. Ulah sombong gede hulu
mun dipareng gede milik
sugih mukti luhur pangkat
lubak-libuk loba rijki
pacuan rek belang bayah
sirik pidik ka nu leutik

8. Kudu tungkul kana jukut
ngalirik nasib nu leutik
kudu tanggah ka sadapan
malar maju nyaring pikir
motekar daek ihtiar
sangkan bagja sugih muti

9. Kudu nulung ka nu butuh
gumati ka pakir miskin
kudu nalang ka nu susah
hirup Gusti waras abdi
someah nyaah ka semah
ramah tamah welas asih

10. Ulah ngantun rukun sujud
ibadah nyembah ka Gusti
di dunya ukur ngumbara
hirup katungkul ku pati
maot teu nyaho di mangsa
titis tulis ti ajali

Sinom

11. Husus kanggo pamegetna
ka istri kedah gumati
kedah sabar tur tawekal
mun istri kurang pangarti
kedah tiasa ngatik
kedah diasuh diwuruk
ulah getas harupat
sangkan istri beuki asih
batan bosen kalah nambahan
duriat

12. Sok henteu kaop paturay
nguyung lir boga kanyeri
tuang leueut teu mirasa
nineung ka pupujan ati

8. Hirup hurip matanggelang
lauk laut mere silib
awakna teu katepaan
sanajan caina asin
mandiri dina pribadi
henteu kairid ku batur
mangpaat keur nu lian
jadi pamungpungan asih
lalakonna tiis ceuli herang mata

Ya Alloh nu Maha Agung
muga waluya walagri
ilang halangan harungan
hirup runtut rukun
Gusti nu nangtayungan
muga panggih tawekal wibawa mukti
salamet dunya aherat

Dangdanggula

9. Para sepuh miwah wargi-wargi
ngan sakadar mere tuduh jalan
ngajurung ku du'a bae
jalan sampurna hirup
muga catet dina ati
bapa tangkal darajat
indung mah rahayu
eling ka asal tadina
dibarengan bakti sumujud ka Gusti
kun payakun jadina

10. Jalan hirup dina laki rabi
ngembat-ngembat enggeus narawangan
muga sing panjang lalakon

Kidung

11. Cunduk dikidungan waktu
geura pek geura sayagi
beber layar jait jangkar
ngambah samudra rarabi
bapa jeung ema nu jajap
gugupay sisi basisir

12. Siloka sawer karuhun
kunir diawur ku kunir
beas diawur ku beas
duit diawur ku duit
moal kurang sandang pangan
pibekeleun laki rabi

Rahayu anu rendengan
rahayu lahir jeung batin

No. : 25
Penggubah : Moh. E. Hasim (L)
Tempat : Bandung

Kinanti

1. Assalamu'alaikum
ka sadaya para wargi
kanca mitra pamiarsa
sepuh anom murangkalih
mugi jembar pangampura
sim kuring bade mepeling

No.	:	24
Nama	:	Nina K. Sopandi (P)
Umur	:	22 tahun
Pekerjaan	:	Juru sawer
Tempat	:	Bandung

Kidung

1. Puji sukur ka Yang Agung
   Gusti anu Maha Suci
   nu uninga saniskara
   neda widi neda ilham
   seja ngucapkeun kanyaah
   ka anak titipan Gusti

2. Neda pangjurung kasuhun
   berkahna ti alam gaib
   muga ngiring nangtayungan
   amit ka anu sarumping
   bade nyelang nyawer heula
   nohonan tali paranti

Jemplang Bangkong

3. Sawer du'a jeung pangjurung
   karodo kadeudeuh indung
   (nu ngandung)
   pangyuga kanyaah bapa
   hidep ayeuna rendengan
   (rendengan)
   kudrat iradatna Alloh
   Bapa suka liwat saking
   Ema cacap nya kabungah
   ginuluran rahmat Gusti

4. Kanyaah taya anggeusna
   paneda taya kendatna (Ku asih)
   kamelang tetep ayana
   najan hidep geus rendengan
   (ku deudeuh)
   Nya hidep panyambung galur
   nya hidep panyilir getih
   lunjaran manjang turunan
   pamatri tatali rabi

Jempang Serang

5. Laki rabi teh mandiri
   sagala kuma sorangan
   hidep teh masing rancage
   sadar sabar jeung tawekal
   ihtiar keur modalna
   repeh-rapih reujeung batur
   sumawon urang jeung urang

6. Teangan pituduh yakin
   sungsi sajatining sembah
   hidep ulah weleh-weleh
   masing kapanggih rasana
   baca awak sorangan
   paluruh jangkarna hirup
   pancerna Maha Kawasa

Sinom

7. Ngambah jagat pawenangan
   saingkig nepikeun harti
   salengkah nepakeun luang
   ajirna diri pribadi
   masing reugreug lahir batin
   masing ajeg laur tangtung
   babakan kamanusan
   kudu ngarti jeung kaharti
   masing bisa nepungkeun aing
   jeung urang

No.	:	23
Penggubah	:	Tati Mulyati (P)
Umur	:	35 tahun
Pekerjaan	:	Juru sawer/Angg. DPU
Tempat	:	Bandung

1. Ninggang mangsa nu utama
nitih wanci nu mustari
pasang subaya laksana
jangji pasini ngajadi
biidzni ilahi robbi
Ujang jeung Nyai ngadahup
ceungceum tineung duaan
petetan pamageuh asih
ngajanggelek jadi tahta rumah
tangga

2. Nyai ti wangkid ayeuna
sanes murangkalih deui
nu gumantung ka apingan
Emah tan Bapa sakalih
Nyai geus mandiri
Bapa jeung Emah jumurung
bral Nyai jeung panutan
pangdunga sepuh ngabanding
mungguh hukum Nyai jeung
Emah paturay

3. Leupas lepas amanat Yang Widi
ti panangan Emah kalih Bapa
ti awit getih satetes
tug aka salambar rambut
kalungguhan ingkah barobih
Nyai muga sing terang
mungguh jalan hirup
paselang mudun jeung nanjak
bagentenan bungauh jeung sedih
prihatin
anaking pileuleuyan

4. Cisoca di galeuh asih
jajap ka hidep duaan
mihape cepil jeung panon
hayang endah titingalan
hayang halon kukupingan
dareuda pangjurung laku
beber layar tarik jangkar

5. Anaking Ujang jeung Nyai
tuh paneka kahuripan
pek sorang montong sabongbrong
bekelna iman jeung ihsan
takwa ka Allah Taala
anaking sing lulus banglus
ngudag karido Pangeran

6. Pamungkas ka sadayana
para sepuh kadang warga
neda jiad pangdu'ana
ka Pangeran nu Kawasa
mugi pun anak nu dua
ginanjar rahmat Mantenna

Amin ya robbal alamin
mugi Alloh nyubadanan

9. Teu aya gunung pitulung
teu aya gudang rejeki
nu moal aya bedana
lian ti Gusti Yang Widi
mana ulah dijauhan
malah sing nepi ka dalit

10. Cekapkeun bae sakitu
mugia hidep anaking
panjang-punjung panjang yuswa
jauh bahla parek rejeki
ginanjar kawilujengan
amin ya robbal alamin

No. : 19
Penggubah : Iim Ibrahim (L)
Umur : 42 tahun
Pekerjaan : Peg. negri
Tempat : Bandung

1. Amit-amit nawaetu
seja nepikeun hariring
haleuang lambang katresnan
keur hidep jimat anaking
ti nu jadi indung bapa
mangga dumadi anaking

2. La ilaha Illallohu
anu Maha Tunggal Gusti
jembar dadamelanana
eusi bumi eusi langit
kaasup nya hidep pisan
salira deudeuh anaking

3. Anu wening anu arum
anu herang dumalingding
nya hidep geus boga jangjang
kiwari rek nedel bumi
sampiung ka papantunan
papantunan nu anaking

4. Arek nyusul alak paul
kahuripan lahir batin
rek neang benteang sulintang
udageun satungtung nyaring
pipiteun hidep duaan
ageman hidep anaking

5. Najurung ka nu lumaku
ngajaring ka nu rek indit
jgajurung dumeh niatna
ngajaring ku dumeh asih
kedalna mangrupa du'a
waluya hidep anaking

6. Sing wawuh ka tungtung ingsun
sing dalit ka sanubari
satangtung jeung ki sorangan
sadiri jeung ki awaking
ulah arek sisirangan
pacuan deudeuh anaking

7. Sakitu pamuga cukup
teu cukup tambahan deui
ditambahan ku sorangan
ku tapak lacak pribadi
peguneman padungdengan
jeung diri hidep anaking

Amin ya robbal alamin
mugi Gusti nangtayungan

No. : 20
Penggubah : Diding Riswandi (L)
Umur : 30 tahun
Pekerjaan : Juru sawer/Karyawan DPU
Tempat : Bandung

Asmarandana

1. Nitih wanci nu mustari
ninggang mangsa nu utama
Nunung jeung Deddy ngajodo
lain jodo ti nu lian
estu kahayang sorangan
kalawan pangjurung laku
ti dua pihakanana

2. Lalakon Nunung jeung Deddy
ti danget ayeuna pisan
geus robah ti nu bareto
can mancat alam sawawa
ngantunkeun alam rumaja
ku tanggung jawab kajurung
na wangunan rumah tangga

Sinom

3. Tuh paneka kahirupan
hareupeun hidep sakalih
kudu dilampah diambah
taliti jeung ati-ati
lumaku tartib taliti
kalawan rido Yang Agung
modalna anu utama
nu tilu bisa saluyu
ajeg guna kahadean
hade basa hade budi
iman ihsan eta sagala-galana
ringkes kecap panjang harti
iman ihsan padoman hidep duaan

4. Iman sing teges percaya
yen sakabeh nu kumelip
taya binana ti wayang
ihsan hartina ngan hiji
lampah ucap jeung ati

5. Pamungkas ka nu araya
ka sadaya kadang wargi
disuhunkeun leah manah
kanggo pun anak sakalih
pangdu'a ti ati wening
muga mangka panjang punjung
kenging rohmat jeung sapaat
salamet lahir jeung batin
disarengan ku aosan alfatihah

No. : 21
Penggubah : Ida Widawati (P)
Umur : 26 tahun.
Pekerjaan : Juru sawer
Tempat : Bandung

Sinom

1. Nu nyora nya lelembutan
nu usik nya eusi batin
kanyaah ibu jeung rama
ka diri hidep anaking
dina wanci nu mustari
mangsa hidep nawaetu
seja awit mitembeyan
niat hirup laki rabi
muga-muga hidep sing bisa
nampana

Asmarandana

2. Yeuh geulis anaking
tangkai nyawa kembang soca
hidep dirahmat Yang Manon
kenging jodo ti Pangeran
beunang mupakat duaan
kajurung pangdu'a sepuh
salamet geus dirapalan

3. Ibu ka hidep meredih
hidep sing sabar tawekal
dibarengan manah soleh
dina ngolah rumah tangga
mangkade sing sauyunan
poma tong ngalajur napsu
nu matak ruksak salira

4. Sing apik ngajaga diri
tina gogoda rancana
beurang peuting ulah meleng
neneda ka Nu Kawasa
sangkan rumah tangga urang
pinarengan lulus.mulus
tebih tina pancabaya

Kinanti

5. Mungguh rumah tangga tangtu
lir kapal jero jaladri
garwa minangka layarna
caroge lir juru mudi
di lautan satujuan
sapapait samamanis

6. Guguru ka lauk laut
sanajan caina asin
awakna teu katepaan
mandiri dina pribadi
mangpaat keur anu lian
jadi pamungpungan asih

7. Lamun rumah tangga runtut
silih asih beurang peuting
sawarga pindah ka dunya
genah ngahenang ngahening
hirup pamanggih sugema
laki rabi suka ati

8. Mangka ajeg laur tangtung
masing reugreug lahir batin
ngambah jagad pawenangan
saingkig nepikeun harti
salengkah nepikeun luang
ajirna diri pribadi

Kidung

9. Diruhun pangjurung indung
diaping pangjaring batin
dirumat pangyuga bapa
dikemitan ku kaasih
disimpay renghap kanyaah
ditimang diayun ambing

No. : 22
Penggubah : Odang Ridwan (L)
Umur : 40 tahun
Pekerjaan : Juru sawer
Tempat : Bandung

1. Nitih wanci nu mustari
ninggang mangsa nu utama
Ujang Nyai ngarendeng
sanggeus rengse bieu pisan
kalawan widi Pangeran
diwengku tali usikum
salamet geus dirapalan

2. Jodo bareunang pribadi
lain kahayang nu lian
lain amprok pangreremo
estuning pokal sorangan
beunang mupakat duaan
kajurung kadoa sepuh
ti dua pihakanana

3. Dihin pinasti kapanggih
pasang subaya kasorang
lalakon hirup teh sejen
ayeuna jadi duaan
geus ninggalkeun alam budak
ti dinten ieu ka payun
hidep cat mancat sawawa

4. Sanggeus kawengku usikum
lalakon Nyai teh robih
tanggelan sepuh geus lubar
amanat Gusti Yang Widi
ti panangan ibu rama.
ngalih ka caroge Nyai

5. Ngahiji welasan taun
sapapait samamanis
Nyai katut ibu rama
ti dinten ieu mah tebih
Nyai kagungan panutan
payunaneun siang wengi

6. Mung wiat tingal jeung dangu
kahoyong teh tiis ceuli
herang mata titingalan
bral Nyai jungjunan ati
bral angkat bral pileuleuyan
pidu'a mah mo sak deui

7. Payuneun caroge Nyai
sulur ibu rama Nyai
kapan tah eta gentosna
pileuleuyan jimat ati
ngambah laut kahirupan
bral angkat sosoca batin

8. Ya Allah nu Maha Agung
abdi neda disakseni
danget dinten ieu pisan
nyanggakeun amanat Gusti
ti abdi lantaranana
ayeuna geus ngalih deui

9. Pamungkas ka nu karumpul
banget neda rido galih
pangjurungkeun ku pangdu'a
malar pun anak sakalih
dirahmat ku nu Kawasa
ku kecap muji ka Gusti

hapunten anu katampi
dina pareng aya cela cangcalana.

7. Langkungna du'a pangruat
ka sugri arwah nu demit
nu katalar nu kaliwat
kakeset bilih kasuat
nu kabulat nu kabeulit
neda amit neda lulut
temahna neda hasiat
diruat sing hade widit
sing mapahat mangfaat dunya
aherat.

8. Ka sadaya para mitra
sugri nu hadir nyakseni
neda ridoningpidu'ana
muga Gusti Maha Suci
Allah Robbul Izzati
maparin jalaning maju
ieu toko jadi marga
jadi jalan sugih mukti
boh keur dunya boh keur aherat
jadi bagja.

No.	:	34
Penggubah	:	Wahyu Wibisana
Umur	:	48 tahun
Pekerjaan	:	Karyawan Dep. P & K Prop Jawa Barat.
Tempat	:	Bandung

1. Eling-eling angin rintih
nu nebak ka lelembutan
muga ngoyagkeun panganten
ngoyagkeun sanubarina
dumeh ayeuna waktuna
ngitung ngukur nu dipaju
sabadana dirapalan

2. Panganten pameget istri
tatahar indit-inditan
lir rek muru hiji pulo
pulo bagja kahirupan
kahirupan rumah tangga
rintih bandungan parahu
di katuhu jeung di kenca

3. Kudu tetep ati-ati
nyaho kana lilinggeran
sangkan parahu teu moyeg
lajuna kudu saimbang
palias dengdek ka kenca
ulah beurat ka katuhu
bisi karem di sagara

4. Baheula dirauk-rauk
ku ramo diajak ulin
ka mana eunteupna julang
kana pipi Ki Awaking
kana tarang Ki Sorangan
hidep seuri suka-ati

5. Ayeuna dirauk-rauk
Si Julang eunteup ka mendi
ka dieu ka rumah-tangga
meunang ngimpleng meunang
milih
meunang ngadegkeun duaan
nedunan jangji pasini

6. Laku julang hade tiru
sapapait - samamanis
dina hirup babarengan
tara sok pahiri-hiri
pada nyaho kawajiban
kawajiban masing-masing

7. Tah sakitu pepeling
weweling
muga tungkus dina lelembutan
ku hidep nu pangantenan
ieu teh pesen sepuh
nu nyaahna salahir-sabatin
minangkana mah mekelan
sing nanjung rahayu
medal tina rasa nyaah
salawasna sepuh mah muntang
ka Gusti
ngadungakeun waluya.

No.	:	35
Penggubah	:	Wahyu Wibisana
Umur	:	48 tahun
Pekerjaan	:	Karyawan Dep. P & K Prop Jawa Barat.
Tempat	:	Bandung.

Asmarandana

Bismillah asmaning Gusti,
rahman rahim sipat mulya,
anu murba alam kabeh,
ka Mantenna sugri sembah,
hu Allah alhamdulillah,
reh dinten ieu saestu,
ngersakeun nurunkeun bagja.

Ka panganten jaler istri,
Neng Emma reujeung Cep Tatang,
nu rek mangkat ngalalakon,
dina hirup rumah tangga,
bral balayar tarik jangkar,
nawaetu rek rahayu,
jauh tina panca baya.

Gerentes sepuh sakalih,
utamina ti Pa Rachmat,
digurit mangrupi sawer,
haleuang eusi piwulang,
eung dunga kasalametan,
pikeun ngambah hirup kumbuh,
tungkuseun Emma jeung Tatang.

Kinanti

Panganten anu dipayung,
ku cawiri emas kuning,
mugia ditangtayungan,
ku Allah Rabbul Izati,
Dat Tunggal Nu Maha Akbar,
nu kagungan bumi langit.

Bur sawer tawur tinawur,
diriring-riring hariring,
pituah dina siloka,
sing katampi sing kasurti,
ku manah nu wijaksana,
ku hidep deudeuh anaking.

Bokor pinuh ku piwuruk,

keur panganten jaler istri,
beas lambang hirup awak,
jadi getih jadi daging,
hidep duaan sing waras,
walagri jauh kasakit.

Koneng temen lambang junun,
temen-tinemenan gilig,
mun boga hiji udagan
susul sing nepi ka bukti,
ku tanaga jeung pikiran,
bari ngadunga jeung eling.

Hirup laur-laur nanjung,
mugia pareng pinanggih,
lambangna mangrupa uwang,
harta banda nu dipambrih,
nu halal reujeung masalahat,
ambeh diri tetep bersih.

Eta silib saur sepuh,
dina sawer jeung hariring,
pituduh hirup di dunya,
tapi anaking tong lali,
bekel hirup di aherat,
nurutkeun Islam iseli.

Bongan Emma Tatang puguh,
jadi muslimat jeung muslim,
tangtu eta pangakuan,
jeung kayakinan 'na ati,
seja dijalankeun enya,
ti lahir nepi ka batin.

Ya Allah Nu Maha Agung,
tangtayungan 'yeu anaking,
pun Emma reujeung pun Tatang
laki rabina walagri,
salamet dunya aherat,
amin ya Rabbul alamin.

No.	:	36
Penggubah	:	Ki Umbara; L
Umur	:	68 tahun
Pekerjaan	:	Pens. Kep. SMP Muslimin Bandung
Tempat	:	Bandung.

1. Rarepeh pameget istri, ieu rek ngawuruk putri, piwuruk terus jeung satri, supaya jadi pamatri.

2. Kuring isin mah kantenan, ku sadaya nu mayunan, disebatkeun nanaonan, ngalilakeun ka oganan.

3. Tapi neda suka lilah, da ieu rek nyawer heula, nukakeun pada kaula, sakieu mah moal lila.

4. Ngaluangkeun sakieu mah, padamelan nu di imah, mokaha lain percumah, ngalap ganjaran walimah.

5. Jeung ieu ucap-ucapan, lain heureuy karesepan, lamun leukeun ngalantipan, hasilna antep-antepan.

6. Ya Alloh anu Kawasa, nu maparin ni'mat rosa, mugi ieu paribasa, nyangsang 'na ati manusa.

7. Baeu bangkeut nu saranten, nu mahal ti batan inten, darangukeun ku maranten, pitutur hasil teu kinten.

8. Hiap ka dieu istrina, urang wuruk pangheulana, Nyai sing hade nampana, piwuruk alap eusina.

9. Mun kasumpingan tatamu, sing singer ulah kumumu, nulak wiwirang sing timu, ambeh caroge teu nyemu.

10. Elingkeun masing ngalemah, mun caroge teu di imah, ulah rek nyaba percumah, pelesir seug ngadon nyemah.

11. Jeung mun rek angkat-angkatan, masing beres nya pamitan, kade ulah sosobatan, jeung istri lenger bengbatan.

12. Tatapi di panyabaan, ulah ngeunah kalilaan, liwat tina pasejaan, bisi manggih pacelaan.

13. Lamun arek barang bikeun, anu patut diragemkeun, kade ulah disidemkeun, memeh sok kudu bejakeun.

14. Ambeh ku nu diberena, dialuskeun duanana, salaki ngeunah manahna, malik ka Nyai asihna.

15. Geus tamat muruk istrina, hiap kari pamegetna, ujang poma sing nyantana, daerehdeh hade budina.

16. Ka bojo masing prayoga, ulah sok nyiar cecega, ulah nyapirakeun harga, awewe moal kaduga.

17. Nyaeta kudu nykakeun, ulah kumaki ngepeskeun, ngahuap jeung nyapirakeun, sok matak malik nyusahkeun.

18. Bangsa anu leuleutikan, lamun boga mimilikan, terangkeun ka pamajikan, ulah salingkuh tiktikan.

19. Mun ka bojo niat pelit, tangtu hatena nyungkelit, manana nurut anggur sengit, anjogna papelit-pelit.

20. Tah kitu bisi teu nyaho, tuluyna silih dodoho, mana kudu ulah poho, kudu bawa sakanyaho.

21. Jeung lamun hayang nyerahkeun, ulah gawok diturutkeun, kudu ditahan reureuhkeun, sing asak beuweung-utahkeun.

22. Kudu layeut reujeung bojo, masing bur beureum bur hejo, loba ketan loba kejo, kolot sina ngeunah nenjo.

23. Hade budi ka pangampih, jeung tatangga runtut rapih, pambrih loba anu asih, menak kuring wedi asih.

24. Mugi tetep ka-Islaman, maot mugi mawa iman, di dunyana masing aman, ayeuna geus ahir jaman.

25. Masing kukuh ka sasaka, kudu inget ka pusaka, ulah heroy ku salaka, kudu hayang meredika.

26. Kudu pageuh ka tuturan, baheula teh Pajajaran, anu mimiti nyauran, ulah sok katalanjuran.

27. Kuring nyawer teh geus rengse, sakitu kuring nya jampe, sugan sakitu ge sampe, lumayan keur baris kope.

28. Ongkoh lamun papanjangan, isin temen ku ondangan, geus ngurubuk patuangan, ngantos-ngantos pamasangan.

29. Mangga atuh peribumi, ieu panganten geus lami, geura calikkeun ka bumi, dina amparan nu resmi.

– * –

BAB VI KESIMPULAN DAN SARAN

5.1 Kesimpulan

Puisi sawer bahasa Sunda masih hidup dan berkembang di Jawa Barat.

Pada taraf permulaan puisi *sawer* berfungsi magis; timbul karena kepercayaan kepada roh halus dan kekuatan tertentu, dan dipergunakan untuk memohon perlindungan dan keselamatan. Kemudian berfungsi sebagai alat pendidikan untuk menyampaikan nasihat-nasihat moral, sosial dan keagamaan, dan dalam perkembangan lebih kemudian berfungsi juga sebagai hiburan.

Pagelaran *sawer* mempunyai kedudukan penting dalam lingkaran hidup masyarakat Sunda, dan berhubungan erat dengan ritus inisiasi, yakni peralihan status.

Pagelaran *sawer* dilaksanakan pada berbagai upacara selamatan untuk manusia, pertanian, dan peristiwa, dan disampaikan oleh penutur yang disebut *juru sawer.* Dalam pagelaran itu dilengkapi dengan berbagai sesajen dan peralatan tertentu yang bersifat simbolis dan bernilai ritual.

Puisi *sawer* disusun oleh para penggubah yang umumnya juga sebagai juru sawer. Di Jawa Barat penggubah dan penutur umumnya sudah termasuk generasi tua (41 – 88 tahun) baik wanita maupun pria. Yang terbanyak berasal dari kabupaten Bandung (32,4%). Puisi *sawer* dituturkan oleh juru sawer dengan cara lisan di luar kepala, dan dengan cara membaca teks. Juru sawer yang tidak menggubah sendiri mendapatkan puisi *sawer* dari keluarganya secara turun-temurun, dari penggubah, dan dari kumpulan puisi *sawer* yang telah dibukukan. Para juru *sawer* melakukan kegiatan *nyawer* tidak sebagai profesi, tetapi pekerjaan sambilan. Hanya 7% saja yang menjadikannya sebagai profesi. Semua penutur mempunyai minat terhadap kesenian tembang, karena 98% dari puisi *sawer* disampaikan dengan cara ditembangkan. Sebanyak 35,2% dari juru sawer telah melakukan kegiatan sejak zaman

sebelum perang (sebelum tahun 1945). 89% dari puisi *sawer* dibawakan tanpa musik pengiring. *Sawer* pada upacara pelantikan corak baru diiringi musik, terutama musik gamelan. Penggubah dan juru sawer pada tingkat permulaan dianggap sebagai ahli magi, kemudian sebagai pendidik yang menyampaikan nasihat-nasihat, berwibawa, dan berpengetahuan cukup tentang agama dan moral, dan akhirnya dianggap juga sebagai penghibur yang menggelarkan seni tembang.

Puisi *sawer* yang ada di Jawa Barat dilihat dari bentuknya termasuk puisi terikat, puisi semi terikat, puisi bebas, dan prosa. Ke dalam puisi semi terikat, puisi bebas, dan prosa. Ke dalam puisi terikat termasuk bentuk syair (58,8%); jumlah yang terbanyak dilihat dari baitnya, *pupuh* (26,4%), dan sisindiran (0,3%). Ke dalam puisi semi terikat termasuk bentuk *papantunan* (2,1%), *kawih* (3,7%), dan dua, tiga, empat, lima, enam seuntai (6,3%). Puisi bebas berbentuk sajak bebas (2,2%). Selain prosa biasa (0,1%) terdapat bentuk prosa lirik (0,1%).

Menurut jenisnya dapat dibedakan atas puisi *netes* Sapar, puisi *sawer tingkeban*/kandungan, puisi *sawer* bayi, puisi *sawer* khitan/gusar, puisi *sawer* pengantin, puisi *sawer* ruatan, puisi *sawer* mayat dan *sawer* batin. Yang masih banyak ditemukan ialah puisi *sawer* pengantin (68,8%), dan puisi *sawer* khitan (17,5%). Puisi *sawer* tingkeban, puisi *sawer* bayi, dan *sawer* mayat dan *sawer* batin sama sekali tidak didapat dalam pupuan. Dua puisi *sawer* terakhir umumnya tak dikenal lagi.

Isi teks puisi sawer umumnya mengenai nasihat. Pada sawer tradisional bentukan lama, yang biasanya dalam bentuk *papantunan* dan syair terdapat pola-pola baku pemerian, sedangkan pada teka bentukan baru pola tradisional telah ditinggalkan. Pada puisi sawer tradisional selalu diperikan tentang perkembangan bayi dalam kandungan sampai saatnya lahir. Nasihat sering tidak ditujukan langsung kepada yang diselamatkan, tetapi berupa doa sebagai ruatan.

Nasihat terutama mengamanatkan agar manusia (bayi, anak, ibu, pengantin, pegawai, pemimpin dsb.) berperilaku baik dalam hubungan kekeluargaan, suami isteri, hubungan sosial, teguh pendirian, dan takwa kepada Tuhan.

Puisi *sawer* umumnya tersusun menjadi tiga bagian, ialah pembukaan, inti, dan penutup. Pembukaan umumnya berisi permohonan maaf kepada Tuhan, dewa, Nabi, wali, leluhur, hadirin, untuk melaksanakan *sawer*, sedang bagian penutup berupa doa bagi yang diselamatkan, keluarga, dan hadirin agar mendapat keselamatan dan rakhmat Tuhan.

Bahasa yang dipergunakan umumnya bahasa yang lugas. Bahasa yang magis simbolis seperti dalam puisi *sawer* bentuk *papantunan* tradisional sudah

jarang dipakai. Tingkat bahasa yang dipakai ialah halus dan sedang. Bahasa yang dipergunakan pada teks syair sebagian besar (96,2%) kurang tersusun dengan baik, karena terikat oleh kaidah syair yang kaku. Pada teks yang mempergunakan bentuk *pupuh* bahasa lebih lancar, dan banyak teks yang sudah mempergunakan kata pilihan, memanfaatkan persajakan untuk menyempurnakan gubahan. Beberapa teks dalam semua bentuk mengandung kelemahan bila ditinjau dari segi penggunaan kata, penempatan kata, penyusunan kalimat, dan pemakaian kata yang bukan bahasa Sunda, tetapi bahasa Jawa, Indonesia, dan bahasa asing.

Di dalam perkembangannya puisi sawer bahasa Sunda mendapat pengaruh lingkungan, yakni dipengaruhi oleh pandangan hidup anggota masyarakat sekelilingnya, dan juga pandangan hidup penggubah dan penuturnya sendiri. Pengaruh itu menyebabkan perubahan dalam kesempatan mengadakan selamatan, kekerapan menggunakan puisi *sawer*, penyusunan teks, pelaksanaan (cara) *nyawer*, kelengkapan yang digunakan, peranan juru sawer.

Selamatan kandungan, selamatan bayi, selamatan ruatan, selamatan yang berhubung dengan pertanian sudah jarang dilakukan. Selamatan mayat dengan upacara nyawer hampir tak dikenal lagi, kecuali talkin kubur.

Kekerapan pemakaian puisi sawer sesuai dengan kesempatan yang diadakan itu. Dengan kata lain hanya puisi *sawer* yang upacaranya sering diadakan saja yang kerapkali dipakai, ialah puisi *sawer* khitan dan *sawer* pengantin.

Penyusunan teks sawer mengalami perubahan dan perkembangan dalam bentuk dan isi. Bentuk *papantunan* tradisional kurang dipergunakan. Penggunaan bentuk pupuh bertambah, dan dipergunakan bentuk baru ialah kawih, sisindiran, sajak bebas, prosa lirik dan ikatan puisi semi terikat.

Pemerian perkembangan bayi dalam kandungan pada puisi *sawer* corak baru tidak dipakai lagi. Nasihat amanatnya terbatas. Jumlah bait puisi menjadi terbatas pula. Amanat yang dianggap baru ialah keharusan berbakti pada negara, yang umumnya tidak ditemukan pada puisi *sawer* corak lama.

Bahasa dalam puisi sawer mengandung dua macam perubahan, ialah pertama yang menjadi lebih banyak kelemahan dibandingkan dengan yang tradisional, karena menggunakan kata-kata bukan bahasa Sunda, dan bukan susunan kalimat bahasa Sunda; kedua yang mengalami perubahan dan perkembangan ke arah yang lebih baik, baik ditinjau dari penggunaan, penempatan, serta penyusunan kata dalam kalimatnya.

6.2 Saran

1. Puisi *sawer* Bahasa Sunda yang mengandung nilai budaya perlu dilestarikan dan dikembangkan. Dalam pelestarian dan pengembangannya perlu

ditunjang oleh usaha yang sungguh-sungguh, bukan saja oleh anggota masyarakat, tetapi juga oleh pemerintah.

2. Tunjangan dari pemerintah dapat berupa; a) dana kepada lembaga kebudayaan untuk usaha pengembangan puisi sawer tersebut, b) kemudahan dalam memperkenalkan puisi *sawer* melewati pendidikan tormal, sehingga generasi mendatang mempunyai wawasan dan kecintaan yang cukup pada budaya bangsanya.

— * —

DAFTAR PUSTAKA

Adiwidjaja, R.I. 1949. *Pancawarna.* Jakarta: Balai Pustaka.

——————— 1954. *Kasusastran Sunda I/II.* Jakarta: Perpustakaan Perguruan Kementrian PP dan K.

Alexander, L.G. 1979. *Essay and Letter Writing.* London: Longman.

Bratakusuma, R.E. dan Mas Adinata. 1952. *Sisindiran.* Jakarta: Balai Pustaka

Gazalba, Drs. Sidi. 1968. *Pengantar Kebudayaan Sebagai Ilmu* (cet 3). Jakarta: Pustaka Antara.

Hadish, Yetty K. 1977. *Sastra Lisan Sunda.* Bandung: Proyek Penelitian Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah Jawa Barat.

K. Langer, Susanne. 1959. *Philosophy in a New Key.* New York (etc): Mentor Book.

Karnamisastra, Saini dkk. 1979. *Adat dan Upacara Perkawinan Jawa Barat.* Bandung: Proyek Penelitian dan Kebudayaan Daerah Jawa Barat

Kartini, Tini dkk. 1980. Struktur Cerita Pantun Sunda. Bandung: Proye, Penelitian Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah Jawa Barat.

Kooy, John. 1934. *Encyclopedie voor Iedereen.* Utrecht: W. de Haan.

Koentjaraningrat. 1974. *Pengantar Antropologi* (cet 5). Jakarta: Aksara Baru.

——————— (red) *Kebudayaan Beberapa Suku Bangsa di Asia Tenggara* (cet 3). Jakarta: Yayasan Perpustakaan Nasional.

Muchtar, R.H. dan Ki Umbara. 1977. *Modana.* Bandung: Yayasan Mangle Panglipur.

Permadi, Drs. Eddy. 1980. Buku Pelajaran Kesusastran Indonesia. Bandung: Pelita Masa.

Mustapa, Haji Hasan. 1913. *Bab Adat-adat Oerang Priangan djeung Oerang Soenda Lian ti Eta.* Batawi

Prawirasuganda, A. 1964. *Upatjara Adat di Pasundan.* Bandung: Sumur Bandung.

Prawirasumantri, Drs. Abud dkk. 1980. *Penelitian Ceritera Rakyat di Panjalu* Priangan Timur). Bandung: Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan.

Rusyana, Drs. Yus. 1970. *Bagbagan Puisi Mantra Sunda.* Bandung: Proyek Penelitian & Folklore Sunda.

——————— 1971. *Bagbagan Puisi Sawer Sunda.* Bandung: Proyek Penelitian Pantun & Folklore Sunda.

Salmun, M.A. 1958. *Kandaga Kasusastran.* Bandung (dst); Ganaco.

Simanjuntak, B. Simorangkir. 1962. *Kesusastran Indonesia.* Jakarta: Pembangunan.

Wellek, Rene & Austin Warren. 1962 (3Rd ed) *Theory Of Literature.* New York: Harcourt, Brace.

Yulhayadi, Yuli. 1979. *Sawangan kana Sawer Panganten nu Gelar di Kacamatan Manonjaya, Kabupaten Tasikmalaya.*

— * —

Lampiran 1

DAFTAF SAMPEL DAN NAMA PENGGUBAH / PENGATUR

No. Puisi Sawer	Nama Penggubah & Penutur
Sb 1	NN
Sb 2	Abah Kar'an
Sb 3	Ibu Sangkit
Sb 4	Irah
Sb 5	Kowi
Sk 1	Tb. Afendi Sastrasuganda
Sk 2	Ibu Emon
Sk 3	Ibu Edah
Sk 4	D. Duleh
Sk 5	Jasria
Sk 6	A. Suanda
Sk 7	R.E. Adimihardja
Sk 8	Sukandi
Sk 9	Kowi
Sk 10	Drs. Ucu Wachyu
Sk 11	A. Natamiharja
Sp 1	Riadi Kartasutisna
Sp 2	Tahyan
Sp 3	Siti Mariam
Sp 4	Danuji
Sp 5	Uking Sukri
Sp 6	Samsuri
Sp 7	Maksum
Sp 8	Oyok Budia
Sp 9	Jayasurana
Sp 10	Saleh Danasasmita
Sp 11	Sukandi
Sp 12	R. Satja di Brata
Sp 13	Candrahayat
Sp 14	R. Malkan Sutadiradja
Sp 15	Hidayat Suryalaga
Sp 16	Rachmatullah Ading Afandi
Sp 17	K.S. Kostaman
Sp 18	Wahyu Wibisana

No. Puisi Sawer	Nama Penggubah & Penutur
Sp 19	Wahyu Wibisana
Sg 1	R. Satja di Brata
Spl 1	Idit Supardi Madiana
Spl 2	Drs. Enip Sukanda
Spl 3	Drs. Dudung
Spl 4	Ibu Acih
Spl 5	Maemunah
1	Wartika
2	Odang Ridwan
3	Uhi
4	I. Abandi
5	Tin Sutiani
6	Wartika
7	R. Haji Tingting
8	Uhi
9	Omo Kartamiharja
10	E. Rukmini
11	Ibu Encup
12	Okib
13	Muksinudin
14	Maemunah
15	Abah Sarkam
16	Ibu Acih
17	Memed Hamali
18	H. Dimyati
19	H. Endep Ahmad Fudoli
20	Suherman
21	K.S. Kostaman
22	Iim Ibrahim
23	Diding Riswandi
24	Ida Widawati
25	Odang Ridwan
26	Tati Mulyati
27	Nina K Sopandi
28	Moh. Hasim
29	Nunung Sobariah
30	Nenden Asyani
31	Komalasari

No. Puisi Sawer	Nama Penggubah & Penutur
32	Jasria
33	Etty Agus
34	ON
35	Atjeng Subana
36	K.H. Subrata
37	Wahyu Wibisana
38	Wahyu Wibisana
39	Ki Umbara
Jumlah	71 orang

Lampiran 2

UNSUR TEMA DAN AMANAT

NO.	TEMA & AMANAT DALAM TEKS	TEKS					JUM-LAH	%
		1	2	3	4	5		
1	2			3			4	5
1.	Permohonan ijin pada Tuhan bahwa akan diadakan upacara sawer	x	x	x	x	–	4	8,5
2.	Permohonan ijin pada hadirin dan mohon perhatian	x	–	–	x	–	2	4,3
3.	Pujian bagi Tuhan/Mantra	–	–		x	x	2	4,3
4.	Doa supaya bayi beroleh rakhmat Tuhan YME.	–	x	–	x	x	3	6,4
5.	Doa agar bayi menjadi manusia yang takwa & soleh	x	x	x	x	x	5	10,5
6.	Doa agar anak tsb. berhasil nanti selama hidupnya	–	x	x	x	x	4	8,5
7.	Doa agar ayah bunda dan semua hadirin diberi karunia Allah	–	–	–	x	–	1	2,1
8.	Doa agar segala nasihat bermanfaa bagi semua	–	–	–	x	–	1	2,1
9.	Nasihat agar jadi anak penurut pada orang tua	–	x	–	x	–	2	4,3
10.	Nasehat agar rajin mencari ilmu yang berguna; hindari kebodohan	–	x	–	x	–	2	4,3
11.	Nasihat agar tetap iman dan teguh pendirian menjalan perintah Allah	x	x	x	x	x	5	10,5

1	2	3					4	5
12.	Nasihat agar menghargai perjuangan ayah mencari nafkah	–	–	–	x	–	1	2,1
13.	Nasihat agar menginsyafi penderitaan ibu sejak mengandung	–	–	–	x	x	2	4,3
14.	Nasihat agar berbaik-baik dengan sesama teman dan famili	–	–	–	x	x	2	4,3
15.	Nasihat agar harus dermawan	–	–	–	x	–	1	2,1
16.	Nasihat agar menghargai dan bersujud pada orang tua	–	x	–	x	x	3	6,4
17.	Nasihat tidak boleh durhaka pada orang tua	–	x	–	x	–	2	4,3
18.	Harus besar hati menghadapi kehidupan	x	–	–	x	x	3	6,4
19.	Hendaklah jadi orang yang berguna bagi nusa bangsa dan agama	–	x	–	x	–	2	4,3
	J u m l a h	5	10	4	19	9	47	100

Lampiran 3

UNSUR TEMA DALAM PUISI SAWER KHITAN

NO.	AMANAT DALAM TEKS	TEKS											JML
		1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	
1.	Pendahuluan (permintaan ijin tujuan, minta disaksikan	x		x				x		x	x		6
2.	Ekspresi kasih sayang orang tua (ayah bunda)	x									x	x	3
3.	Doa ayah bunda untuk beroleh rakhmat yang Maha Kuasa								x		x		2
4.	Doa ayah bunda agar menjadi anak saleh, takwa, beriman		x				x				x		3
5.	Doa agar segala nasihat bermanfaat	x		x									2
6.	Doa agar anak yang bersangkutan berhasil nanti, baik hidup sebagai pedagang, petani, pegawai maupun dalam hidup keagamaan		x				x						2
7.	Doa agar ayah-bundanya serta semua hadirin dan diberi karunia Allah					x	x		x				3
8.	Nasihat agar menjadi anak penurut (kepada orang tua)										x		1
9.	Nasihat agar menjadi anak pandai												
10.	Nasihat agar tabah/tahan (selama) dikhitan	x				x			x	x			4
11.	Nasihat agar manfaat uang panyecep untuk pembeli barang yang berguna (kambing) untuk bekal nanti	x		x	x					x			4
12.	Nasihat agar menginsafi jasa orang tua, karena betapa besar penderitaan ibu selama mengandung	x		x	x								3

NO.	AMANAT DALAM TEKS	TEKS 1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	JML
13.	Nasihat agar perjuangan ayah untuk mencari biaya bagi kepentingan anak	x											1
14.	Nasihat agar berbaik-baik dengan sanak saudara dan teman-teman	x	x		x					x			4
15.	Nasihat agar menjaga kesehatan badan, dan melaksanakan sembahyang	x											1
16.	Nasihat agar tekun menuntut ilmu	x			x				x	x			4
17.	Nasihat hindari kebodohan	x											1
18.	Nasihat (terutama kepada ibu) jangan berani membentak orang tua			x									1
19.	Nasihat harus "heman" kepada orang tua agar hidup bercukupan tidak mengalami kesusahan			x									1
20.	Nasihat agar berpegang pada hadis dan Qur'an		x									x	2
21.	Nasihat : Pandai-pandailah memilih mana yang baik di mana yang buruk		x										1
22.	Nasihat: Amalkanlah ilmu/ ajaran Islam		x	x					x	x		x	5
23.	Wanti-wanti: berani melawan menentang orang tua, hidup tidak akan menemui kesenangan			x									
24.	Wanti-wanti: berdosa kepada ayah bunda besar sekali siksaannya, baik di dunia maupun di akherat			x									1
25.	Wanti-wanti: Apabila orang tua mendoakan, maka sesanglah hidup kita.			x									1

NO.	AMANAT DALAM TEKS	TEKS											JML
		1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	
26.	Wanti-wanti: jangan terlalu banyak berlari-larian, *kan besok akan dikhitan.				x					x			2
27.	Deskripsi : kegembiraan orang tua atas telah berlangsungnya khitanan dengan selamat dan dengan restu.		x										1
28.	Nasihat agar menginsafi jasa orang tua, karena betapa besar kekhawatiran dan kesulitan ibu memelihara anak				x					x			2
29.	Deskripsi: Makna kehidupan lahir							x					1
30.	Peristiwa khitan sebagai kebiasaan				x								1
31.	P e n g j i a d				x								1
32.	Salam dan takdim kepada semua hadirin									x			1
33.	Khitanan bukan semata-mata kebiasaan, melainkan "wajib"								x				1
34.	Harus rido berkorban harta								x				1
35.	Pandai-pandailah memilih jalan yang benar (menghindari yang salah)								x				1
36.	Permintaan maaf juru Sawer								x				1
37.	Asal mula kelahiran bayi					x	x						2
38.	Nasihat agar menjadi orang yang dan disegani					x							1
39.	Harus tegak pendirian dan berani					x							1
40.	Doa supaya mendapat keselamatan dan banyak rizki					x							1
41.	Semoga panjang umur						x						1
42.	Semoga jadi anak yang tampan						x						1
	J U M L A H	1	8	10	11	5	6	29		9	6	6	83

Tabel : TEMA / AMANAT SAWER PENGANTIN

NO. SAWER	TEMA SAWER	SP 1	SP 2	SP 3	SP 4	SP 5	SP 6	SP 7	SP 8	SP 9	SP 10	SP 11	SP 12	SP 13	SP 14	SP 15	SP 16	SP 17	SP 18	SP 19	JUMLAH
1.	Hubungan Suami Istri	v		v	v		v	v	v	v		v	v	v		v	v	v	v	v	15
2.	Hubungan anak dengan orang tua	v			v				v						v				v	v	6
3.	HUbungan Manusia dengan Tuhan	v	v		v	v						v			v						6
4.	Hubungan antar manusia dengan Tuhan	v	v				v														3
5.	Peranan harta, kegagahan, dan kecantikan dalam kehidupan		v																		1
6.	Dua kesifatan (peristiwa alami) yang datang saling berganti		v																		1
7.	Hubungan antar keluarga				v		v							v							3
8.	Hubungan mempelai dengan teman sejawat				v																1
9.	Hubungan keluarga dengan bangsa dan agama							v		v											2
10.	Hubungan manusia dengan ilmu									v					v						2
11.	Deskripsi terjelmanya manusia karena hasil Ibu, bapak dan Tuhan										v				v						2
12.	Fungsi anak dalam suatu keluarga										v										1
13.	Deskripsi manusia akan kembali dengan meninggalkan amal										v										1
14.	Hubungan amal dengan kehidupan & kematian										v										1

NO. SAWER	TEMA SAWER	SP 1	SP 2	SP 3	SP 4	SP 5	SP 6	SP 7	SP 8	SP 9	SP 10	SP 11	SP 12	SP 13	SP 14	SP 15	SP 16	SP 17	SP 18	SP 19	JUMLAH
15.	Perkawinan merupakan keharusan dalam agama											v									1
16.	Perbuatan zinah dan "bermain cinta" termasuk perbuatan hina											v									1
17.	Perkawinan merupakan perbuatan terhormatan yang harus diisi oleh perbuatan terhormat pula											v									1
18.	Pemeliharaan diri oleh sang istri											v								v	2
19.	Kerumah tanggaan dan ekonomi atau rijki											v									1
20.	Harapan kebahagian bagi suami istri																			v	1
21.	Kasih orang tua kepada anaknya tiada berujung														v					v	2
22.	Berumah tangga itu pada hakekatnya hidup mandiri														v					v	2
23.	Berumah tangga harus diridoi Tuhan															v					
24.	Rahasia kerumah tanggaan					v															1
25.	Godaan berumah tangga					v															1
26.	Kehidupan dunia akhirat					v															1
27.	Harapan orang tua								v						v						2
28.	Fungsi istri dalam berumah tangga																v				1
29.	Fungsi suami dalam berumah tangga																v				1
30.	Harapan doa kepada Tuhan, leluhur, & Dewata												v								1
31.	Gambaran kehidupan dalam perjodohan						v														1
32.	Pengantin adalah sesuatu yang agung & luhur																			v	1
	J U M L A H	4	4	1	5	4	4	2	2	4	4	7	2	3	6	2	3	1	2	7	66